

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

IGITABU COROHEREZA INGENE BIGISHA INTANGO Y'UBWISLAMU

مَنْهَج تَلْقِينِي

INZIRA YO (GUSOMA) BASUBIRAMWO.

IBIGABANE BIGUFIBIGUFI N'INSIGURO YAVYO (SURAT) – INYIGISHO Z'INTUMWA Y'IMANA (I.a.i.) (HADITHI) ZATORANIJWE MU GITABU CITWA ARUBAINI NAWAWIYYA – UDUTABU DUTODUTO TURI MU NCAMAKE MU BIJANYE N'IVYIMYEMERERE (AQIDAT) – UDUTABU DUTODUTO MU BIJANYE N'UGUTAHURA (FIQH) KURI BURI NZIRA (MADH-HEBU) YOSE – IBISABISHO VYATORANIJWE (DUA-ADHEKAR).

ICIGWA C'UGUTAHURA (BITA FIQHU) MU NZIRA Y'UWITWA HANBALI.

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ، الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ، وَالصَّلَاةُ وَالسَّلَامُ عَلَى سَيِّدِ وَلَدِ آدَمَ أَجْمَعِينَ،
 الْمُرْسَلِ رَحْمَةً لِلْعَالَمِينَ، وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَمَنْ تَبِعَ نَهَجَهُمْ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ، أَمَّا بَعْدُ:
 فَإِنَّ رَبَّنَا سُبْحَانَهُ وَتَعَالَى بَعَثَ رَسُولَهُ مُحَمَّدًا -عَلَيْهِ الصَّلَاةُ وَالسَّلَامُ- لِلنَّاسِ كَافَّةً، عَرَبِيَّهِمْ
 وَعَجَمِيَّهِمْ، أَسْوَدِهِمْ وَأَحْمَرِهِمْ، كَبِيرِهِمْ وَصَغِيرِهِمْ، دَاعِيًا إِلَى اللَّهِ سُبْحَانَهُ، وَمُبَشِّرًا وَنَذِيرًا لَهُمْ،
 فَهُوَ السِّرَاجُ الْمُنِيرُ الَّذِي يُهْتَدَى بِهِ وَيُتَّبَعُ، وَقَدْ بَلَغَ رَسُولُ اللَّهِ عَلَيْهِ الصَّلَاةُ وَالسَّلَامُ مَا أَمَرَ
 بِتَبْلِيغِهِ أَبَيْنَ بَلَاغٍ، وَحَثَّ أُمَّتَهُ عَلَى أَنْ يُبَلِّغُوا عَنْهُ، وَقَامَ أَصْحَابُهُ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُمْ مِنْ بَعْدِهِ
 بِهَذَا الْأَمْرِ أَمَّ قِيَامٍ، ثُمَّ التَّابِعُونَ وَتَابِعُوهُمْ، ثُمَّ عُلَمَاءُ الْأُمَّةِ عَلَى مَرِّ تَارِيخِهَا. وَإِنَّ مِمَّا يَنْبَغِي أَنْ
 تُصَرَّفَ لَهُ الْعِنَايَةُ فِي عَصْرِنَا هَذَا الَّذِي فَشَا فِيهِ الْجَهْلُ بِكَثِيرٍ مِمَّا يُعْلَمُ مِنَ الدِّينِ ضُرُورَةٌ تَعْلِيمٌ
 أُمُورِ الْإِسْلَامِ الَّتِي لَا يَسَعُ الْمُسْلِمَ جَهْلُهُ بِهَا مِنْ أَرْكَانِ الْإِسْلَامِ الْخَمْسَةِ، وَمَا يَنْبَغِي التَّحَلِّيَ بِهِ
 وَلَا يَحْسُنُ تَرْكُهُ مِنَ الْأَخْلَاقِ وَالْآدَابِ، وَهَذَا الْبَرْنَامُجُ الَّذِي نَحْنُ بِصَدَدِهِ وَضِعَ لَهُذَا الْأَمْرُ
 الْعَظِيمُ.

Ugushimagizwa gukwiye n'ukw'Imana Umuremyi w'ibiremwa vyose, Nyenimpuhwe Nyenimbabazi, maze amahoro n'imigisha bibe kuri kizigenza wa bene Adamu muri rusangi (Muhamad), uwarungitswe kuba umunyakigongwe ku b'isi yose, bibe no ku miryango yiwe, abasangirangendo biwe hamwe n'uwuzokurikira inzira yabo gushika ku musu w'impera, rero inyuma y'ivyo:

Mu vy'ukuri Umuremyi wacu Nyenubweranda, yatumye Intumwa yiwe Muhamadi (I.a.i.) ku bantu bose, baba abarabu n'abatari bo, abirabura n'abera hamwe n'umukuru ku muto, abahamagarira ku Mana Nyenubweranda, abareshe yongere ababurire, akaba ari n'itara rimurika mu kubarongora nabo bakarikirira, n'ukuri Intumwa y'Imana (I.a.i.) yarashikanye ivyo yategetswe gushikana ukuri k'ugushikana, maze ahimiriza urunganwe rwiwe kumushikanira, inyuma ziwe Abasangirangendo biwe baba abambere mu gushikana ukuri kwamye, hanyuma abaje mu nyuma zabo n'abandi babakurikiye, hanyuma abamenyi b'urunganwe rwiwe bisunze izo nkuru zahaciye. Kandi mu bitegerezwa gusubirwako muri iki gihe turimwo cuzuyemwo ubujuju mu vyategerezwa gutahurwa mw'idini kandi ari ntakundi kumenya bimwe mu Bwislamu ni n'ubujuju ukutagira akigoro ko kumenya inkingi zitanu z'Ubwislamu, nk'uko arekuriwe kumenya ivyo vyose vyomukura ku mico myiza n'indero runtu, ni naco gituma uru arirwo rutonde twashiriyeko iki kintu gihambaye.

وَهَذَا الْبِرْنَامِجُ لِجَمِيعِ الْمُسْلِمِينَ مِمَّنْ يَحْتَاجُهُ مِنَ الرِّجَالِ وَالنِّسَاءِ، وَالْكِبَارِ وَالصَّغَارِ،
وَالْمُتَعَلِّمِ وَمَنْ لَمْ يَعْرِفِ الْقِرَاءَةَ، وَالْفَارِغِ وَالْمَشْغُولِ.

Rero uyu mugambi ni uw'Abislamu bose kuko bawukeneye baba abagabo, abagore, uwukuze, umuto, n'uwiga wese n'uwutazi gusoma hamwe n'uwubifitiye umwanya n'uwufatiriwe.

وَهَذَا الْكِتَابُ بِأَكْمَلِهِ مُخَصَّصٌ لِلدِّرَاسَةِ فِي ٤٠ يَوْمًا (كُلَّ يَوْمٍ أَرْبَعُ سَاعَاتٍ، أَي: بِإِجْمَالِيٍّ
١٦٠ سَاعَةً)، وَالْمُهْمُ إِكْمَالُ الْمُقَرَّرِ سِوَاءَ طَالَ الْوَقْتُ أَوْ قَصُرَ، وَسِوَاءَ أَكَانَتِ الْأَيَّامُ مُتَتَالِيَةً أَوْ
مُتَفَقِّطَةً، حَسَبَ حَالِ النَّاسِ وَأَوْقَاتِهِمْ، عَلَى أَنَّ الْمَجْمُوعَةَ الْوَاحِدَةَ لَا تَكْتَمِلُ بِأَقَلِّ مِنْ عَشْرَةِ
طُلَّابٍ وَلَا تَزِيدُ عَنِ الثَّلَاثِينَ، وَلَا يُؤْخَذُ مِنَ الطَّلِبِ أَيُّ رُسُومٍ أَوْ مُقَابِلِ مَادِّيٍّ لِأَخْرَاطِهِ فِي
حَلَقَاتِ الْحِفْظِ.

Kandi iki Gitabu uko kingana, ivyigwa vyaco bitegekanijwe (kuba vyaheze) mu kiringo c'imisi mirongo ine (40), buri musu amasaha ane (4); muri rusangi ni amasaha ijana na mirongo itandatu (160). Kandi igikenewe n'uko icigwa gishobora guhera ku mwanya muremure canke muto, co kimwe n'uko yoba imisi ikurikirana canke itandukanye, bivana n'umwanya w'abantu n'ingene babayeho, kuba kandi umugwi umwe utoja musu y'abanyeshure cumi (10) kandi ntibarenge mirongo itatu (30), ata n'ugutora umushahara ku munyeshure canke ikintu mu vyicarwo vy'ugufata ku mutwe (Halaqati Hifdhwi).

فُنُونُ الدَّرْسِ:

- ١/ إِتْقَانُ قِصَارِ الْمُفْصَلِ (مِنْ سُورَةِ وَالصَّحَى إِلَى آخِرِ الْقُرْآنِ)، بَعْدَ سُورَةِ الْفَاتِحَةِ، فَهَمَّا
لِّمَعَانِيهَا، وَتِلَاوَةً وَحِفْظًا لِأَلْفَاظِهَا بِالتَّلْقِينِ.
- ٢/ حِفْظُ مَعَانِي مُفْرَدَاتِ السُّورِ بِالتَّلْقِينِ.
- ٣/ حِفْظُ عِشْرِينَ حَدِيثًا مُنْتَخَبًا مِّنَ الْأَرْبَعِينَ النَّوَوِيَّةِ بِالتَّلْقِينِ مَعَ فَهْمِ شَرْحِهَا.
- ٤/ حِفْظُ مَا يُسْأَلُ عَنْهُ الْعَبْدُ فِي قَبْرِهِ بِالتَّلْقِينِ، مَعَ فَهْمِ شَرْحِهَا وَالتَّأَكِيدِ عَلَى الْعَمَلِ بِهَا،

UBUHINGA BW'UKWIGISHA:

1) Ugusoma neza ibigabane (Surat) bitobito bitandukanye (kuva kuri Dwuhaa gushika ku mpera y'Ikoroani), inyuma ya Alhamdu (Suratul Faatihah), habe ugutahura n'insiguro yavyo, gusoma no gufata ku mutwe ko bitegerezwa kandi habe no gusubiramwo.

2) Ugufata ku mutwe insiguro z'amajambo y'ivyo bigabane (Surat) mu gusubiramwo.

3) Ugufata ku mutwe inyigisho z'Intumwa y'Imana (Muhamadi, I.a.i.) zakuwe (mu Gitabu) citwa "Arbaini Nawawiyat" ku gusubiramwo cane hamwe no gutahura insiguro zazo.

4) Ugufata ku mutwe no gusubiramwo ivyo umushumba azobazwa mu mva yiwe, hamwe no gutahura insiguro yavyo no kwiyezeza ibikorwa vyavyo, kuko n'abiyorobetsi (Munafikuuna) barabifata ku mutwe (bakabivuga) mugabo ntaco bizobamarira.

فَإِنَّ الْمُنَافِقِينَ كَانُوا يَحْفَظُونَهَا وَلَمْ تَنْفَعَهُمْ.

٥ / تَلْقِينُ أَحْكَامِ الطَّهَّارَةِ وَالصَّلَاةِ وَالصَّوْمِ، مِنْ كِتَابِ عُمْدَةِ الْفَقْهِ.

٦ / تَلْقِينُ أَذْكَارِ الْيَوْمِ وَاللَّيْلَةِ، مَعَ شَرْحِهَا.

5) Ugusubiramwo cane mu kuvuga amategeko ajanye n'ivy'isuku (Twaharat) n'isengesho (Swalat) hamwe no gufunga (Swawmu), mu Gitabu citwa "Umdatul Fiqhi".

6) Ugusubiramwo cane mu kuvuga ibisabisho vy'ukuninahaza (Adhkaar) ijoro n'umurango, habemwo n'insiguro yavyo.

طَرِيقَةُ التَّدْرِيسِ:

= وَظِيفَةُ الْمُدْرَسِ (الْمُلَقِّنِ) أَنْ يُعَلِّمَ الْقُرْآنَ أَوْ غَيْرَهُ مِمَّا هُوَ فِي الْمَنْهَجِ بِطَرِيقَةِ التَّلْقِينِ الْجَمَاعِيِّ الْمُبَاشِرِ وَالتَّكْرَارِ طَوَالَ مُدَّةِ الدَّرْسِ لِلْقُرْآنِ أَوْ تَفْسِيرِهِ أَوْ غَيْرِهِمَا، وَلَا بُدَّ مِنْ حِرْصِهِ عَلَى النُّطْقِ الصَّحِيحِ سَوَاءً فِي ذَلِكَ الْقُرْآنِ أَوْ الْحَدِيثِ أَوْ غَيْرِهِمَا، عَلَى أَنَّ الْأَمْرَ فِي الْقُرْآنِ وَالْحَدِيثِ أَشَدُّ، وَإِنَّمَا جُعِلَ التَّفْسِيرُ لِلْقُرْآنِ أَوْ الشَّرْحُ لِلْحَدِيثِ قَبْلَ الْحِفْظِ لِأَنَّهُ أَمْكَنُ فِي الْفَهْمِ، وَأَوْقَعُ فِي النَّفْسِ، وَأَكْثَرُ عَوْنًا عَلَى الْحِفْظِ.

INZIRA Y'UKWIGISHA:

= Akazi k'umwigisha (uwusubirishamwo), n'uko yokwigisha Ikoroani canke ikindi kitari yo mu vyigwa hakoreshejwe inzira rusangi y'ugusubiramwo bose, avyerekana kandi aguma asubiramwo umwanya muremure w'icigwa c'Ikoroani n'insiguro ya yo no ku bindi bitari ivyo. Kandi hategerezwa kwitwararikwa ko bivugwa neza haba muri Koroani canke muri Hadithi n'ibindi bitari ivyo, gusa muri Koroani na Hadithi niho hitwararikwa cane kurusha ahandi, hakaba haragenwe insiguro y'Ikoroani hamwe n'insiguro y'udutabu tw'Amahadithi (Mutuun) imbere y'uko bifatwa ku mutwe kuko arivyo vyoroha kubitahura, kandi bishika no ku mutima, ikaba ari n'imfashanyo nyinshi yo gufata ku mutwe.

= الْمُدْرَسُ وَحَدَهُ هُوَ الَّذِي يَمْلِكُ كِتَابَ الْمَادَّةِ.
 = يُشْتَرَطُ فِي الْمُدْرَسِ الْكِفَاءَةُ الشَّرْعِيَّةُ، أَوْ أَنْ يَكُونَ مُتَخَرِّجًا بِامْتِيَازٍ مِّنْ حَلْقَةِ التَّعْلِيمِ الشَّامِلِ، وَحَاصِلًا عَلَى تَرْكِيَّةٍ مِّنْ مُدْرَسِهِ.
 = الْمَعْنَى الْإِجْمَالِي لِلسُّورَةِ لَيْسَ لِلْحِفْظِ.

= Umwigisha wenyene niwe arekuriwe gutunga igitabu c'ivyigwa.

= Umwigisha asabwa kuba azi amategeko (Sharia), nko kuba yarahejeje amashure ku rugero rwo hejuru (Imtiyaz) mu vyicarwo vy'ubumenyi rusangi, kandi akaba yararonse urupapuro rumweza (rwemeza imico myiza yiwe) rukomoka ku mwigisha wiwe.

= Insiguro rusangi y'ikigabane (Surat) si ngombwa kuyifata ku mutwe.

= الْحَرْصُ عَلَى الْإِتْقَانِ، وَهَذَا يَعْنِي:
 - عَدَمَ الْإِكْتِنَارِ عَلَى الطَّالِبِ.
 - تَرْكَ الْإِسْتِعْجَالِ فِي التَّلْقِينِ أَوْ فِي الشَّرْحِ، فَلَا يَنْتَقِلُ الطَّالِبُ مِنْ سُورَةٍ إِلَى غَيْرِهَا أَوْ مِنْ دَرْسٍ إِلَى سِوَاهُ إِلَّا بَعْدَ الْإِتْقَانِ التَّامِّ.
 - التَّطْبِيقَ الْعَمَلِيَّ لِأَحْكَامِ الْوُضُوءِ وَالصَّلَاةِ.
 - أَنَّهُ يَلْزَمُ كُلَّ طَالِبِ الْمَشَارَكَةِ فِي الْحَلْقَةِ وَالتَّكْرَارِ فِي كُلِّ السَّاعَاتِ الْمُحَدَّدَةِ لِلدَّرْسِ.
 - تَخْصِيسَ أَوْقَاتٍ لِلْقِرَاءَةِ عَنِ ظَهْرِ قَلْبٍ (التَّسْمِيعِ) لِكُلِّ دَرْسٍ مَعَ مَا سَبَقَ حِفْظُهُ مِنْ دُرُوسٍ.

= Umwitwarariko wo kuvuga, ari navyo bisigura ibi bikwirikira:

- Umunyeshure kutamurundako vyinshi.
- Ukureka guhutagiza mu kuvuga no mu gusigura, ntibirekuriwe ko umunyeshure yo kwimukira ku kindi kigabane canke ikindi cigwa kitari ico, atari uko abanje kubisubiramwo bikwiye neza.
- Ugushira mu ngiro amategeko ajanye n'isuku ry'isengesho.
- Ni itegeko ku munyeshure wese ko akurikira neza mu vyicarwo no gusubiramwo mu masaha yose yateguwe mu vyigwa.
- Gutegurwa umwanya wo gusoma bukebuke (mu kumvirizwa) kuri buri cigwa cose hamwe n'ivyarenganye mu vyigwa vyo gufata ku mutwe.

- الْعِنَايَةُ بِالْكَفَيْفِ لَا الْكَمِّ، فَالْقُدُورَةُ الْحُسْنَةُ مَطْلَبٌ لِيُلْفَنَ غَيْرُهُ مِمَّنْ هُوَ بِحَاجَةٍ إِلَى ذَلِكَ.

- يَقُومُ الْمُدْرَسُ طُلَابَهُ فِي نَهَايَةِ الْحَلْقَةِ.

= فِي بَدَايَةِ كُلِّ دَرْسٍ مِّنْ دُرُوسِ الْحَدِيثِ يُذَكَّرُ الْمُدْرَسُ بِفَضْلِ الصَّحَابَةِ رِضْوَانُ اللَّهِ

عَلَيْهِمْ، وَيُنَبِّهُ إِلَى أَنَّ الطَّعْنَ فِيهِمْ طَعْنٌ فِي دِينِ اللَّهِ.

= بَعْدَ الْإِتْقَانِ يُخْتَارُ الْمُبَرِّزُونَ مِنَ الطُّلَابِ وَتَزَادُ الْعِنَايَةُ بِهِمْ وَتَبَدَّرِيهِمْ عَلَى طَرِيقَةِ

Intumbero ibe iyo kumenya ingene bigenda ntibe iy'ibitigiri, nk'uko akarorero keza ari ko gakenewe kugira ngo gasubirwemwo n'uwundi akipfuzane cane.

- Umwigisha atere intege abanyeshure biwe ku mpera y'ivyigwa.
 - = Ku ntango naho y'icigwa c'Amahadithi, umwigisha yibutse agaciro k'abasangirangendo (Imana ibishimire bose), ateko agabishe ko kubartyoza ari ugutukisha Idini ry'Imana Allah.
 - = Inyuma yo gusubirishamwo mu banyeshure, haca hatorwamwo abasumvya abandi no kubongerereza utundi twigwa harimwo imyimenyerezo mu nzira yo gusubiramwo,

التَّدرِيسَ بِالتَّلْقِينِ، ثُمَّ يَقُومُونَ بِالطَّرِيقَةِ نَفْسَهَا الَّتِي تَلَقَّوْا بِهَا لِنَشْرُهَا فِي أَهْلِهِمْ وَقُرَاهِمُ، وَهَكَذَا. وَنَسْأَلُ اللَّهَ الإِعَانَةَ وَالتَّوْفِيقَ..

Kuko mu nyuma azokwifasha mu kubivuga no kubikwiragiza mu miryango yabo be no mu bigwati vyabo, uko nyene.

Dusaba Imana imfashanyo no kuroranirwa..

قِصَارُ السُّورِ

IBIGABANE (SURAT) BIGUFIBIGUFI:

سُورَةُ الْفَاتِحَةِ

IKIGABANE CITIRIWE URUFUNGURUZO:

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ (١) الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ (٢) الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ (٣)
 مَالِكِ يَوْمِ الدِّينِ (٤) إِيَّاكَ نَعْبُدُ وَإِيَّاكَ نَسْتَعِينُ (٥) اهْدِنَا الصِّرَاطَ الْمُسْتَقِيمَ (٦) صِرَاطَ
 الَّذِينَ أَنْعَمْتَ عَلَيْهِمْ غَيْرِ الْمَغْضُوبِ عَلَيْهِمْ وَلَا الضَّالِّينَ (٧)

- (1) BISMI LAAHI RAHMAANI RAHIYM. (2) ALHAMDU LILLAHI RABBIL `AALAMIYN. (3) ARRAHMAANI RAHIYM. (4) MAALIKI YAWMI DIYN. (5) IYYAACA NA`ABUDU WA IYYAACA NASTA`IYN. (6) IHDINA SWIRAATWAL MUSTAQIYM. (7) SWIRAATWA LADHIYNA AN`AMTA `ALAYHIM GHAYRIL MAGH-DWUUBI `ALAYHIM WALA DWAALLIYN.

INSIGURO:

- (1) Kw'izina ry'Imana Nyenimpuhwe Nyenimbabazi. (2) Ugushimagizwa gukwiye n'ukw'Imana Umuremyi w'ibiremwa vyose. (3) Nyenimpuhwe Nyenimbabazi. (4) Umwami w'umusi w'impera. (5) Ni Wewe gusa tugamburukira (dusenga), kandi ni Wewe gusa twizeyeke imfashanyo. (6) Turongore mu nzira igororotse. (7) Inzira y'abo wahezagiye, itari iy'abashavuriwe canke abazimiye.

| | | |
|---|-------------------------------|---|
| 2 | RABBIL `AALAMIYNA | Umwungere wabo kandi abagaba agatako akanaganza ivyabo |
| 4 | YAWMI DIYNI | Umusi w'impera |
| 6 | IHDINA SWIRAATWAL- MUSTAQIYMA | Duhe kuroranirwa mu gutsibatara mu nzira itomoye itagira amakorosi ari bwo Bwislamu |
| 7 | ALMAGH-DWUUBI `ALAYHIM | Abayahudi, kuba bafise ubumenyi ariko ntibabugendere |

| | | |
|---|--------------|---------------------------------------|
| 7 | ADDWAALLIYNA | Abakrisu, basenga Imana mukudatahura. |
|---|--------------|---------------------------------------|

Iki ikigabane ceranda (Surat) hamwe n’ubugufi n’incamake vya co, cegeranije insiguro y’Ikoroani ihambaye, congera cegeranya intumbero y’imishinge yayo muri rusangi, ari ko gushika ku nkomoko y’Idini hamwe n’amashami yaryo. Kirerekana ivy’imyemerere (Aqidat), ukugamburukira Imana (Ibaadat), amategeko (Sharia), n’ukwemera ivyubahiro vyeranda vy’Imana (Aswifati), umusi w’umuhero, ukutabangikanya Imana Nyenicubahiro mu kuyigamburukira, ukwikinga ku Mana no kuyisaba, gutumbera Nyenicubahiro (Imana) tumusaba aturongore mw’idini ry’ukuri n’inzira igororotse, ukwicisha bugufi kuri Yo ari ko gutsimbataza ukwemera ari nayo nzira y’abakora ivyiza, ukwiyegeza kure n’inzira y’abashavuriwe hamwe n’abazimiye, harimwo inkuru z’inzunganwe (Ummat) zatanguye, ugushika ku mudugo w’umunezero n’ugukoroka kw’ababi. Harimwo kandi ukugamburuka ku mategeko y’Imana Nyenubweranda, hakabamwo n’ivyo yabujije, n’ibindi nyene bijanye n’intumbero zose nyamukuru. Rero ni nka nyina w’ibindi bigabane vyeranda (Suwar) bisigaye, ari na co gituma iki kigabane (Suratul Ikh-laswi), ciswe “Nyina w’Igitabu”; kuko cacegeranirije intumbero nyamukuru.

سُورَةُ الضُّحَى

IKIGABANE CITIRIWE KU MUSASE:

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

وَالضُّحَى (١) وَاللَّيْلِ إِذَا سَجَى (٢) مَا وَدَّعَكَ رَبُّكَ وَمَا قَلَى (٣) وَلَا آخِرَةَ خَيْرٌ لَّكَ مِنَ الْأُولَى (٤) وَلَسَوْفَ يُعْطِيكَ رَبُّكَ فَتَرْضَى (٥) أَلَمْ يَجِدْكَ يَتِيمًا فَآوَى (٦) وَوَجَدَكَ ضَالًّا فَهَدَى (٧) وَوَجَدَكَ عَائِلًا فَأَغْنَى (٨) فَأَمَّا الْيَتِيمَ فَلَا تَقْهَرْ (٩) وَأَمَّا السَّائِلَ فَلَا تَنْهَرْ (١٠) وَأَمَّا بِنِعْمَةِ رَبِّكَ فَحَدِّثْ (١١)

BISMILLAHI RAHMANI RAHIIM:

(1) WADDWUHAA. (2) WALLAILI IDHAA SAJAA. (3) MAA WADDA`AKA RABBUKA WAMAA QALAA. (4) WALAL-AAKHIRATU KHAIRUN LAKA MINAL UULAA. (5) WALASAWFA YU`UTWIKI RABBUKA FATARDWAA. (6) ALAM YAJIDEKA YATIIMAN FA-AAWAA. (7) WAWAJADAKA DWAALLAN FAHADAA. (8) WAWAJADAKA `AA-ILAN FA-AGHENAA. (9) FA-AMMAL YATIIMA FALAA TAQHAR. (10) WA-AMMA SAA-ILA FALAA TANHAR. (11) WA-AMMA BINI`EMATI RABBIKA FAHADDITH.

INSIGURO:

KW’IZINA RY’IMANA NYENIMPUHWE NYENIMBABAZI.

(1) Ndarahiye ku mwanya w’umusase. (2) No kw’ijoro iyo ryijimye. (3) Umuremyi wawe ntiyaguhevyeye kandi ntiyanagushavuriye. (4) Ata nkeka kazoza kawe ni keza gusumba itanguriro. (5) Umuremyi wawe azoguha kandi uzonezerwa. (6) None ntiyagusanze uri impfuyi akakuronsa uwukwakira. (7) Agasanga warazimiye akakurongora. (8) Agasanga uri umukene akaguha ubutunzi. (9) Kuri ubwo rero ntuzwe

udendereze impfuyi. (10) Kandi uwusaba (canke agira ico abaza) ntukamukankamire. (11) Hanyuma kandi uyage ku ngabire z'Umuremyi wawe.

| | | |
|----|-----------------------|---|
| 1 | WA DWUHAA | Ndarahiye mu gihe izuba riba ririko riraduga mu gitondo |
| 2 | SAJAA | Ritekereje canke ryijimye cane |
| 3 | MAA WADDA`AKA RABBUKA | Kuva aho Aguhitiyemwo ntiyaguhevyeye (ikaba iyo ari inyishu y'indahiro) |
| 3 | MAA QALAA | Aho Agukundiye ntazogushavurira |
| 6 | ALAM YAJIDEKA | None Umuremyi wawe ntiyarakuzi |
| 6 | YATIIMAN | Uri akayoya, so wawe yapfuye ukiri mu nda |
| 6 | FA-AAWAA | Akagushira mu minwe y'uwukurera akanakwitwararika |
| 7 | DWAALLAN | Ubu bumenyi ntiwobumenya atari mu guhishurirwa |
| 7 | FAHADAA | Maze Akurongora mu nzira Yiwe mu vyo yaguhishuriye |
| 8 | `AA-ILAN | Umworo ntahonikora |
| 8 | FA-AGH-NAA | Aragushimisha mu vyo Aguhaye Anabigira agahembo |
| 9 | FALAA TAQHAR | Ntuze wigire ikinani mu matungo yiwe canke ngo umusuzugure |
| 10 | FALAA TANHAR | Ntumubuze amahoro, ahubwo mwiyegeze |

Ikigane Dwuhaa, kidushikana ku nkuru y'Umuhanuzi ahambaye (Muhamadi, I.a.i.), no ku vyo Imana yamukundiye mu mihezagiro n'ingabire kw'isi no kw'iherezo; kugira ngo kandi ashimire Imana kuri izo ngabirano zidasanzwe, Imana yamuhundagajeko.

Iki kigabane ceranda catangujwe n'indahiro yerekana icubahiro c'inkomezi z'Intumwa y'Imana (Muhamadi, I.a.i.), ko kandi Umuremyi wiwe Atamuhevyeye canke ngo amushavurire nk'uko ababangikanyamana bavyiyumviriye, ahubwo we ku Mana yongererejwe inkomezi, mu vyo akora n'ikibanza gihambaye.

Hanyuma kandi catanze inkuru nziza y'ivyo azohabwa kw'iherezo, no mu vyo Imana Nyenicubahiro yasezeraniye Intumwa ya Yo mu vyubahiro bitandukanye harimwo n'ubucunguzi buhambaye (ku musi w'umuhero).

Congera kivuga uko yarameze mu buto bwiwe, mu bupfuyi, ubworo, ubukene, ugutakara, Umuremyi wiwe Aramwakira atako Amuha n'ubutunzi, maze Amuhundagazako imfashanyo.

Ikigabane caherahejwe mu guhanura (Intumwa y'Imana, Imana imuhe amahoro n'imigisha) impanuro zitatu, iyo mihezagiro itatu isubirizwe mu ndumane; Mu kwitwara neza ku mpfuyi, agirire impuhwe ba ntahonikora hamwe no guhanagura amarira y'abagowe b'abakene.

سُورَةُ الشَّرْحِ

IKIGABANE CITIRIWE UKWAGUKIRWA:

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

أَلَمْ نَشْرَحْ لَكَ صَدْرَكَ (١) وَوَضَعْنَا عَنكَ وِزْرَكَ (٢) الَّذِي أَنْقَضَ ظَهْرَكَ (٣) وَرَفَعْنَا
لَكَ ذِكْرَكَ (٤) فَإِنَّ مَعَ الْعُسْرِ يُسْرًا (٥) إِنَّ مَعَ الْعُسْرِ يُسْرًا (٦) فَإِذَا فَرَغْتَ فَانصَبْ
(٧) وَإِلَىٰ رَبِّكَ فَارْغَبْ (٨)

BISMILLAHI RAHMAANI RAHIIM.

[1] ALAM NASHERAH LAKA SWADERAK. (2) WAWADWA`ENAA `AN-KA WIZRAK. (3) ALLADHIY ANQADWA DHWAHRAK. (4) WARAFANA LAKA DHIKRAK. (5) FA-INNA MA`AL `USRI YUSRAN. (6) INNA MA`AL `USRI YUSRAN. (7) FA-IDHAA FARAGHETA FANSWAB. (8) WA-ILAA RABBIKA FARGHAB.

INSIGURO:

KW'IZINA RY'IMANA NYENIMPUHWE NYENIMBABAZI.

[1] Mbega Ntitwakwaguriye igikiriza. (2) Maze Tugukurako umutwaro. (3) Wari warakuvunye umugongo. (4) Twongera Turakwamamaza. (5) Rero mu vy'ukuri inyuma y'ingorane haba ukuroraniwa. (6) Vyongeye mu vy'ukuri inyuma y'ingorane haba ukuroraniwa. (7) Nuko niwaronka akanya gakorane ubwira. (8) Maze Umuremyi wawe ube ari We wigorera cane.

| | | |
|---|----------------------------|---|
| 1 | ALAM NASHRAH | Mbega Ntitwakwaguriye ku bwitonzi n'ubuhanuzi |
| 2 | WADWA`ENAA | Tukakugabaniriza mu kukorohereza |
| 2 | WIZRAK | Umutwaro wawe. "Umutwaro w'ubuhanuzi n'ubutumwa" |
| 3 | ALLADHIY ANQADWA DHWAHRAKA | Ivyamuremereye kugera naho yumvikana ko ari uwimvune "Ijwi" |
| 7 | FA-IDHAA FARAGHTA | Wahejeje mu kugamburuka (Ibaadat) |
| 7 | FANSWAB | Ca ugira akigoro urenzeko izindi ibaada |
| 8 | FARGHAB | Shira mu ngiro ivyiyumviro vyawe vyose |

Ikigabane ca Inshiraah (Ukwagukirwa), cavuze ku kibanza gihambaye c'Intumwa (I.a.i.), n'igihagararo ciwe kureruye ku Mana Nyenicubahiro. Kandi caramaze kwerekana inyigisho z'imihezagiro myinshi y'Imana ku Mushumba wa Yo akaba n'Intumwa ya Yo Muhamadi (I.a.i.), muri vyo; Harimwo ukwagurirwa igikiriza ciwe mu kwemera, n'ukumurikirwa ubwitonzi n'ukumenyekana mu mutima wiwe hamwe no gukurwako ibicumuro n'imitwaro.

Hanyuma kivuga ikibanza kiri hejuru c'Intumwa (Muhamadi, I.a.i.), no kurerura igihagararo ciwe mw'isi no kw'iherezo, aho vyashizwe hamwe n'izina ryiwe, kw'izina ry'Imana Nyenicubahiro.

Kandi ikigabane cerekanye ubutumwa bw'Intumwa (Muhamadi, I.a.i.) igihe yari i Makkat ashirwa hamwe n'abemera Mana mu ngorane n'ibihe bidasanzwe vy'ubuhakanyi bw'ubugarariri, Iramwibagiza maze Imushira hafi y'akaruhuko, ari mugutsinda abansi biwe.

Ikaba yaraherahejwe mu kwibutsa Uwatoranijwe (Muhamadi, I.a.i.) ngo arambire mu kugamburukira Imana.

سُورَةُ التِّينِ

IKIGABANE CITIRIWE ITINI:

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

وَالتِّينِ وَالزَّيْتُونِ (١) وَطُورِ سِينِينَ (٢) وَهَذَا الْبَلَدِ الْأَمِينِ (٣) لَقَدْ خَلَقْنَا الْإِنْسَانَ فِي أَحْسَنِ تَقْوِيمٍ (٤) ثُمَّ رَدَدْنَاهُ أَسْفَلَ سَافِلِينَ (٥) إِلَّا الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ فَلَهُمْ أَجْرٌ غَيْرُ مَمْنُونٍ (٦) فَمَا يُكَذِّبُكَ بَعْدَ بِالذِّينِ (٧) أَلَيْسَ اللَّهُ بِأَحْكَمَ الْحَاكِمِينَ (٨)

BISMILLAHI RAHMAANI RAHIIM:

[1] WATTIINI WAZZAITUUN. (2) WATWUURI SIINIIN. (3) WAHAADHAL BALADIL AMIIN. (4) LAQADE KHALAQENAL INSAANA FII AHSANI TAQEWIIM. (5) THUMMA RADADENAAHU ASEFALA SAAFILIIN. (6) ILLALLADHIINA AAMANUU WA`AMILU SWAALIHAATI, FALAHUM AJERUN GHAIRU MAMNUUN. (7) FAMAA YUKADDHIBUKA BA`ADU BIDDIIN. (8) ALAISA LAAHU BI-AHKAMIL HAAKIMIIN.

INSIGURO:

KW'IZINA RY'IMANA NYENIMPUHWE NYENIMBABAZI.

[1] Ndarahiye kuri Tini hamwe n'Umuzayituni. (2) No ku musozi wa Sinai. (3) No kuri iki gisagara c'umutekano. (4) Ata nkeka Twararemye umuntu mu ndemo nziza cane. (5) Hanyuma Tumusubiza hasi gusumba ibindi vyose. (6) Kiretse ko abemeye bagakora n'ivyiza aribo bazokwironkera impera zidahera. (7) None mu nyuma n'iki cogarariza impera zawe. (8) None Imana siyo Mucamanza w'abacamanza bose.

| | | |
|---|---------------------|--|
| 1 | WA TIINI WA ZAYTUNI | (Indahiro) ku biterwa bibiri mu butaka bweranda |
| 2 | WA TWUURI SIINIYN | Umusozi wabungabunze uwavugishijwe (Mousa) Imana Imuhe amahoro |
| 3 | ALBALADIL- AMIYN | I Makkah heranda |
| 4 | LAQAD KHALAQNAA | (Inyishu y'indahiro) ya bine vyatanguye |
| 4 | AHSANI TAQ-WIYM | Akwiye mu gutunganirizwa n'ishusho ryiza |
| 5 | RADADNAAHU | Twasubije hasi umuhakanyi canke ubwoko bw'umuntu |
| 5 | ASFALA SAAFILIYN | Mu muriro canke mu zabukuru mu myaka isuzuguza |
| 6 | GHAYRU MAMNUUN | Batagabanirizwa |
| 7 | BIDDIYN | Ku mpera inyuma yo kuzuka no guharurirwa |

Ikigabane catanguje indahiro y'ahantu heranda, mu bibanza vyubashwe, hakaba ari ahantu Imana Yahisemwo mu kumanura ubutumwa ku bahanuzi n'intumwa za Yo, ari ho (Inzu Nyeranda-Yeruzalemu) no (ku Musozi wa Sinai) hamwe na (Makkah Nyeranda), Imana Nyeranda Yarahaariye kuko mu vy'ukuri Niyo Yahezagiye ikiremwa muntu, maze Imurema mw'ishusho ryiza gusumba, n'indemo yisangije, kandi iyo adashimye imigisha y'Umuremyi wiwe, niho ica imusubiza hasi cane mu muriro.

Kiragabisha (wabbakhats) umuhakanyi mu kwirengagiza kwiwe izurwa hamwe n'iyegeranwa, inyuma y'ivyemezo bitomoye vyerekana ubushobozi bw'Umuremyi w'ibiremwa vyose, mu kurema kwayo umuntu mu ndemo nziza hamwe n'ishusho ryiza.

Cahehaheje gisigura ubutungane bw'Imana mu guha imigisha abemera Mana, no guhana abahakanyi, hakaba harimwo icegeranyo c'impera no gutsimbataza isezerano mu nzira ishimangira no kwemeza ukuri, no kugabisha ku muhakanyi agarariza umusi w'impera.

سُورَةُ الْعَلَقِ

IKIGABANE CITIRIWE IMA RY'AMARASO:

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِیْمِ

اقْرَأْ بِاسْمِ رَبِّكَ الَّذِي خَلَقَ (١) خَلَقَ الْإِنْسَانَ مِنْ عَلَقٍ (٢) اقْرَأْ وَرَبُّكَ الْأَكْرَمُ (٣)
الَّذِي عَلَّمَ بِالْقَلَمِ (٤) عَلَّمَ الْإِنْسَانَ مَا لَمْ يَعْلَمْ (٥) كَلَّا إِنَّ الْإِنْسَانَ لَيْطَغَى (٦) أَنْ رَأَاهُ
اسْتَعْتَى (٧) إِنَّ إِلَىٰ رَبِّكَ الرُّجْعَى (٨) أَرَأَيْتَ الَّذِي يَنْهَى (٩) عَبْدًا إِذَا صَلَّى (١٠)
أَرَأَيْتَ إِنْ كَانَ عَلَى الْهُدَى (١١) أَوْ أَمَرَ بِالتَّقْوَى (١٢) أَرَأَيْتَ إِنْ كَذَّبَ وَتَوَلَّى (١٣)
أَلَمْ يَعْلَم بِأَنَّ اللَّهَ يَرَى (١٤) كَلَّا لَئِنْ لَمْ يَنْتَهِ لَنَسْفَعًا بِالنَّاصِيَةِ (١٥) نَاصِيَةٍ كَاذِبَةٍ خَاطِئَةٍ
(١٦) فَلْيَدْعُ نَادِيَهُ (١٧) سَنَدْعُ الزَّبَانِيَةَ (١٨) كَلَّا لَا تَطِعُهُ وَاسْجُدْ وَاقْتَرِبْ (١٩)

BISMILLAHI RAHMAANI RAHIIM:

[1] IQRAE BISMI RABBIKA LADHII KHALAQ. (2) KHALAQAL INSAANA MIN `ALAQ. (3) IQRAE WARABBUKAL AKRAM. (4) ALLADHII `ALLAMA BILQALAM. (5) `ALLAMAL INSAANA MAA LAM YA`ELAM. (6) KALLAA INNAL INSAANA LAYATWEGHAA. (7) ANRA-AAHU STAGHENAA. (8) INNA ILAA RABBIKA RUJE`A. (9) ARA-AITA LADHII YANHAA. (10) `ABEDAN IDHAA SWALLAA. (11) ARA-AITA IN-KAANA `ALAL HUDAA. (12) AW- AMARA BITTAQEWA. (13) ARA-AITA IN-KADDHABA WATAWALLAA. (14) ALAM YA`ELAMU BI-ANNA LAAHA YARAA. (15) KALLAA LA-IN LAM YAN-TAHII LANASFA`AN BINNAASWIYA. (16) NAASWIYATIN KAADHIBATIN KHAATWI-A. (17) FAL YADE`U NAADIYA. (18) SANADE`U ZABAANIYA. (19) KALLAA LAA TUTWI`EHU WASJUDE WAQETARIB.

INSIGURO:

KW'IZINA RY'IMANA NYENIMPUHWE NYENIMBABAZI:

[1] Soma kw'Izina ry'Umwungere wawe Yaremye. (2) Yaremye umuntu mw'ima ry'amaraso. (3) Soma kandi Umuremyi wawe ni Uwutanga gusumba abandi. (4) Niwe Yigishije akoresheje ikaramu. (5) Yigishije ikiremwa muntu ico atari azi. (6) Mu vy'ukuri ikiremwa muntu kiragarariza. (7) Iyo yibonye ko yatunze. (8) Mu vy'ukuri ku Muremyi wawe niryo herezo. (9) None warabonye uwubuza. (10) Umushumba iyo ariko arasenga. (11) None wabonye ko yarongotse. (12) Canke ategeka ukwitonesha. (13) Ubona gute niyagarariza akanirengagiza. (14) Mbega ntiyari azi ko Imana Ibona. (15) Mu vy'ukuri adahevye Tuzomukwega mu gahanga. (16) Agahanga kububeshi n'amakosa. (17) Rero n'ahamagare bagenziwe. (18) Tuzohamagara (Abamalayika bitwa) Zabaniya. (19) Sivyo, ntumwubahe, ahubwo wubame uteko (ku Mana) wiyegereze.

| | | |
|---|--------------------|--|
| 2 | `ALAQI | Amaraso agumye akomoka mu ntanga |
| 4 | `ALLAMA BIL- QALAM | Yigishije ikiremwa muntu kwandikisha ikaramu |

| | | |
|----|----------------------------|--|
| 6 | KALLAA | Ni ukuri |
| 6 | LAYATWEGHAA | Ararenga imbibe mu gucumura |
| 8 | ARRUJ`AA | Ukugaruka ku musu w'iherezo kugira ngo ahembwe |
| 9 | ARA-AYTA | Mbarira |
| 15 | LANASFA`AN BINNAASWIYAT | Tuzomukwega agahanga kiwe, aribwo buranga, mu muriro |
| 17 | FAL-YADE`U NAADIYAH | Abo mu vyicarwo vyawe mu runganwe rwiwe n'imiryango yiwe |
| 18 | SANAD`U ZABAANIYAT | Abamalayika b'ibihano kugira ngo bamukwegere mu muriro |

Ikigabane catanguye gitomora neza imigisha y'Imana ku Ntumwa yayo yubashwe (Muhamadi, I.a.i.), mu kumumanurira iyi Koroani (Igitangaro camaho), no kumwibutsa intango y'imihazagiro, aho we yagamburukira (asenga) Umuremyi wiwe mw'isenga ry'ibuye rya Hiraa, niho yahishurirwa ukwerekwa ku bimenyetso vy'urwibutso rw'ubuhinga.

Hanyuma kivuga kubijanye n'ubugararizi bw'ikiremwa muntu mu gukoresha inguvu muri ubu buzima, no kwiyonjorora ku mategeko y'Imana, ku mvo z'uko aba ahezagiwe mu butunzi, ahubwo vyari ngombwa kuri we ko ashimira Umuremyi wiwe kuri iyo migisha, ntikwari ukuyigarariza, ari naho cavuze kubijanye no kugaruka ku Muremyi wiwe kugira ngo ashike ku gahembo keza. Kirongera kandi gishika ku nkuru y'umuntu mubi (yitwa) Abou Jahli, ari we Farao w'uru runganwe, yahora ari kamere kiwe kugora Intumwa y'Imana (Muhamadi) Imana imuhe amahoro n'imigisha, akamubuza no gusenga, ngo ku mvo yo gushigikira ibigirwamana.

Ikigabane caherahejwe mu gusezeranya uyu munyakibi w'umuhakanyi ibihano bihambaye mu gihe yobandaniriza mu muzimiza n'ubukozi bw'ikibi vyawe, nk'uko cabujije Intumwa Nyakubahwa (Muhamadi, I.a.i.) kubijanye na **Al-isweghai** kuri iryo sango ry'uko sekibi.

Kandi Ikigabane catanguye gihamagarira gusoma no kwiga, gihereza kubijanye n'isengesho na (Ibaada) kugamburuka; kugira ngo ubumenyi bujane n'ibikorwa, kandi hateranywe itanguriro n'iherezo, mu bwitonzi bw'amashusho y'ibitomye.

سُورَةُ الْقَدْرِ

IKIGABANE CITIRIWE AGACIRO:

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ
 إِنَّا أَنْزَلْنَاهُ فِي لَيْلَةِ الْقَدْرِ (١) وَمَا أَدْرَاكَ مَا لَيْلَةُ الْقَدْرِ (٢) لَيْلَةُ الْقَدْرِ خَيْرٌ مِنْ أَلْفِ شَهْرٍ (٣) تَنْزِيلُ الْمَلَائِكَةِ وَالرُّوحِ فِيهَا بِإِذْنِ رَبِّهِمْ مِنْ كُلِّ أَمْرٍ (٤) سَلَامٌ هِيَ حَتَّى مَطْلَعِ الْفَجْرِ (٥)

BISMILLAHI RAHMAANI RAHIIM:

[1] INNAA ANZALNAAHU FII LAILATIL QADER. (2) WAMAA ADERAAKA MAA LAILATUL QADER. (3) LAILATUL QADERI KHAIRUN MIN ALFI SHAHR. (4) TANAZZALUL MALAA-IKATU WARRUUHU FIIHAA BI-IDHENI RABBIHIM MIN KULLI AMR. (5) SALAAMUN HIYA HATTAA METWELA`IL FAJR.

INSIGURO:

KW'IZINA RY'IMANA NYENIMPUHWE NYENIMBABAZI:

(1) Mu vy'ukuri Twarayimanuye (Ikoroani) mw'ijoro rya gaciro. (2) Kandi n'iki kizokumenyesha iryo joro ry'agaciro. (3) Ni ijoro ry'agaciro risumba amezi igihumbi. (4) Muri ryo Abamalayika baramanuka (bakoroka) hamwe na Mpwemu ku bw'uruhusha rw'Umuremyi wabo kuri buri kintu. (5) Ryose ni amahoro kugera mu (mutwenzi wa kabiri) ubucagucagu.

| | | |
|---|----------------|---------------------------------------|
| 1 | ANZALNAAHU | Twatanguye kumanura Ikoroani Ihambaye |
| 1 | LAYLATIL-QADRI | Ijoro ry'agaciro n'ubuhambare |
| 4 | ARRUUH | Gabiyeli amahoro abe kuri we |
| 4 | MIN KULLI AMRI | Buri tegeko mu vyiza n'imihezagiro |
| 5 | SALAAMUN HIYA | Ku bakunzi b'Imana bene ukuyubaha |

Ikigabane c'agaciro(Qadri) cavuze kubijanye n'intango y'ukumanuka kw'Ikoroani Nyeranda, n'agaciro k'iryo joro ryitwa Laylatul-Qadri, ko risumba iyindi misi n'amezi bisigaye; kubirimwo mu muco ku bari mu bisabisho, Uwineza (Imana) Nyenicubahiro yahundagajeko abashumba biwe b'abemera Mana; ni akaganuke kubw'ukururuka Ikoroani Itomoye, nk'uko kandi cavuze kubijanye n'ukumanuka kw'Abamalayika Beranda kugera umutwenzi wa kabiri ubanduke, ewe n'ivyo nyene biri mw'ijoro rifise agaciro ntangere, rikaba ari ryiza ku Mana gusumba amezi igihumbi.

سُورَةُ الْبَيِّنَةِ**IKIGABANE CITIRIWE UGUTOMORA:**

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

لَمْ يَكُنِ الَّذِينَ كَفَرُوا مِنْ أَهْلِ الْكِتَابِ وَالْمُشْرِكِينَ مُنْفَكِينَ حَتَّى تَأْتِيَهُمُ الْبَيِّنَةُ (١)
 رَسُولٌ مِّنَ اللَّهِ يَتْلُوا صُحُفًا مُّطَهَّرَةً (٢) فِيهَا كُتِبَ قِيمَةٌ (٣) وَمَا تَفَرَّقَ الَّذِينَ أُوتُوا
 الْكِتَابَ إِلَّا مِنْ بَعْدِ مَا جَاءَتْهُمْ الْبَيِّنَةُ (٤) وَمَا أُمِرُوا إِلَّا لِيَعْبُدُوا اللَّهَ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ
 حُنَفَاءَ وَيُقِيمُوا الصَّلَاةَ وَيُؤْتُوا الزَّكَاةَ وَذَلِكَ دِينُ الْقِيَمَةِ (٥) إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا مِنْ أَهْلِ
 الْكِتَابِ وَالْمُشْرِكِينَ فِي نَارِ جَهَنَّمَ خَالِدِينَ فِيهَا أُولَئِكَ هُمْ شَرُّ الْبَرِيَّةِ (٦) إِنَّ الَّذِينَ آمَنُوا
 وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ أُولَئِكَ هُمْ خَيْرُ الْبَرِيَّةِ (٧) جَزَاءُهُمْ عِنْدَ رَبِّهِمْ جَنَّاتُ عَدْنٍ تَجْرِي مِنْ
 تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ خَالِدِينَ فِيهَا أَبَدًا رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُمْ وَرَضُوا عَنْهُ ذَلِكَ لِمَنْ خَشِيَ رَبَّهُ (٨)

BISMILLAHI RAHMAANI RAHIIM:

(1) LAM YAKUNI LADHIINA KAFARUU MIN AHLIL KITAABI WALMUSH-RIKIINA MUNFAKKIINA HATTAA
 TA-ATYAHUMUL BAYYINA. (2) RASUULUN MINA LAAHI YAT-LUU SWUHUFAN MUTWAHHARA. (3)
 FIIHAA KUTUBUN QAYYIMA. (4) WAMAA TAFARRAQA LADHIINA UUTUL KITAABA ILLAA MIN BA'ADI
 MAA JAA-AT-HUMUL BAYYINA. (5) WAMAA UMIRUU ILLAA LIYA'ABUDU LAAHA MUKH-LISWIINA LAHU
 DIINA HUNAFAA-A WAYUQIIMU SWALAATA WAYU-UTU ZAKAATA WADHAALIKA DIINUL QAYYIMA. (6)

INNALLADHIINA KAFARUU MIN AHLIL KITAABI WALMUSHRIKIINA FIINAARI JAHANNAMA KHAALIDIINA FIIHAA, ULAA-IKA HUM SHARRUL BARIYYA. (7) INNALLADHIINA AAMANUU WA`AMILU SWAALIHAATI, ULAA-IKA HUM KHAIRUL BARIYYA. (8) JAZAA-UHUM `INDA RABBIHIM JANNAATU `ADENIN TAJERII MIN TAHTIHAL ANHAARU KHAALIDIINA FIIHAA ABADAN, RADWIYA LAAHU `ANHUM WARADWUU `ANHU, DHAALIKA LIMAN KHASHIYA RABBAH.

INSIGURO:

KW'IZINA RY'IMANA NYENIMPUHWE NYENIMBABAZI:

(1) Abahakanyi mu bahawe Igitabu (abakrisu n'abayahudi) hamwe n'ababangikanya Mana ntibari guheba ivyo barimwo atari uko babonye igitomoye. (2) Ni Intumwa ivuye ku Mana ibasomera impapuro zisukuye. (3) Muri zo harimwo ivyandiko bitomoye. (4) Kandi abahawe igitabu ntibigeze batandukana atari uko bashikiwe n'iyi ntomoro. (5) Nta kindi bategetswe atari ukugamburukira Imana (ibaada) beza Idini ryayo, bateko bagororoke, bitwararike isengesho no gutanga ishikanwa, iryo niryi Dini ritsimbataye. (6) Mu vy'ukuri abahakanye mu bahawe igitabu n'ababangikanya Mana ni abo mu muriro wa Gehinomu bazobamwo ibihe bidahera, kuko ivyo nivyo biremwa bibi gusumba. (7) Ariko mu vy'ukuri abemeye Imana bakarangwa n'ibikorwa vyiza, abo nibo biremwa vyiza gusumba. (8) Impera zabo ku Muremyi wabo, ni imirima itotahaye yamaha, icamwo imigezi, biberemwo ibihe bidahera, Imana yarabashimiye nabo barayishimira, ivyo ni k'uwutinyi Umuremyi wiwe.

| | | |
|---|-----------------------|--|
| 1 | MUNFAKKIINA | Guheba ivyo barimwo mw'idini |
| 1 | TA-ATYAHUMUL BAYYINAT | Icemezo kirashe ari co Ntumwa (I.a.i.) |
| 2 | SWUHUFAN | Ubwinshi bw'amagazeti (impapuro) |
| 2 | MUTWAHHARAT | Bitagira ikinyoma n'amakenga |
| 3 | FIIHAA KUTUBUN | Imirongo n'amategeko yanditse |
| 3 | QAYYIMAT | Igororotse neza itunganijwe vy'ukuri |
| 4 | MAA TAFARRAQA | Ku Ntumwa (I.a.i.) hagati y'abemera Mana hamwe n'abagarariji |
| 4 | JAA-AT-HUMUL BAYYINAT | Kurongoka, kandi ukuri n'uko batari gutandukana |
| 5 | ADDIINU | Ukugamburuka |
| 5 | HUNAFAA-A | Kuva mu binyoma ugana Ubwislamu |
| 5 | DIINUL QAYYIMAT | Imigenzo itomoye canke Ibitabu vy'ukuri |
| 6 | AL-BARIYYAT | Ibiremwa canke umuntu |

Iki kigabane ceranda caravuze ku bijanye n'inyifato y'Abayahudi hamwe n'Abakrisu ku butumwa bw'Umuhanuzi (Intumwa y'Imana Muhamadi I.a.i.) inyuma y'aho bari bayirindiriyiye, aho rero imariye kubazanira umuco n'urumuri baciye baba aba mbere mu kugarariza ubutumwa bwiwe.

Hanyuma kandi iki kigabane caravuze ku kintu gikomeye mu bijanye n'ukwemera, ari co ukwiyeza mu kugamburukira Imana Ihambaye Musumba vyose, ni co Yategetse ab'amadini yose, mu bwigenge bwa Nyenicubahiro mu kuninahazwa no kwizigirwa hamwe no kumutumbera mu mvugo zose n'ibikorwa vyose.

Sivyo vyonyene, ahubwo caravuze kubijanye n'iherezo ry'inkozi z'ibibi, ziharurwa mu biremwa bibi gusumba ibindi, rero ni mu bahakanyi b'abayahudi n'abakrisu hamwe n'ababangikanya Mana, n'ingene

bazoguma mu muriro udahera. Kandi havuzwemwo iherezo ry'abemera Mana, ingene ari bo biremwa vyiza gusumba abantu bose kandi bazohabwa kwibera ahantu hagaciro, mu matongo meza (yo mu bwami bw'Ijuru), babane n'abahanuzi (Intumwa), imvugakuri, abamaratiri (abapfiriye ku ngwano nyeranda) hamwe n'abarangwa n'ivyiza, kazoba ari agashimwe bivanye n'ukwubaha kwabo hamwe no kwiyeza imbere y'Umuremyi w'ibiremwa vyose.

سُورَةُ الزَّلْزَلَةِ

IKIGABANE CITIRIWE NYAMUGIGIMA:

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

إِذَا زُلْزِلَتِ الْأَرْضُ زِلْزَالَهَا (١) وَأَخْرَجَتِ الْأَرْضُ أَثْقَالَهَا (٢) وَقَالَ الْإِنْسَانُ مَا لَهَا (٣) يَوْمَئِذٍ تُحَدِّثُ أَخْبَارَهَا (٤) بِأَنَّ رَبَّكَ أَوْحَى لَهَا (٥) يَوْمَئِذٍ يَصُدُّرُ النَّاسُ أَشْتَاتًا لِيُرَوْا أَعْمَالَهُمْ (٦) فَمَنْ يَعْمَلْ مِثْقَالَ ذَرَّةٍ خَيْرًا يَرَهُ (٧) وَمَنْ يَعْمَلْ مِثْقَالَ ذَرَّةٍ شَرًّا يَرَهُ (٨)

BISMILLAHI RAHMAANI RAHIIM:

[1] IDHAA ZULZILATIL ARDWU ZILZAALAHAA. (2) WA-AKHERAJATIL ARDWU ATHEQAALAHAA. (3) WAQAALAL INSAANU MAA LAHAA. (4) YAUMA-IDHIN TUHADDITHU AKHEBAARAHAA. (5) BI-ANNA RABBAKA AUHAA LAHAA. (6) YAUMA-IDHIN YASW-DURU NAASU ASHETAATAN LIYURAW A`EMAALAHUM. (7) FAMAN YA`EMAL MITH-QAALA DHARRATIN KHAIRAN YARAH. (8) WAMAN YA`EMAL MITH-QAALA DHARRATIN SHARRAN YARAH.

INSIGURO:

KW'IZINA RY'IMANA NYENIMPUHWE NYENIMBABAZI:

[1] Aho isi izonyiganzwa ukuri ku kunyiganga. (2) Maze isi isohore imitwaro yayo. (3) Niho umuntu azovuga ati; Ibi n'ibiki igize? (4) Ni umusi izovuga inkuru za yo. (5) Kuko Umuremyi wawe Azoba Yayihishuriye. (6) Ni umusi abantu bazosokoroka (mu mva zabo) imigwi migwi kugira ngo berekwe ibikorwa vyabo (bakoze). (7) N'uko rero uwukora iciza kingana n'akantu ide, azokibona. (8) Kandi uwukora ikibi kingana n'akantu ide, azokibona.

| | | |
|---|-------------------------|---|
| 1 | ZULZILATIL ARDWU | Inyigange ukuri ku kunyiganga yisubiriza ku nzamba ya mbere |
| 2 | ATHEQAALAHAA | Ivyari biyirimwo n'abapfuye ku nzamba ya kabiri |
| 4 | TUHADDITHU AKHEBAARAHAA | Itange inkuru z'ivyayikoreweko ivyiza canke bibi |
| 5 | AWHAA LAHAA | Yayibitegetse |
| 6 | YASW-DURU NAASU | Basokoroka mu mva zabo bagana aho begeranirizwa |
| 6 | ASHETAATAN | Batandukanye bivanye n'ivyabashikiye |
| 7 | MITHEQAALA DHARRATIN | Uburemere bungana n'ubuto bw'agasurira canke agakungugu. |

Iki kigabane rero citiriwe ukunyiganga, ni nyamugigima yo ku musi w'umuhero, aho ata kintu kirekire cane izosiga, haba imisozi yaho bizoba ari ibintu bishasha kandi bitangaje, nta muntu numwe

bitazotangaza, nk'isi gusokorora abapfuye, idahwe ivyari mu nda yayo, ibigega vy'agaciro nk'inzahabu n'umujumpu, inagirize buri muntu wese ico yakoreye ku mugongo wayo, ivuga iti; umusi uyu n'uyu wakoze ibi n'ibi, kandi ibi vyose ni mu bitangaje vy'uwo musu uri hejuru uteye ubwoba.

Iki kigabane kandi caraganiriye ingene ibiremwa bizojanwa k'ubutaka bwo kwegeranirizwako (ahari ico kibanza), babandanye mu bwami bw'Ijuru canke mu muriro, kandi uko niko bagabuye mu mirwi ibiri uw'abababaye hamwe n'uw'abanezerewe.

سُورَةُ الْعَادِيَاتِ

IKIGABANE CITIRIWE IFARASI:

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِیْمِ

وَالْعَادِيَاتِ ضَبْحًا (١) فَالْمُورِيَاتِ قَدْحًا (٢) فَالْمُغِيرَاتِ صُبْحًا (٣) فَأَثَرْنَ بِهِ نَقْعًا (٤) فَوَسَطْنَ بِهِ جَمْعًا (٥) إِنَّ الْإِنْسَانَ لِرَبِّهِ لَكَنُودٌ (٦) وَإِنَّهُ عَلَىٰ ذَلِكَ لَشَهِيدٌ (٧) وَإِنَّهُ لِحُبِّ الْخَيْرِ لَشَدِيدٌ (٨) أَفَلَا يَعْلَمُ إِذَا بُعْثِرَ مَا فِي الْقُبُورِ (٩) وَحُصِّلَ مَا فِي الصُّدُورِ (١٠) إِنَّ رَبَّهُم بِهِمْ يَوْمَئِذٍ لَّخَبِيرٌ (١١)

BISMILLAHI RAHMAANI RAHIIM:

(1) WAL`AADIYAATI DWABEHAN. (2) FALMUURIYAATI QADEHAN. (3) FALMUGHIIIRAATI SWUBEHAN. (4) FA-ATHARNA BIHI NAQE`AN. (5) FAWASATWENA BIHI JAM`AN. (6) INNAL INSAANA LIRABBIHI LAKANUUD. (7) WA-INNAHU `ALAA DHAALIKA LASHAHIID. (8) WA-INNAHU LIHUBBIL KHAIRI LASHADIID. (9) AFALAA YA`ELAMU IDHAA BU`UTHIRA MAA FILQUBUUR. (10) WAHUSSWILA MAA FISSWUDUUR. (11) INNA RABBAHUM BIHIM YAUMA-IDHIN LAKHABIIR.

INSIGURO:

KW'IZINA RY'IMANA NYENIMPUHWE NYENIMBABAZI:

(1). Ndarahiye kw'ifarasi iyo zivuduka zihemagira. (2) Kandi niyo ibinono vyazo bitumura umuriro. (3) Iyo zigavye igitero mu gitondo. (4) Maze zikagurutsa inkungugu. (5) No kwinjira hagati mu mugwi. (6) Mu vy'ukuri ikiremwa muntu ni umugararizi w'Umuremyi wiwe. (7) Kandi kiremeza neza na neza ivyo. (8) Ku kaba nkako (uwo muntu) arakunda amatungo birenze urugero. (9) Mbega ntazi ko abari mu mva bazozurwa? (10) Hanegeranywe ibiri mu bikiriza vyose? (11) Mu vy'ukuri Umuremyi wabo kuri uwo musu azoba ari n'inkuru za bose.

| | | |
|---|--------------------------|--|
| 1 | WAL`AADIYAAT | (Indahiro) ijanye n'ifarasi zija kugwana |
| 1 | DWABEHAA | Ni ijwi ry'impwemu iyo ziriko ziriruka |
| 2 | FALMUURIYAATI QADEHAA | Izisohora umuriro iyo zihonyoye nko kw'ibuye |
| 3 | FALMUGHIIIRATI SWUBEHA | Uguhanga n'abansi igihe co mu gitondo |
| 4 | FA-ATHARNA BIHII NAQE`AA | Ziratumura inkungugu igihe ari mu gitondo |
| 5 | FAWASATWENA BIHII JAM`AA | Zirinjira hagati na hagati mu bansi |

| | | |
|----|------------------------|--|
| 6 | INNAL INSAANA | Ni kamere y'ikiremwa muntu kiretse uwo Imana igiriye Ubuntu (iyi ikaba ari n'inyishu y'indahiro) |
| 6 | LAKANUUDE | Ni umuhakanyi w'umugarariji |
| 8 | INNAHU LIHUBBIL KHAYRI | Ku bw'ugukunda amatungo |
| 8 | LASHADIIDE | Uwinguvu mu kigoro ko kuyashikako ayasekeze |
| 9 | BU`UTHIRA | Akurwemwo nk'uko yari ameze ubwa mbere |
| 10 | HUSSWILA | Vyegeranywe kandi vyerekanwe canke bijonjorwe |

Iki kigabane Al'aadiyaati kiravuga ivy'ifarasi zigwana mu nzira y'Imana (Jihadi), iyo ziriko zirahangana n'abansi, rero harumvikana n'ijwi ry'umuvuduko wazo udasanze, zoba zirahonyoye ku mabuye ho hakaka umuriro, kandi ziratumura n'inkungugu.

Kandi iki kigabane ceranda catanguye n'indahiro kw'ifarasi zigwana ku kwerekana icubahiro cazo n'agateka zifise imbere y'Imana, ko kandi ikiremwa muntu ari uwuhakana imihezagiro y'Imana Nyenicubahiro, niko kugarariza ivyiza vyayo, kandi niwe yitangariza ubu buhakanyi n'ubugarariji ku bw'akarimi kiwe n'imvugo ziwe.

Caranavuze kubijanye n'ingeso y'ikiremwa muntu y'ugukunda kwiwe amatungo bimwe birenze urugero.

Maze iki kigabane ceranda gica giheraheza mu gutomora ko mu vy'ukuri iherezo ry'ibiremwa vyose ari ku Mana kugira ngo biharurirwe kandi bihembwe, ku kaba nkako amatungo canke ivyubahiro ntaco bizomara, ahubwo ikizogira ico kimara ni ukwemera hamwe n'ibikorwa vyiza.

سُورَةُ الْقَارِعَةِ

IKIGABANE CITIRIWE UGUHUNGABANA KW'IMITIMA:

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

الْقَارِعَةُ (١) مَا الْقَارِعَةُ (٢) وَمَا أَدْرَاكَ مَا الْقَارِعَةُ (٣) يَوْمَ يَكُونُ النَّاسُ كَالْفَرَاشِ الْمَبْثُوثِ (٤) وَتَكُونُ الْجِبَالُ كَالْعِهْنِ الْمَنْفُوشِ (٥) فَأَمَّا مَنْ ثَقُلَتْ مَوَازِينُهُ (٦) فَهُوَ فِي عِيشَةٍ رَاضِيَةٍ (٧) وَأَمَّا مَنْ خَفَّتْ مَوَازِينُهُ (٨) فَأُمُّهُ هَاوِيَةٌ (٩) وَمَا أَدْرَاكَ مَا هِيَ (١٠) نَارٌ حَامِيَةٌ (١١)

BISMILLAHI RAHMAANI RAHIIM:

(1) ALQAARI`A. (2) MALQAARI`A. (3) WAMAA ADERAAKA MALQAARI`A. (4) YAUMA YAKUUNU NAASU KALFARAASHIL MABETHUUTH. (5) WATAKUUNUL JIBAALU KAL`IHENIL MANFUUSH. (6) FA-AMMAA MAN THAQULATS MAWAAZIINUH. (7) FAHUWA FII `IISHATIN RAADWIYA. (8) WA-AMMAA MAN KHAFFATS MAWAAZIINUH. (9) FA-UMMUHU HAAWIYA. (10) WAMAA ADERAAKA MAA HIYA. (11) NAARUN HAAMIYA.

INSIGURO:

KW`IZINA RY`IMANA NYENIMPUHWE NYENIMBABAZI:

(1). Uguhungabana kw`imitima. (2) N`iki iryo hungabana ry`imitima. (3) Kandi n`iki kizokumenyesha iryo hungabana ry`imitima. (4) Ni umusi abantu bazoba nk`inzige zashwiragiye. (5) Imisozi nayo imere nk`ipampa ryasanzajwe. (6) Uwo iminzani yiwe (y`ivyiza) izoremera. (7) Niwe azokwibera mu buzima bushimishije. (8) Uwundi nawe iminzani (y`ivyiza) vyiwe izoba iremurutse. (9) Azoba muri Hawiya. (10) None uzohabwirwa n`iki. (11) Ni umuriro waka cane.

| | | |
|----|-----------------------|---|
| 1 | ALQAARI`ATU | Umuhero ivyawo bizohungabanya imitima |
| 4 | KALFARAASHI | Ikiguruka nk`imibu yita mu muriro |
| 4 | ALMABETHUUTHI | Igitandukanye gishwiragiye |
| 5 | KAL`IHINI | Nk`ipampa ryatonowe |
| 5 | ALMANFUUSHI | Igitandukanijwe n`intoke n`ibindi nk`ivyo |
| 6 | THAQULAT MAWAAZIINUHU | Harengeye igipimo c`ivyiza |
| 8 | KHAFFAT MAWAAZIINUHU | Harengeye igipimo c`ibibi |
| 9 | FAUMMUHU HAAWIYATU | Gushikira muri Gehinomu akorokeyemwo |
| 10 | MAA HIYAH | Ikomoka kw`ijambo: MAA HIYA = Hanyuma (Urudome -H-ruri ku mpera) ni urwo kuruhukirako |

Ikigabane ca Alqaariatu cavuze ivy`umuhero n`inkuru zawo, n`iherezo n`ingorane zaho, hamwe n`ibizoberamwo ibitangaro bidasanzwe, nk`abantu gusokoroka mu mva zabo, kuri uwo musu urizina bashwiragire nk`inzige zigurutse zashwiragiye, baza bagenda ata gahunda, ku bw`ingorane gusa n`uguhungabana vy`uwo musu ugoye.

Kandi kiravuga ivyo gukurwako imisozi ikaguruka, ice imera nk`ipampa ritonowe rihuhereye n`umuyaga, inyuma yaho ryari ritekanye kw`isi, harageranijwe hafi na hafi hagati y`abantu n`imisozi, ku kugabisha kw`iryo hungabana ry`imisozi, kugera aho imera nk`ipampa ryasanzajwe, none abantu bazoba bameze gute kuri uwo musu ugoye?

Iki kigabane ceranda casozereye kivuga iminzani yo gupima ibikorwa vy`abantu, n`ibiremwa kugaburwamwo abanezerwa n`abababara, bivanye n`uburemere bw`iminzani n`ukworoha kwayo.

سُورَةُ التَّكْوِيْنِ

IKIGABANE CITIRIWE IVYINSHI:

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

أَلْهَآكُمُ التَّكَاثُرُ (١) حَتَّىٰ زُرْتُمُ الْمَقَابِرَ (٢) كَلَّا سَوْفَ تَعْلَمُونَ (٣) ثُمَّ كَلَّا سَوْفَ تَعْلَمُونَ (٤) كَلَّا لَوْ تَعْلَمُونَ عِلْمَ الْيَقِينِ (٥) لَتَرَوُنَّ الْجَحِيمَ (٦) ثُمَّ لَتَرَوُنَّهَا عَيْنَ الْيَقِينِ (٧) ثُمَّ لَتَسْأَلَنَّ يَوْمَئِذٍ عَنِ النَّعِيمِ (٨)

BISMILLAHI RAHMAANI RAHIIM:

[1] ALHAAKUMU TAKAATHUR. (2) HATTAA ZURTUMUL MAQAABIR. (3) KALLAA SAUFA TA`ELAMUUN. (4) THUMMA KALLAA SAUFA TA`ELAMUUN. (5) KALLAA LAW TA`ELAMUUNA `ILMAL YAQIIN. (6) LATARAUNNAL JAHIIIM. (7) THUMMA LATARAUNNAHAA `AINAL YAQIIN. (8) THUMMA LATUSE-ALUNNA YAUMA-IDHIN `ANINNA`IIM.

INSIGURO:

KW'IZINA RY'IMANA NYENIMPUHWE NYENIMBABAZI:

(1). Mwasamajwe no kurondera vyinshi. (2) Kugera aho mwinjizwa mu mva. (3) Si uko, ahubwo muzomenya. (4) Kandi s'uko, ahubwo muzomenya. (5) Burya iyo muza kumenya ukuri kwamye. (6) Ni uko kwirabira neza na neza umuriro. (7) Kandi muzowirabira ukuri kwamye imbona nkubone. (8) Hanyuma mu vy'ukuri kuri uwo musu (w'umuhero) mubazwe ku mihezagiro.

| | | |
|---|---------------------------------|--|
| 1 | ALHAAKUM | Murahuze mugishingo co kwubaha Umuremyi wanyu |
| 1 | ATTAKAATHURU | Amahiganwa y'ubwinshi bw'umunezero w'isi |
| 2 | ZURTUMUL MAQAABIRA | Murapfuye no kuzikwa mu matongo y'abapfuye |
| 5 | LAW TA'ALAMUUNA `ILMAL YAQQIYNI | Iyo muza kumenya neza na neza ukuri kwamye kw'ivyo mwahengamiyemwo vy'ugusamarira ivyinshi |
| 6 | LATARAWUNNAL JAHIYMA | Kw'izina ry'Imana mutegerezwa kubona umuriro udahera |
| 7 | `AYNAL YAQIINA | Umutima wirabire, ariko gushengerera |
| 8 | ANNA`IIMA | Ari vyo vyabasamaje mu kureka kwubaha Umuremyi wanyu |

Ikigabane ca Attakaathuru cavuze ivy'abantu gusamarira ivy'ubuzima, maze biyegeraniriza ivy'isi bihona, baza babona urupfu rurabihagaritse vyose, kandi bikabashikira giturumbuka, niho baca bimurwa bakurwa mu mazu yabo batwarwa mu matongo y'abapfuye.

Kandi iki kigabane cabandanije gisubiramwo mu guhungabanya (imitima) no kugabisha no gutera ubwoba abantu, kibagabisha ku makosa yabo, ku kungene bahugiye kubihera mu gishingo c'ibisigara.

Iki kigabane ceranda casozereye gishira ahabona ingorane n'ibihe bidasanze bizoshika kw'iherezo, ata numwe bizokorohera ngo canke abirokoke kiretse umwemera Mana, kuko niwe azoba yaratanguje ibikorwa vyiza.

سُورَةُ الْعَصْرِ

IKIGABANE CITIRIWE UMUHINGAMO:

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

وَالْعَصْرِ (١) إِنَّ الْإِنْسَانَ لَفِي خُسْرٍ (٢) إِلَّا الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ
وَتَوَّصَّوْا بِالْحَقِّ وَتَوَّصَّوْا بِالصَّبْرِ (٣)

BISMILLAHI RAHMAANI RAHIIM:

[1] WAL`ASWR. (2) INNAL INSAANA LAFII KHUSR. (3) ILLA LADHIINA AAMANUU WA`AMILU SWAALIHATI WATAWAASWAW BILHAQQI WATAWAASWAW BISSWABR.

INSIGURO:

KW'IZINA RY'IMANA NYENIMPUHWE NYENIMBABAZI:

[1] Ndarahiye ku gihe. (2) Ko ikiremwa muntu kiri mu ruhombu. (3) Kiretse abemeye (Imana) batako bakora ibikorwa vyiza maze bahanurana ukuri kandi bahanurana no kwihangana.

| | | |
|---|---------------------|---|
| 1 | WAL`ASWRI | (Ni indahiro) ku kiringo canke igihe c'ubuhanuzi |
| 2 | INNAL INSAANA | Ikiremwa muntu (inyishu y'indahiro) |
| 2 | LAFII KHUSRI | Ingorane n'uruhombo no gutikira |
| 3 | TAWAASWAW BIL HAQQI | Ku vyiza vyose mu myemerere no mu bikorwa |
| 3 | TAWAASWAW BISSWABRI | Kubijanye no gucumura, kubaha hamwe n'ibigeragezo |

Ikigabane ca Asri cazananye intumbero ngufi kandi itomoye, ku gushira ahabona imvo yotuma ikiremwa muntu kinezera canke kibaho nabi, no kuronka intsinsi muri ubu buzima canke ahahombere harimwo no gutikira kwiwe.

Imana yararahiye ku gihe ari co kiringo c'iherezo ry'ukubaho kw'ikiremwa muntu, n'ibintu bizoba birimwo bitangaje, n'icigwa cerekana ububasha bw'Imana n'ubuhinga bwayo, ko mu vy'ukuri ikiremwa muntu kiri mu ngorane n'uruhombo, kiretse uwurangwa n'ibintu bine na vyo ni: Ukwemera nakwo kugizwe n'ubumenyi, ibikorwa vyiza, guhanurana ukuri mw'ivugabutumwa ku bumenyi hamwe no kubushira mu ngiro, no gusenyerera hamwe mu kwihangana kujanye n'ubumenyi n'ibikorwa hamwe n'ivugabutumwa, ari nayo ntandaro yo guhezagira, ukaba n'umushinge w'idini, kuri ibi imamu Shafii (Imana imugirire impuhwe) yavuze ati; Naho vyari gushika Imana Ntimanure ibindi bigabane atari iki conyene cari kuba kimaze ku bantu.

سورة الهمزة

IKIGABANE CITIRIWE INSAKU:

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

وَيْلٌ لِّكُلِّ هُمَزَةٍ لُّمَزَةٍ (١) الَّذِي جَمَعَ مَالًا وَعَدَّدَهُ (٢) يَحْسَبُ أَنَّ مَالَهُ أَخْلَدَهُ (٣) كَلَّا
لَيُنْبَذَنَّ فِي الْحُطَمَةِ (٤) وَمَا أَدْرَاكَ مَا الْحُطَمَةُ (٥) نَارُ اللَّهِ الْمَوْقُودَةُ (٦) الَّتِي تَطَّلِعُ عَلَى
الْأَفْنَدَةِ (٧) إِنَّهَا عَلَيْهِمْ مُّوَسَّدَةٌ (٨) فِي عَمَدٍ مُمَدَّدَةٍ (٩)

BISMILLAHI RAHMAANI RAHIIM:

[1] WAILUN LIKULLI HUMAZATIN LUMAZA. (2) ALLADHII JAMA`A MAALAN WA`ADDADAH. (3) YAH-SABU ANNA MAALAHU AKHELADAH. (4) KALLAA LAYUMBADHANNA FILHUTWAMA. (5) WAMAA ADERAAKA MALHUTWAMA. (6) NAARU LAAHIL MUUQADA. (7) ALLATII TATTWALI`U `ALAL AF-IDA. (8) INNAHAA `ALAIHIM MU-USWADA. (9) FII `AMADIN MUMADDADA.

INSIGURO:

KW'IZINA RY'IMANA NYENIMPUHWE NYENIMBABAZI:

[1] Aragowe uwinsaku kandi arementanya. (2) Afise intumbero yo kwiyegeeririza amatungo no kuyaharura. (3) Yiyumvira ko mu vy'ukuri amatungo yiwe azomurambisha. (4) Oya s'uko. Azotererwa muri Hutwama. (4) Iyo Hutwama uyitahura gute. (5) Ni umuriro w'Imana wakijwe. (6) Udugira mu gikiriza. (7) N'ukuri niwo bazofungirwamwo. (8) Ku nkingi zigororotse.

| | | |
|---|--------------------------|--|
| 1 | WAILUN | Ibihano canke gutikira canke umubande muri Gehimomu |
| 1 | HUMAZATIN LUMAZATIN | Umwagiriji, uwinsaku, hamwe n`uwutorana utunenge kubantu |
| 2 | `ADDADAHU | Ayaharura, canke yiha umwanya wo kuyasubiramwo |
| 3 | AKHELADAHU | Amurambisha mw'isi |
| 4 | LAYUMBADHANNA | Gutabwa |
| 4 | ALHUTWAMATI | Gehinomu, mu guturira ico cose kiwutawemwo |
| 7 | TATTWALI`U `AL AFEIDATI | Ubushuhe bwawo butwikira hagati na hagati mu gikiriza |
| 8 | MUUSWADATU | Ingazi imiryango yayo yugaye |
| 9 | FII `AMADIN MUMADDADATIN | Ku nkingi zigoroye neza ku miryango yazo |

Iki kigabane citiriwe insaku kiravuga kubijanye n`abantu bihaye intumbero yogutora utunenge ku bandi , no mu kubarira utwabo, mu kubavuga nabi no kubaka agaciro kabo mu kubakengera hamwe no kubafyinatisha.

Ni nk'uko kandi cavuze nabi abo ubwenge bwabo bwatwawe n`amatungo mbere badashobora kuyakoresha mu vyo yagenewe, nk'uko umengo bazorambira muri ubwo buzima, ubujuju bwabo no gusamara vyatumye biyumvira ko azobagumiza kw'isi.

Iki gabane casozereye kivuga ivy'impera z'abo bantu bameze nabi, ko iherezo ryabo ari mu muriro kandi bitazoborohera na gato, ukaba uzaturira inkozi z'ibibi zose n'uwo wese azowutabwamwo mu bantu.

سُورَةُ الْفِيلِ

IKIGABANE CITIRIWE INZOVU:

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

أَلَمْ تَرَ كَيْفَ فَعَلَ رَبُّكَ بِأَصْحَابِ الْفِيلِ (١) أَلَمْ يَجْعَلْ كَيْدَهُمْ فِي تَضْلِيلٍ (٢) وَأَرْسَلَ عَلَيْهِمْ طَيْرًا أَبَابِيلَ (٣) تَرْمِيهِمْ بِحِجَارَةٍ مِّن سِجِّيلٍ (٤) فَجَعَلَهُمْ كَعَصْفٍ مَّأْكُولٍ (٥)

BISMILLAHI RAHMAANI RAHIIM:

(1) ALAM TARA KAIFA FA`ALA RABBUKA BI-ASWEHAABIL FIIL. (2) ALAM YAJE`AL KAIDAHUM FII TADWELIIL. (3) WA-ARSALA `ALAIHIM TWAIRAN ABAABIIIL. (4) TARMIIHIM BIHIJAARATIN MI SIJJIIIL. (5) FAJA`ALAHUM KA`ASW-FIN MAEKUUL.

INSIGURO:

KW'IZINA RY'IMANA NYENIMPUHWE NYENIMBABAZI:

(1] Mbega waruzi inkuru y'ingene Umuremyi wawe yagize abantu b'inzovu. 2] Mbega ntiyazimanganije imigambi yabo mibi. 3] Maze Ibarungikira inyoni ziri mu mirwi mirwi. 4] Zibatera utubuye tuvuye mu muriro wa Gehinomu. 5] Bahindurwa nk'ivyatsi vyahekenwe.

| | | |
|---|--------------------|--|
| 1 | BIASWEHAABIL FIIL | Abraha n'ingabo ziwe. |
| 2 | YAJE`AL KAIDAHUM | Inguvu zabo zo kubomora Alkaaba. |
| 2 | TADWELIIL | Ugutakaza no kwankirwa hamwe no guhomba. |
| 3 | TWAIRAN ABAABIIIL | Imirwi itandukanye ariko iri ku rutonde. |
| 4 | SIJJIIIL | Ibeto ishushu. |
| 5 | KA`ASWEFIN MAEKUUL | Ivyatsi vyariwe n'ibikoko, canke amase. |

Ikigabane citiriwe Inzovu, kiravuga kubijanye n'inkuru y'abantu bari bitwaje Inzovu zo kugenda guhenura Alkaaba Nyeranda, maze Imana Igira imigambi yabo ingaruka kuri bo, mu gukingira inzu Yayo ntibayigarurire no kuyikorera ikibi, Irungikira Abraha n'ingabo ziwe ibiremwa vyayo biciriritse, navyo n'inyoni zaba zitwaje utubuye dutonya hagati y'amano yazo, natwo mu gutikiza twaba dusumvywa inguvu amasase yica, harageze aho Imana Ibatikiza mu kubahonya gushika kuwa nyuma, ico gihe hari mu kiringo havuka Uwicubahiro ku biremwa Muhamadi mwene Abdallah amahoro y'Imana n'imigisha vya Yo bibe kuri we, hakaba hari mu mwaka w'amajana atanu na mirongo indwi kuva Yesu Imana imuhe amahoro avutse, ibi vyabaye vyerekanye neza neza ukuri ku buhanuzi bwiwe (Muhamadi) Imana imuhe amahoro n'imigisha.

IKIGABANE CITIRIWE ABAKURAISHI:

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ
 لِإِيلَافِ قُرَيْشٍ (١) إِيْلَافِهِمْ رِحْلَةَ الشِّتَاءِ وَالصَّيْفِ (٢) فَلْيَعْبُدُوا رَبَّ هَذَا الْبَيْتِ
 (٣) الَّذِي أَطْعَمَهُمْ مِنْ جُوعٍ وَآمَنَهُمْ مِنْ خَوْفٍ (٤)

BISMILLAHI RAHMAANI RAHIIM:

[1] LI-IILAAFI QURAISHIN. [2] IILAAFIHIM RIHLATA SHITAA-I WA SWAIFI. [3] FAL-YA`ABUDUU RABBA HAADHAL BAITI. [4] ALLADHII ATWE`AMAHUM MIN JUU`IN WA AAMANAHUM MIN KHAWFIN.

INSIGURO:

KW'IZINA RY'IMANA NYENIMPUHWE NYENIMBABAZI:

[1] Niko Abakuraishi bari bamenyereye. [2] Bari bamenyereye ingendo zabo zo mu rushana n'ici. [3] Kuri ubwo rero nibasenge Umuremyi w'iyi nzu. [4] Kuko Niwe Abafungurira iyo bashonje akongera Akabaha amahoro mu gihe c'ubwoba.

| | | |
|---|----------------------|---|
| 1 | LI-IILAAFI QURAISHIN | Akamenyero: Imana Yatikije abantu b'inzovu kugira ngo Abakuraishi bibandanirize I Makka n'urugendo rwo mu rushana no mu ci. |
|---|----------------------|---|

Iki kigabane caribanze ku mihezagiro y'Imana Nyenicubahiro ku bantu b'I Makka, aho bari bafise ingendo zibiri: Urugendo rwo mu rushana ruja I Yemeni, n'urugendo rwo mu ci ruja I Shamu, bazigira kubera urudandazwa, rero Imana Yarahazagiye Abakuraishi ibintu bibiri bihambaye mu mihezagiro Yayo myinshi nayo ikaba ari: Uguhundagazwako amahoro no kwidagemvya, ubutunzi hamwe n'ukworoherezwa.

سُورَةُ الْمَاعُونِ**IKIGABANE CITIRIWE IGITIZANYO:**

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ
 أَرَأَيْتَ الَّذِي يُكَذِّبُ بِالذِّينِ (١) فَذَلِكَ الَّذِي يَدْعُ الْيَتِيمَ (٢) وَلَا يَحْضُرُ عَلَى طَعَامِ
 الْمَسْكِينِ (٣) فَوَيْلٌ لِلْمُصَلِّينَ (٤) الَّذِينَ هُمْ عَنْ صَلَاتِهِمْ سَاهُونَ (٥) الَّذِينَ هُمْ يُرَاءُونَ
 (٦) وَيَمْنَعُونَ الْمَاعُونَ (٧)

BISMILLAHI RAHMANI RAHIIM:

[1] ARA-AITA LADHII YUKAZDHIBU BIDDIINI. [2] FADHAALIKA LADHII YADU`EUL YATIIMA. [3] WALAA YAHUDDWU `ALAA TWA`AAMIL MISKIINI. [4] FAWAILUN LILMUSWALLIINA. [5] ALLADHIINA HUM `AN SWALAATIHIM SAAHUUNA. [6] ALLADHIINA HUM YURAA-UUNA. [7] WA YAMNA`UUNAL MAA`UUN.

INSIGURO:

KW`IZINA RY`IMANA NYENIMPUHWE NYENIMBABAZI:

[1] Mbega wabonye uwo wese agarariza impera. [2] Uwo ni wawundi ahenura impfuyi. [3] Kandi ntagira akigoro ko kugaburira abakene. [4] Rero ibihano biri ku basenga. [5] Babandi bafata amasengesho yabo minenerwe. [6] Abashaka gushimwa. [7] Kandi bakaba ataco batizanya.

| | | |
|---|---------------------|---|
| 1 | ARA-AITA LADHII | Mbwira! Ni nde mugararizi? |
| 1 | YUKAZDHIBU BIDDIINI | Ni uwugarariza impera ku kwanka izurwa |
| 2 | YADU`EUL YATIIMA | Aramuhenura ashimitse amuhora ukuri kwiwe |
| 3 | LAA YAHUDDWU | Nta n`umwe ahimiriza |
| 4 | FAWAILUN | Ibihano canke gutikira canke umubande muri Gehinomu |
| 4 | LILMUSWALLIINA | Uburyarya canke ukwiyerekana |
| 5 | SAAHUUNA | Abasamara batavyitayeho |
| 6 | YURAA-UUNA | Intumbero ni ukwiyerekana mu bikorwa |
| 7 | ALMAA`UUNA | Nk`ishoka, isefuriya, isahani canke urushinge. |

Iki kigabane cavuze mu ncamake imigwi ibiri y`abantu, nabo ni:

- Umuhakanyi agarariza imigisha y`Imana, kandi ahakana umusi wo guharurirwa hamwe n`impera.
- Irdyarya idakora ikintu kubera Imana, ahubwo ibikorwa vyawe ni ukwiyerekana no mu masengesho.

Rero umurwi wa mbere: Imana Yarawuvuzeko ingeso zawo zitari nziza, zo kuburagiza impfuyi ubicishije mu gashavu, nta n`iciza bakora c`ukwibutsa ico abakene n`aboro bipfuzwa, nta ciza bakora mu kugamburukira Umuremyi wabo canke ngo bakorere ineza ibiremwa Vyawe.

Umurwi wakabiri nawo: Ni uw`irdyarya, abasamaye ku masengesho yabo, ntibayatunganiriza ku mwanya wayo, ni babandi barihagurukira kw`ishusho bitari mu mutima, bereka abantu ibikorwa vyabo.

Iyi mirwi yose yasezeraniwe ibihano no gutikira, baterwa ivyatsi m`ukwamirirwa kure, hakoreshejwe ubuhinga budasanzwe kandi butangaje bivanye n`ivyo bikorwa!.

سُورَةُ الْكَوْثَرِ

IKIGABANE CITIRIWE URUZI RWA KAUTHAR:

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

إِنَّا أَعْطَيْنَاكَ الْكَوْثَرَ (١) فَصَلِّ لِرَبِّكَ وَانْحَرْ (٢) إِنَّ شَانِئَكَ هُوَ الْأَبْتَرُ (٣)

BISMILLAHI RAHMANI RAHIIM.

[1] INNA A`ATWAINAAKAL KAUTHARA. [2] FASWALLI LIRABBIKA WAN-HAR. [3] INNA SHAANI-AKA HUWAL ABETAR.

INSIGURO:

KW`IZINA RY`IMANA NYENIMPUHWE NYENIMBABAZI:

[1] Mu vy`ukuri Twaraguhaye (uruzi ruri mu bwami bw`ljuru rwitwa) Kauthar. (2) Rero senga wongere ubage ku bw`Umuremyi wawe. (3) Kuko umushinyaguzi wawe niwe azokwipumbereza.

| | | |
|---|------------------------|---|
| 1 | A`ATWAINAAKAL KAUTHARA | Uruzi ruri mu bwami bw`ljuru canke ivyiza vyinshi |
| 2 | INHAR | Ibimazi bitangwa mu gushimira Imana Nyenicubahiro |
| 3 | SHAANIAKA | Uwukwinuba |
| 3 | HUWAL ABETAR | Uwo zihinduye imirisho n`ivyiza kumuherana |

Iki Kigabane ca Kauthar kiravuga ingene Imana Yahezagiye Intumwa yayo nziza, mu kuyiha ivyiza vyinshi, n`ingabire (inema) nyinshi mw`isi no kw`iherezo, muri zo harimwo uruzi rwitwa Kauthar n`ibindi vyiza bihambaye muri rusangi, kikaba gihamagarira Intumwa (Imana Imuhe amahoro n`imigisha) ukwamizako isengesho, no gutanga ibimazi ku gushimira Imana.

Mu gusozera Ikiigabane hajemwo ukwerekana ukumaramara ku bansi b`Intumwa y`Imana (Imana Imuhe amahoro n`imigisha), maze cerekana ko uwumwinuba no ku mushinyagurira azosuzugurika, ko kandi azobura ayo acira nayo amira kw`isi no ku muhero, caranavuze ukurerurwa kw`Intumwa y`Imana kwuvugirwa ahabona mu mamimbari, n`izina ryiwe ryubashwe kuri buri rurimi, ryirambire imyaka yose.

سُورَةُ الْكَافِرُونَ

IKIGABANE CITIRIWE ABAHAKANYI:

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

قُلْ يَا أَيُّهَا الْكَافِرُونَ (١) لَا أَعْبُدُ مَا تَعْبُدُونَ (٢) وَلَا أَنْتُمْ عَابِدُونَ مَا أَعْبُدُ (٣) وَلَا أَنَا عَابِدٌ مَا عَبَدْتُمْ (٤) وَلَا أَنْتُمْ عَابِدُونَ مَا أَعْبُدُ (٥) لَكُمْ دِينُكُمْ وَلِيَ دِينِ (٦)

BISMILLAHI RAHMAANI RAHIIM

[1] QUL YAA AYYUHAL KAAFIRUUN. (2) LAA A`EBUDU MAA TA`EBUDUUN. (3) WALAA AN-TUM `AABIDUUNA MAA A`EBUD. (4) WALAA ANA `AABIDUN MAA `ABADTUM. (5) WALAA AN-TUM `AABIDUUNA MAA A`EBUD. (6) LAKUM DIINUKUM WALIYA DIIN.

INSIGURO:

KW`IZINA RY`IMANA NYENIMPUHWE NYENIMBABAZI:

(1) Vuga uti: Emwe bahakanyi! (2) Ntabwo nsenga ivyo musenga. (3) Kandi na mwebwe ntimusenga uwo nsenga. (4) Vyongeye Jewe si ndi uwusenga ivyo musenga. (5) Namwe kandi ntimusenga uwo nsenga. (6) Murafise idini ryanyu nanje nkagira iry'iwanye.

| | | |
|---|----------------|---|
| 6 | LAKUM DIINUKUM | Ukubangikanya Imana kwanyu no guhakana kwanyu, canke impera zavyo |
| 6 | LIYA DIINI | Ukwiyeza kwanje no guha Imana ubwigenge, canke impera zavyo |

Ikigabane ca Alkaafiruuna ni ikigabane cerekana ubwigenge bw'Imana (Allah), no gutera ivyatsi ukubangikanya Imana no kuzimira. Ababangikanyamana bahamagariye Intumwa y'Imana (Muhamadi, Imana Imuhe amahoro n'imigisha) ibiganiro, maze bamusaba ko yosenga ibisanamu vyabo umwaka, nabo basenge Imana yiwe ikiringo c'umwaka. Niho haca hamanuka ikigabane caje kije guhebuza abahakanyi, mbere kirasigura ido n'ido ubudasa hagati y'imigwi ibiri; Uw'abemera Mana hamwe n'uwabasenga ibigirwamana. Kandi carahaye inyishu ibereye abahakanyi ku vyiyumviro vyabo bidafashe ukwo biri kwose n'uko bavyakira kwose.

سورة النصر

IKIGABANE CITIRIWE IMFASHANYO:

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ
 إِذَا جَاءَ نَصْرُ اللَّهِ وَالْفَتْحُ (١) وَرَأَيْتَ النَّاسَ يَدْخُلُونَ فِي دِينِ اللَّهِ أَفْوَاجًا (٢)
 فَسَبِّحْ بِحَمْدِ رَبِّكَ وَاسْتَغْفِرْهُ إِنَّهُ كَانَ تَوَّابًا (٣)

BISMILLAHI RAHMANI RAHIIM:

(1) IDHAA JAA-A NASWRU LAAHI WAL FAT-HU. (2) WA RA-AITA NAASA YADKHELUUNA FII DIINI LAAHI AF-WAAJAN. (3) FASABBIH BIHAMDI RABBIKA WASTAGHEFIRHU INNAHU KAANA TAWWAABAN.

INSIGURO:

KW'IZINA RY'IMANA NYENIMPUHWE NYENIMBABAZI:

(1) Aho hazozira imfashanyo y'Imana hamwe no kubohora. (2) Hanyuma ukaza ubona abantu binjira mw'Idini ry'Imana imigwi migwi. (3) Kur'ubwo rero uzoce uninahaza ushimagiza Umuremyi wawe kandi umusabe n'ikigongwe, kuko Ni Nyene uguharira ivyaha.

| | | |
|---|--------------------------|---|
| 1 | JAA-A NASWRU LAAHI | Agufashe abansi |
| 1 | FAT-HU | Ukugurura igisagara c'I Makka mu mwaka wa 8 H. wo kwimuka |
| 2 | AF-WAAJAN | Imigwi myinshi |
| 3 | FASABBIH BIHAMDI RABBIKA | Guha agaciro Nyenicubahiro no kumushimagiza |
| 3 | KAANA TAWWAABAN | Uwakira cane ukwigaya kw'abashumba biwe |

Ikigabane ca Naswri kiravuga ibijanye no kuronka intsinzi yo kugurura igisagara c'i Makka, ari vyo vyahaye agaciro Abaislamu. Ni naho Ubwislamu bwaciye bukwiragira ibihugu vy'abarabu. Iyi ntsinzi

idasanzwe, abantu baciye biyinjirira mw'idini ry'Imana. Kandi n'ibendera ry'ubwislamu ryaciye riduzwa. Ni nayo mvo yo guhebana n'imigenzo y'ibisanamu. Iyi nkuru yo kugurura igisagara c'I Makka imbere y'uko bishika, yarerekanye ikimenyetso c'ukuri kw'Intumwa y'Imana (Imana imuhe amahoro n'imigisha).

سُورَةُ الْمَسَدِ

IKIGABANE CITIRIWE IKIZIRIKO:

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

تَبَّتْ يَدَا أَبِي لَهَبٍ وَتَبَّ (١) مَا أَغْنَىٰ عَنْهُ مَالُهُ وَمَا كَسَبَ (٢) سَيَصْلَىٰ نَارًا ذَاتَ لَهَبٍ (٣) وَامْرَأَتُهُ حَمَّالَةَ الْحَطَبِ (٤) فِي جِيدِهَا حَبْلٌ مِّن مَّسَدٍ (٥)

BISMILLAHI RAHMANI RAHIIM:

(1) TABBAT YADAA ABII LAHABIN WATABBE. (1) MAA AGHENAA `ANHU MAALUHU WAMAA KASABE. (3) SAYASWELAA NAARAN DHATA LAHABE. (4)WAMRA-ATUHU HAMMAALATAL- HATWABE. (5) FII JIIDIHAA HABELUN MIN MASADE.

INSIGURO:

KW'IZINA RY'IMANA NYENIMPUHWE NYENIMBABAZI:

(1] Amaboko ya Abou Lahabi aratikiye kandi nawe ubwiwe aragowe. (2) Amatungo yiwe ntaco azomumarira hamwe n'ivyo yegeranije. (3) Azokwinjira mu muriro waka cane. (4) Hamwe n'umugore wiwe atwaye inkwi. (5) Mw'izosi ryiwe hari ikiziriko gitsivye.

| | | |
|---|-------------------|--|
| 1 | TABBAT | Aratikiye, canke arahomvye, canke ari n'ingorane. |
| 1 | WATABBA | Yamaze gutikira, canke guhomba, canke guhura n'ingorane. |
| 2 | MAA AGHENAA `ANHU | Ntibimukingira ingorane. |
| 2 | MAA KASABA | Ivyo yiyegeranirije ku gatwe kiwe. |
| 3 | SAYASWELAA NAARAN | Azowinjira canke akubitwe n'ubushuhe bwawo. |
| 5 | FII JIIDIHAA | Mw'izosi ryiwe. |
| 5 | MIN MASADIN | Mu kiziriko gikomeye. |

Ikigabane ca Almasade, kiravuga ku nkuru y'ugutikira kwa Abou Lahabi sewabo n'Intumwa y'Imana, kandi akaba yari umwansi w'Imana n'Intumwa yayo. Yari afitiye urwanko rudasanze Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha). Yarareka ivyo arimwo, akitwararika kuburizamwo ubutumwa bw'Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha). Kandi yarabuza abantu kuyemera. Ni naco gituma iki kigabane camubariye ko azoja mu muriro waka cane, akazwinjira ku musu w'umuhero maze umuturire. Imiryango n'amatungo yiwe ntaco bizomumarira. Mbere bazoshirwa hamwe n'umugore wiwe anisangije ibara ry'ibihano bikomeye, vy'ikiziriko gitsivye neza kiboheye mu muriro mu mvo y'ukwongererezwa ibihano no guhona.

سُورَةُ الْإِنْخِلَاصِ

IKIGABANE CITIRIWE UKWIYEZA:

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

قُلْ هُوَ اللَّهُ أَحَدٌ (١) اللَّهُ الصَّمَدُ (٢) لَمْ يَلِدْ وَلَمْ يُولَدْ (٣) وَلَمْ يَكُنْ لَهُ كُفُوًا أَحَدٌ (٤)

BISMILLAHI RAHMAANI RAHIIM:

(1) QUL HUWA LAAHU AHAD. (2) ALLAHU SWAMADE. (3) LAM YALIDE WA LAM YUULADE. (4) WA LAM YAKUN LAHUU KUFUWAN AHAD.

INSIGURO:

KW'IZINA RY'IMANA NYENIMPUHWE NYENIMBABAZI:

(1) Vuga uti: Imana Ni Imwe. (2) Imana Mwizigirwa. (3) Ntiyavyaye, kandi Ntiyavyawe. (4) Kandi Ntigereranywa n'ikintu na kimwe.

| | | |
|---|-----------------|--|
| 2 | ALLAAHU SWAMADU | Niyo Yonyene Mwizigirwa mu bikenewe vyose. |
| 4 | KUFUWAN | Akarorero. |

Iki kigabane ca Ikhlaaswi; Kiraganira ku Vyubahiro vy'Imana (Allah) Nyenicubahiro Imwe Rudende, Ihundagayeko Ivyubahiro bikwiye, Ikenerwa umwanya uwari wo wose, Umutunzi atawundi abufise, Itarangwa n'utunenge. Carishuye kandi Abakrisu bavuga ubutatu bweranda, no ku babangikanyamana basenga ibisanamu. Imana Ni Nyeranda ku vyo bayivugako, Iri hejuru ya vyose kandi Niyo nkuru.

سُورَةُ الْفَلَقِ

IKIGABANE CITIRIWE IGITONDO:

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ الْفَلَقِ (١) مِنْ شَرِّ مَا خَلَقَ (٢) وَمِنْ شَرِّ غَاسِقٍ إِذَا وَقَبَ (٣) وَمِنْ
شَرِّ النَّفَّاثَاتِ فِي الْعُقَدِ (٤) وَمِنْ شَرِّ حَاسِدٍ إِذَا حَسَدَ (٥)

BISMILLAHI RAHMAANI RAHIIM:

[1] QUL A'UUDHU BIRABBIL FALAQI. (2) MIN SHARRI MAA KHALAQA. (3) WA MIN SHARRI GHAASIQIN IDHAA WAQABA. (4) WA MIN SHARRI NAFFAATHAATI FIL`UQADI. (5) WAMIN SHARRI HAASIDIN IDHAA HASADE.

INSIGURO:

KW'IZINA RY'IMANA NYENIMPUHWE NYENIMBABAZI:

[1] Vuga uti: Ndikinze ku Muremyi w'igitondo. (2) Bivanye n'ingorane z'ivyo Yaremye. (3) N'ingorane z'ijoro iyo bwije. (4) N'ingorane z'abahuhera (z'abarozi) mu mapfundo. (5) Hamwe n'ingorane z'uwinzigo iyo ariko arayigira.

| | | |
|---|--------------------------|---|
| 1 | A`UUDHU | Ndiyegereje, kandi ndasavye indaro. |
| 1 | BIRABBIL FALAQI | Ku Muremyi w'igitondo. |
| 3 | SHARRI GHAASIQIN | Ingorane z'ijoro. |
| 3 | WAQABA | Hinjiye umwiza waryo hose. |
| 4 | ANNAFFAATHAATI FIL`UQADI | Abagore b'abarozi bahuhera mu mapfundo y'inuzi mu gihe bariko bararoga. |

Muri iki kigabane ca Falaqi; Harimwo inyigisho ku bashumba, zibabwiriza kugana kuri Nyenimpuhwe (Arrahman-Allah) abakingire. Kandi bikinge ku cubahiro Ciwe n'inguvu Ziwe, bivanye n'ingorane z'ibiremwa Vyiwe, hamwe n'ingorane z'ijoro iyo hijimye ku bintu bibi bifata umutima muri ryo. Kandi muri ryo haraba no gukwiragira ibibi vyinshi harimwo n'abononyi. Haraba n'ingorane zijanye n'ab'inzigo bose hamwe n'abarozi. Iki kigabane rero; Kiri mu nkinzo zibiri Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) yahora yifashisha.

سُورَةُ النَّاسِ

IKIGABANE CITIRIWE ABANTU:

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ النَّاسِ (١) مَلِكِ النَّاسِ (٢) إِلَهِ النَّاسِ (٣) مِنْ شَرِّ الْوَسْوَاسِ الْخَنَّاسِ (٤)
الَّذِي يُوسِّسُ فِي صُدُورِ النَّاسِ (٥) مِنَ الْجِنَّةِ وَالنَّاسِ (٦)

BISMILLAHI RAHMAANI RAHIIM:

[1] QUL A`UUDHU BIRABBI NAASI. (2) MALIKI NAASI. (3) ILAAHI NAASI. (4) MIN SHARRIL WAS-WAASIL KHANNAASI. (5) ALLADHII YUWAS-WISU FII SWUDUURI NAASI. (6) MINAL JINNATI WA NAASI.

INSIGURO:

KW'IZINA RY'IMANA NYENIMPUHWE NYENIMBABAZI:

[1] Vuga uti; Ndikinze ku Mwungere w'abantu. (2) Umwami w'abantu. (3) Imana y'abantu. (4) Bivanye n'ingorane z'uwutaguma hamwe (satani) ahunga. (5) Wawundi abuza amahoro imitima y'abantu. (6) Akomoka mu majini no mu bantu.

| | | |
|---|---------------|--|
| 1 | A`UUDHU | Ndiyegereje, kandi ndasavye indaro. |
| 1 | BIRABBI NAASI | Umwungere wabo, kandi agendura ivyabo. |
| 2 | MALIKI NAASI | Umwami wabo Abaganza gukwiye. |
| 3 | ILAAHI NAASI | Uwo bagamburukira Wukuri. |
| 4 | AL-WAS-WAASI | Uwubuza amahoro, aba Ijini canke Umuntu. |
| 4 | AL-KHANNAASI | Uwinyegeje. |
| 6 | AL-JINNATI | Amajini (ibisigo, ibinyamwonga, ibihume, abaganza, canke intandara). |

Ikigabane ca Alkhannaasi; Ni inkinzo igira kabiri. Hakaba harimwo ugusaba indaro ku Muremyi w'ibiremwa vyose hamwe no kumusaba imfashanyo, bivanye n'umwansi asumba abansi bose ari we Ibilisi n'abafasha biwe ari yo Masatani y'abantu n'ibisigo, bata abantu mu makosa mu bice bitandukanye vy'ivyiyumviro bitaguma hamwe be n'ubugararaji.

عَشْرُونَ حَدِيثًا مُنْتَخَبًا مِّنَ (الْأَرْبَعِينَ النَّوَوِيَّةِ)

INYIGISHO Z'INTUMWA Y'IMANA (I.a.i., HADIITH) ZITORANIJWE MU (GITABU CITWA) AL-ARBA`IINA NAWAWIYYAT:

نُصُوصٌ فِي فَضْلِ أَصْحَابِ النَّبِيِّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ

IVYEMEZO (DALILI) VYEREKANA AGACIRO K'ABASANGIRANGENDO B'INTUMWA Y'IMANA (I.a.i.):

(تُقْرَأُ هَذِهِ النُّصُوصُ فِي أَوَّلِ كُلِّ دَرَسٍ)

IBIVYEMEZO BISOMWE MISI YOSE MU GIHE ICIGWA KIGIRE GITANGURE:

Imana Ivuga Iti: {{ Abambere batanguye mu bimukira (Muhaajiriin) n'abatabazi (Answaar) hamwe n'ababakurikiye mu vyiza, Imana Yaribishimiye nabo barayishimira, Yongera Irabemerera amatongo meza (yo mu bwami bw'Ijuru) acamwo imigezi, maze biberemwo ibihe bidahera, iyo ikazoba ari intsinzi ihambaye }}. Imana kandi Ivuga Iti: {{ Ku bw'aboro b'abimukira (Muhajiriin) bo basohowe mu mazu yabo n'amatungo yabo, ata kindi barondera atari imihezagiro ivuye ku Mana no gushimwa (na Yo), kandi bakorera Imana no gutabara Intumwa ya Yo, abo nibo mvugakuri }}. {{ N'abasangwa bo hambere

yabo bafise n’ukwemera, barakunda uwo wese abahungiyeko, kandi mu mitima yabo ntibagira akangononwo ku vyo (abimukira) bahawe, ahubwo barabakunda gusumba uko bikunda ubwabo naho nabo ari abakene, ni naco gituma uwurindwa umunoho w’umutima wiwe abo nibo bene intsinzi }}. {{ Kandi n’abaje mu nyuma zabo, bavuga bati; Mana yacu! Tubabarire hamwe n’abavukanyi bacu badutanze mu kwemera, kandi imitima yacu Uyirinde urwanko ku bemera. Mana yacu! Mu vy’ukuri Wewe Uri Nyenikigongwe Nyenimbabazi }}.

وَعَنْ عِمْرَانَ بْنِ حُصَيْنٍ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُمَا قَالَ سَمِعْتُ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ يَقُولُ: (خَيْرُ أُمَّتِي قَرْنِي) رَوَاهُ الْبُخَارِيُّ.

Nk’uko yashikirijwe na `Imraani mwene Huswain (Imana ibishimire) avuga ati: Narumvise Intumwa y’Imana (Imana Imuhe amahoro n’imigisha) ivuga lti: ((Urunganwe rwanje ruruta abandi, ni iki kinjana ndimwo)). (Yakiriwe na: Bukhari).

Imamu Maliki avuga kuri babandi batuka Abasangirangendo ati: Mu vy’ukuri abo ni abantu barondera gutuka Intumwa y’Imana (Imana Imuhe amahoro n’imigisha), bigasa nk’ibibagora, baca bahitamwo gutuka Abasangirangendo bayo. Haragera n’aho havugwa ngo; Umuntu mubi! Kuko iyo aza kuba umuntu mwiza, n’abagendana nawe bobaye abantu beza.

Kandi nk’uko yashikirijwe na Imamu Ahmadi nawe avuga ati: Niwabona umuntu avuga nabi Abasangirangendo b’Intumwa y’Imana (Imana Imana imuhe amahoro n’imigisha), ca umenya ko ari mubi mu bw’Islamu.

Uwitwa Abou Zur`a Arraazi nawe avuga ati: Niwabona umuntu yima agaciro Abasangirangendo b’Intumwa y’Imana (Imana Imuhe amahoro n’imigisha), uzoce umenya ko ari indyarya. Kuko tuzi ko Muhamadi (Imana Imuhe amahoro n’imigisha) kuri twebwe ari ukuri, na Qur-ani ni ukuri, akaba yaradushikirije iyi Qur-ani n’imigenzo ari bo Basangirangendo biwe. Ahubwo ico barondera ni ugushira amakosa ku Vyabona vyacu, kugira ngo bahakane Igitabu (Qur-ani) n’Imigenzo y’Intumwa y’Imana (Imana Imuhe amahoro n’imigisha), kandi ico c’ukubartyoza kuri bo baragishira imbere cane! Ninavyo vyerekana ko ari Indyarya (Zanadiqa).

Hanyuma Imamu Al-Barbahari nawe avuga ati: Menya ko uwo wese yishiramwo Abasangirangendo b’Intumwa y’Imana (Imana Imuhe amahoro n’imigisha), mu vy’ukuri uwo aba arondera Muhamadi (Imana Imuhe amahoro n’imigisha). Kandi n’ukuri azoba amubujije amahoro aho (aryamiye ukuboko kw’abagabo) ari mu mva yiwe.

Abo Basangirangendo rero bose, Imana ibishimire! Aamiin.

النِّيَّةُ أَصْلُ لَصِحَّةِ الْعَمَلِ وَقَبُولِهِ

UMUZIRIKANYI NIYO NTANDARO Y’UKWAKIRIRWA IBIKORWA:

عَنْ عُمَرَ بْنِ الْخَطَّابِ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ قَالَ: سَمِعْتُ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ يَقُولُ: (إِنَّمَا الْأَعْمَالُ بِالنِّيَّاتِ، وَإِنَّمَا لِكُلِّ امْرِئٍ مَا نَوَى، فَمَنْ كَانَتْ هِجْرَتُهُ إِلَى اللَّهِ وَرَسُولِهِ فَهَجْرَتُهُ إِلَى اللَّهِ وَرَسُولِهِ، وَمَنْ كَانَتْ هِجْرَتُهُ لِدُنْيَا يُصِيبُهَا أَوْ امْرَأَةٍ يَنْكِحُهَا فَهَجْرَتُهُ إِلَى مَا هَاجَرَ إِلَيْهِ). رَوَاهُ الْبُخَارِيُّ وَمُسْلِمٌ.

Nk'uko yashikirijwe na Omari mwene Al-khattwabi (Imana Imwishimire) avuga ati; Numvise Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) Ivuga Iti: ((Mu vy'ukuri igikorwa cose kigizwe n'umuzirikanyi, kandi umw'umwe wese ni ku co yazirikanye. Rero n'uwuzokwimuka kubera Imana n'Intumwa ya Yo, bizoharurwa ko iyimuka ryiwe ari kubw'Imana n'Intumwa ya Yo. Kandi uwuzokwimuka yironderera Isi canke umugore yirongorera, ukwimuka kwiwe kuzoharurirwa ico yimukiye))). (Yakiriwe na: Bukhari hamwe na Muslim).

المُفْرَدَات:

AMAJAMBO AMW'AMWE:

| | |
|-------------|---|
| ANNIYYAT | Intumbero. |
| NAWAA | Yarazirikanye. |
| AL-HIJRAT | Kwimuka mu gihugu c'ubuhakanyi uja mu gihugu c'Ubwislamu. |
| YAN-KIHUHAA | Yabire umugore. |

المَعْنَى الْعَامَّة

INSIGURO IRI HAMWE:

Nta muntu akora igikorwa adafitiye intumbero. Rero uwuzokora igikorwa kubera Imana mu gushaka ko Imushimira, ivyo bikorwa bikaba vyisunze imigenzo y'Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha), mu vy'ukuri Imana Irabimwemerera kandi Ikabimushimangira.

Uwundi nawe azokora ibikorwa kubera Imana, hamwe n'ivyo akabiha iyindi ntumbero y'amarangamutima, nko kuja mu ngwano nyeranda arondera ko abantu bamuhayagiza ku butwari bwiwe, canke ngo ashike ku gashahara gakwiye ko mu gisoda, canke agashimwe ko ku mwaka canke iminyago, uwo ntashobora kuronka imigisha ku Mana, kuko nta ntumbero yerekana ko yabikora kubera Imana.

Ijambo ngo; ((Rero n'uwuzokwimuka kubera Imana n'Intumwa ya Yo)), bisigura ko; Intumbero ni; ((bizoharurwa ko iyimuka ryiwe ari kubw'Imana n'Intumwa ya Yo)), mu migisha n'agahembo. Naho uw'ukwimuka kwiwe ari kubw'amaronko y'isi, canke ibidandazwa arondera inyungu, canke amatongo yo kwirimira, canke umugore yirongorera, n'ibindi n'ibindi mu vyo kwinezerazamwo, iryo yimuka ryiwe Imana Ntiriyemera kandi Ntiruha agaciro, naho vyoboneka ko yari yimutse kubera Imana, mu gihe we

yanyejeje ibindi bitari ivyo. Ico gihe rero ku Mana ntibizomufasha n'akantu ide, ahubwo Imana Izoviyamiriza Yongere Igire impfagusa ibikorwa vyawe, kuko yarondeye gushimwa n'abantu.

Vyaramaze gushika, aho hari umuntu yimukiye I Madina biboneka ko yimutse kubera Imana n'Intumwa ya Yo Muhamadi (Imana Imuhe amahoro n'imigisha), kugira ngo bazofashanye urugamba, ayikureko ubumenyi, afashanye n'abaislamu mu gutsimbataza Idini hamwe n'ugutera iteka Ubwislamu. Ariko n'uko intumbero yiwe kwari ukugira ngo yirongorere umugore yitwa; [Ummu Qaisi], biraja ahabona maze abantu baca batahura intumbero yiwe, kugera naho bari basigaye bamuhamagara ko ari; [Umwimukira wa Ummu Qaisi].

أَرْكَانُ الْإِسْلَامِ

INKINGI Z'UBWISLAMU:

عَنْ عَبْدِ اللَّهِ بْنِ عُمَرَ بْنِ الْخَطَّابِ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُمَا قَالَ: سَمِعْتُ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ يَقُولُ: (بُنِيَ الْإِسْلَامُ عَلَى خَمْسٍ: شَهَادَةِ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَأَنَّ مُحَمَّدًا رَسُولُ اللَّهِ، وَإِقَامِ الصَّلَاةِ، وَإِيتَاءِ الزَّكَاةِ، وَحَجِّ الْبَيْتِ، وَصَوْمِ رَمَضَانَ). رَوَاهُ الْبُخَارِيُّ.

Nk'uko yashikirijwe na Abdillahi mwene Omari mwene Al-khattwab (Imana Ibishimire) avuga ati; Numvise Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) Ivuga Iti: ((**Ubwislamu bwubatswe n'ibintu bitanu; 1] Ukwemeza ko ata yindi mana (ikwiye gusengwa vy'ukuri) kiretse Imana (Uhoraho-Allah), ko kandi na Muhamadi ari intumwa y'Imana. 2] Hamwe n'ukwitwararika isengesho. 3] Hamwe no gutanga ishikanwa. 4] Hamwe no kugendera inzu (Al-kaaba- I Makka). 5] Hamwe no kwisonzeshya mw'iramazani**)). (Yakiriwe na: Bukhari).

الْمُفْرَدَاتُ وَالْمَعْنَى الْعَامَّةُ

AMAJAMBO AMW'AMWE N'INSIGURO IRI HAMWE:

`ALAA KHAMSI: Ku nkingi zitanu. Aho yagereraniye Ubwislamu n'ihema ridashobora guhagarara ritagira inkingi.

ASSHAHADAT: Ni ubumenyi hamwe no kwemanga igishingiwe intahe.

IQAAMU SWALAATI WA IQAAMATUHA=UKWITWARARIKA ISENGESHO: Igikorwa caryo camaho. Bisigura ngo; Ibisabwa muri ryo hamwe n'inkingi za ryo vyamahoro, no kuryicishamwo bugufi, hamwe no kwitwararika umwanya wa ryo no kurisengera hamwe n'abandi. Rero ntabwo uwusenga wese asigura ko yitwararika isengesho, kuko Imana Yarayahayagije abitwararika isengesho ahantu henshi mu Gitabu ca Yo, Itako Itera ivyatsi abasenga mugabo batitwararika isengesho, Ivuga Iti: {{ [4] Rero ibihano biri ku basenga. [5] Babandi bafata amasengesho yabo minenerwe. [6] Abashaka gushimwa. [7] Kandi bakaba ataco batizanya. }}. ALMA`UUN; 4-7. Maze Yongera Ivuga ku ngeso z'indyarya Iti: {{ **Mu vy'ukuri indyarya (ziyumvira ko) zihenda Imana, Nayo Ikazireka (mu cizere c'uburyarya bwazo), zoba**

zirahagurukiye isengesho zigasengana ubunebwe, ziriyeke abantu kandi ntizigera zininahaza Imana atari gake cane }}. {{ Ntibagira ifatiro mur'ivyo, ntibari harya canke hariya }}. ANNISAI; 142-143.

AZZAKKAT=ISHIKANWA: Ni isuku n'umwimbu. Rero ukuyitanga; Ni ukuyiha abayigenewe, nk'uko ikibereye kuri nyene ukuyigaba yoyiha umuntu w'umumenyi kandi w'umwizigirwa yomuserukira mu kuyitanga, atamuronse naho arashobora kuyitangira.

ALHAJJU=UKUJA I MAKKA: Ni ukugendera inzu (Al-Kaaba) no gushika mu bibanza vyeranda mw'ishusho rizwi n'amategeko.

ASSWAUM=UKWISONZESHA: Mu rurimi ni; Ukwifunga icarico cose. Mu mategeko nayo; Ni ukwiyima ivyo kurya n'ivyo kunywa hamwe no kurangura amabanga y'abubutse, kuva mu mutwenzi wa kabiri gushika izuba rirenge mu misi y'Iramazani. Havuyemwo umugwayi n'ingenzi, kuko bo bararekuriwe gufungura bakazoriha imisi batafunze.

Kandi ntibisigura ko inkingi z'Ubwislamu zagarukiye kuri izi zitanu, mu vy'ukuri zagejejwe aho kuko ari zo abantu benshi bashoboye. Hakaba hari n'izindi nkingi zisigaye; Nk'ingwano nyeranda (Jihaadi) no kwigisha ivyiza no kubuza ibibi, izo rero n'uko atari umuntu wese yozishobora.

بُطْلَانُ الْبِدْعِ وَالْمُحَدَّثَاتِ

UKWIMA AGACIRO IVYADUKANO (BIDE`A):

عَنْ أُمِّ الْمُؤْمِنِينَ عَائِشَةَ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهَا قَالَتْ: قَالَ رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: (مَنْ أَحَدَثَ فِي أَمْرِنَا هَذَا مَا لَيْسَ مِنْهُ فَهُوَ رَدٌّ). رَوَاهُ الْبُخَارِيُّ وَمُسْلِمٌ. وَفِي رِوَايَةٍ لِمُسْلِمٍ: (مَنْ عَمَلَ عَمَلًا لَيْسَ عَلَيْهِ أَمْرُنَا فَهُوَ رَدٌّ).

Nk'uko yashikirijwe na Nyina w'abemera Aisha (Imana Imwishimire) avuga ko, Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) Yavuze Iti: ((**Uwuzozana bishasha muri ibi bikorwa vyacu, ata n'aho bihuriye, azobisubizwa**))). (Yakiriwe na: Bukhari na Muslim). Mu yindi nyigisho havuga hati: ((**Uwuzokora ibikorwa bidasa n'ivy'iwacu, bizomugarukako**))).

الْمُفْرَدَاتِ

AMAJAMBO AMW'AMWE:

| | |
|--|---|
| AL-AMRU | Idini |
| AL-HADATHU | Ukwadukana mw'Idini |
| RADDU | Gusubizwa |
| MAN `AMILA `AMALAN LAISA `ALAIHI AMRUNAA | Yakoze ibikorwa bizwi m'Ubwislamu, mugabo aca yitandukanya n'imigenzo y'Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha). |

الْمَعْنَى الْعَامَّةُ

INSIGURO IRI HAMWE:

Mu vy'ukuri Idini ry'Ubwislamu, Imana Yararikwije imbere y'uko hapfa Intumwa ya Yo (Muhamadi, Imana Imuhe amahoro n'imigisha), aho Imana Ivuga Iti: {{ **Uno musi Ndabatanganirije Idini, kandi Ndahejeje no kubahezagira, Nongera Nshimishwa n'uko Ubwislamu bubabera Idini** }}.

No mu Gitabu citwa; Al-i'etiswaamu Lisshaatwibi; Umuyimamu w'I Madina azwi cane yitwa Maliku mwene Anasi avuga ati: Uwuzotanguza ikintu mu Bwislamu icaduka abona ko ari ciza, azoba yihenze ko Muhamadi (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) atashikanye ubutumwa. Mu vy'ukuri Imana Ivuga Iti: {{ **Uno musi Ndabakwirije idini ryanyu** }}. Rero ikitari Idini uwo musi, ntigishobora kuba Idini uno musi.

Kandi no mu nyigisho (Hadiithu) y'Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) twumvise ko havuga hati; Uwuzokwadukana ikintu mw'Idini, icaha kiri kuri we, ibikorwa vyawe biterwe vyatsi, kandi ko ategerezwa kugabishwa.

تَرْكُ الشُّبُهَاتِ

UKUREKA IBITEYE AMAKENGA:

عَنِ النَّعْمَانِ بْنِ بَشِيرٍ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُمَا قَالَ: سَمِعْتُ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ يَقُولُ: «إِنَّ الْحَلَالَ بَيْنَ، وَإِنَّ الْحَرَامَ بَيْنَ، وَبَيْنَهُمَا أُمُورٌ مُشْتَبِهَاتٌ لَا يَعْلَمُهَا كَثِيرٌ مِنَ النَّاسِ، فَمَنْ اتَّقَى الشُّبُهَاتِ فَقَدْ اسْتَبْرَأَ لِدِينِهِ وَعَرْضِهِ، وَمَنْ وَقَعَ فِي الشُّبُهَاتِ وَقَعَ فِي الْحَرَامِ، كَالرَّاعِي يَرْعَى حَوْلَ الْحِمَى يُوشِكُ أَنْ يَرْتَعَ فِيهِ، أَلَا وَإِنَّ لِكُلِّ مَلِكٍ حِمَى، أَلَا وَإِنَّ حِمَى اللَّهِ مَحَارِمُهُ، أَلَا وَإِنَّ فِي الْجَسَدِ مُضْغَةً إِذَا صَلَحَتْ صَلَحَ الْجَسَدُ كُلُّهُ، وَإِذَا فَسَدَتْ فَسَدَ الْجَسَدُ كُلُّهُ، أَلَا وَهِيَ الْقَلْبُ». رَوَاهُ الْبُخَارِيُّ وَمُسْلِمٌ.

Nk'uko yashikirijwe na Annu'umaanu mwene Bashiir (Imana ibishimire) avuga ati; Numvise Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) Ivuga Iti: ((**Mu vy'ukuri ibirekuriwe (Halale) biratomoye, kandi n'ibiziririjwe (Haraamu) biratomoye, ariko hagati y'ivyo harimwo ibintu biteye amakenga kandi abantu benshi ntibashobora kubimenya. Kur'ubwo rero uwuzokwirinda ibimudidanira, azoba akingiye Idini ryiwe n'agateka kiwe. Naho uwuzogwa mu biteye amakenga, azoba aguye mu bizira (haraamu), kurya nyene k'umwungere aragiye ibitungwa vyawe hambavu y'itongo ribujijwe, kuko aca agumana amakenga ko vyohava vyonera. Ico tahurwa n'uko! Umwami wese agira amatongo yiwe yisangije. Muteko mutahure ko! Amatongo y'Imana ari ibizira vya Yo. Mwongere mutahure ko! Mu mubiri habamwo umunofu, iyo umeze neza n'umubiri wose uca umera neza. Iyo kandi wononekaye n'umubiri wose uca uhura n'ingorane. Rero (uwo munofu) ni! Umutima))). (Yakiriwe na: Bukhari na Muslim).**

الْمُفْرَدَاتُ

AMAJAMBO AMW'AMWE:

| | |
|----------------|--|
| ALHALAALU | Ni ikintu kirekuriwe Imana Yatanze uruhusha ngo gikorwe, canke Ikoroani hamwe n'Ihadithi ntivyagira ico bikivugako. |
| ALHARAAMU | Ni ico Imana Yabujije gukora, Ibicishije muri Koroani canke mw'Ihadithi ukubuzwa gushimitse, mbere guca gukurikirwa n'ibihano. |
| ALMUSHTABIHAAT | Amadidane. Ni ibintu bidatomoye neza, ko vyoba birekuriwe canke bibujijwe. |
| ITTAQAA | Yishize kure (Yirinze). |
| ISTABERA-A | Yaracunze icubahiro ciwe n'idini ryiwe abiha agaciro. |
| AL`IRDWU | Ikibanza c'umuntu mu gutukwa canke guhayagizwa. |
| WAQA`A | Ashikirwa. |
| ARRAA`I | Wawundi acungera intama mu gihe aziragiye. |
| ALHIMAA | Itongo Umwami abujije abanyagihugu biwe kuragiramo. Ico gihe aba yarahagize ah'ibitungwa vyiwe gusa. |
| ALMUDWEGHAT | Ikimanyu c'inyama. |

المَعْنَى العامَّة**INSIGURO IRI HAMWE:**

Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha), iki kintu umuntu yoreka canke akagikora yakigabuyemwo imice itatu:

- 1) Igice kirekuriwe, kandi kinateye amakenga.
- 2) Igice kibujijwe, kandi gitomoye neza.
- 3) Igice cinyegeje, kandi usanga kirimwo impari n'ivyiyumviro bitandukanye. Uruhande rumwe rukabonwamwo ukurekurirwa (Halale), n'urundi ruhande rukabonwamwo kubuzwa (Haraamu). Kandi umutima w'umwemera Mana ntutekana, kuko uba ushaka gushimisha Umuremyi wiwe mu kwitwararika amategeko y'idini ryiwe.

Ibice bibiri vya mbere, nta kibazo biteye. Uwuzokora ica mbere, nta ngorane kandi nta caha azokwandikirwa. Uwuzoheba ica kabiri, arondera gushira mu ngiro ivyo abwiwe, arabihemberwa kandi ari kure n'icaha, arinze agikora naho kandi abizi yandikirwa ko ibikorwa vyiwe biguye mw'ikosa, agasabwa ko yisubirako akigaya ku Mana.

Kubijanye n'igice kigira gatatu, niho hari ingorane. Uwo wese yitwararika kandi akunda Idini ryiwe asabwa kucirinda. Naho uw'amarangamutima w'intege nke, aca asanga yabiguyemwo kandi azoba aguye mu bizira.

Ni naco gituma Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) Yaduhanuye k'uruhande rwo kwihagararako kugira ngo ntidute imitima yacu mu bitera amakenga, ico gihe tuzoba turokotse no kugwa mu bizira.

Bumwe mu burorero bw'ibintu biteye amazinda kandi hatanzwe ivyemezo (Dalilu), ni ibiri mu Gitabu gitomoye ca Imamu Bukhari, aho uwitwa `Uqeba mwene Alhaarith yarongora umukobwa wa Se wa Ihaabi mwene `Aziiz, haca haza umupfasoni amubwira ati; Jewe narakonkeje (wewe `Uqeba) hamwe n'uwo warongoye! `Uqeba aca amubwira ati; Sinarinzi ko wanyonkeje kandi na wewe ntiwigeze ubimbarira. Niho yipakiza aja I Madina ku Ntumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imisha) kuyibaza.

Ivuga Iti: ((**Gute kandi vyamaze kuvugwa?**)). `Uqeba baciye batandukana (n'uwu mugore we), maze arongorwa n'uwundi atari we.

Ukugumya uyu mugore kandi vyamaze kumenyekana, ko ari mushikiwe bonse rimwe, biri mu biteye amakenga. Ku ruhande rumwe bisa nk'ibirekuriwe kuko `Uqeba ntiyari bwavyumve haba no kuri nyina canke ku wundi ko yamwonkeje akongera akonsa n'umugore wiwe. Ni naco gituma kuri ivyo, akamenyero kari uko yari kure y'ivyo vy'ukumwonsa no kwonsa umugore azotwara. Hanyuma ikindi naco, n'uko bompiki babiri ata n'umwe yari abizi canke mu bo mu miryango ya hafi. NK'uko kandi bishoka ko uwo mugore (avuga ko yabonkeje) ashobora kubatandukanya kugira ngo uwo mukobwa yirongorerwe n'uwundi! Ni nk'uko kandi yoba yarabonkereje nk'ahantu hamwe mu manza, noneho inkuru ntiyamenyekana maze nawe aca aribagira kugera aho uwo wundi amurongora! Rero ivyiza vyo kuziganya, n'uko botandukana.

Mbega amajambo meza yavuzwe n'uyu yivuga amazina muri iyi nsiguro!

| | |
|--|-----------------------------------|
| Ibivugwa vyamaze kuvugwa, kuba ukuri canke ububeshi. | Ntiwigobotora mu ryamaze kuvugwa! |
|--|-----------------------------------|

Raba iyi mvugo nayo nziza kandi itomoye muri ibi vy'amakenga, aho Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) aho yoroshya ibintu mu gutanga akarorero k'ibintu bizoba bisa kandi bidadanire abantu benshi, nko ku mwungere yokwegereza ibitungwa vyawe kw'itongo ribujije, yoruhira kugwa mu kaga.

Aha naho ngo: ((**Mwongere mutahure ko! Mu mubiri habamwo umunofu,**)) Ashatse kuvuga ubwenge bwiyumvira ingene umuntu yobaho. Ni naco gituma Abarabu bita inguvu zateguwe, umutima. Imana Iravuga mu Kigabane citiriwe urudome [Qaaf] Iti: {{ **Mu vy'ukuri urwo ni urwibutso kuri uwo wese afise umutima** }}. Bisigura ngo; Ni agatima k'ubwenge. Rero mu gihe umutima wiyumvira uba umeze neza, n'umubiri wose uca umera neza, kuko niwo uba uwugaba. Ni nk'uko kandi iyo izo nguvu zihaze, umubiri wose uba upfuye. Umutima utekanye, ntiwigera utegeka kiretse ivyiza gusa. Umutima nawo utegeka ibibi, ushikana Umwislamu habi.

النَّصِيحَةُ لِلْمُسْلِمِينَ هِيَ الدِّينُ

UGUHANURA ABAISLAMU, NIRYO DINI:

عَنْ أَبِي رُقَيْبَةَ تَمِيمِ بْنِ أَوْسِ الدَّارِيِّ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ أَنَّ النَّبِيَّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ:
(الدِّينُ النَّصِيحَةُ). قُلْنَا: لِمَنْ؟ قَالَ: (لِلَّهِ، وَلِكِتَابِهِ، وَلِرَسُولِهِ، وَلِأُمَّةِ الْمُسْلِمِينَ وَعَامَّتِهِمْ).
رَوَاهُ مُسْلِمٌ.

Nk'uko yashikirijwe na Abou Ruqayya Tamiimi mwene Ausi Addaari (Imana Imwishimire) avuga ko mu vy'ukuri Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) Yavuze Iti: ((**Idini ni uguhanurana**)). Twavuze tuti; Kuri bande? Ivuga Iti: ((Ku Mana, ku Gitabu ca Yo, ku Ntumwa ya Yo, no ku ndongozi z'abaislamu n'abandi bose)). (Yakiriwe na: Muslim).

المُفْرَدَات

AMAJAMBO AMW'AMWE:

| | |
|----------------------|-----------------------------------|
| A-IMMATIL MUSLIMIINA | INDONGOZI N'UWO WESE AZISERUKIRA. |
| WA `AAMMATIHIM | N'UWO WESE ATAMEZE UKO. |

المَعْنَى الْعَامَّة

INSIGURO IRI HAMWE:

Iyi n'imvugo mu mvugo nkoramutima. Nk'imvugo yiwe ivuga iti: ((**Hijja ni `Arafa**)), ashatse kuvuga ko inkingi isumvywa izindi nguvu ari uguhagarara (mu kibanza ca) Arafa, ko kandi uwo wese yashoboye gushika Arafa, afise ubushobozi bwo gutunganya ibindi bikenewe vyari vyamurenganye mu bisabisho vya Hijja. Hanyuma uwunaniwe gushika Arafa, uwo Hijja y'uwo mwaka iba imurenganye .

Rero ni co kimwe no guhanurana, uwufise impanuro aba yikoreye ukubungabunga ibintu vyose vyo mw'Idini no kurisukura neza, kandi uwutakaje impanuro nta Dini aba afise.

Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) yasiguye iyo mpanuro ko, ari ukuyikorana ukwiyeza kubera Imana Nyenicubahiro ahaboneka n'ahataboneka mu kuyigamburukira Yonyene Rudende Itagira umufasha. No guha agaciro ivyo Yabujije no kuyubaha, no kuyitwararika, no gukurikira ibiyishimisha, no kuba kure n'ibiyishavuzi, no kuyikunda, no kuyiyegereza, n'ibindi n'ibindi..... Ico kindi naco co kwiyumvamwo Igitabu c'Imana conyene; Harimwo kucemera, no kukigira indongozi n'umucamanza no kugicisha imanza ku matati yose no gushimisha ku mategeko yaco, no kurekura ibirekuwemwo no kubuza ibibujijwemwo, no kugisoma ukuri k'ukugisoma, mu kigoro ko kugisoma neza (Taj-wiidi) harimwo kwicisha bugufi mu kucumviriza n'igisomo caco, n'umwete wo kuciga no kukigisha. Ukwiyeza ku Ntumwa; Ni ukumukunda gusumba uko wikunda n'uko ukunda uruvyaro rwawe, amatungo n'abantu bose, habemwo kumwubaha no gushira mu ngiro ivyo yategetse hamwe no kwiyegereza kure y'ivyo yabujije. Habemwo kumwama hafi akiri muzima canke atakiriho, no gukurikira imigenzo yiwe uyige unayigishe, no gukunda imiryango yiwe yose ikurikira imigenzo yiwe. Ukwiyeza ku ndongozi z'abaislamu navyo; Ni ukububaha mu vyiza, no kubafasha mu gukora ivyo basabwa mu gutegeka no kubarongora, habemwo no kutabava inyuma kiretse bibonetse ko bavuye mw'Idini ry'Imana vy'ukuri. Ikindi naco c'ukwiyeza ku basigaye b'abaislamu; Ni ukubakunda nk'uko yikunda, akabankira ico yankira umutima wiwe, habemwo kugerageza kubashikana ku ciza, no kubakingira ingorane no kubarongora bagere aho banezerwa no kuvuga ukuri mu kibano cabo, kandi areke kubabuza amahoro, ahubwo abaremeshe yongere abiyegereze.

Rero mu gihe impanuro yoza kuri iyo nsiguro (twumvise) n'izindi zofata iyo nzira, Idini ryoba riyegeranirije hamwe ata gukekeranya, kandi yavuze ukuri ko uwobireka ata Dini yoba afise.

اجْتِنَابُ مَا نَهَى عَنْهُ الشَّرْعُ

UKWIYEGEZA KURE N'IVYO AMATEGEKO YABUJIJE:

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ قَالَ: سَمِعْتُ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ يَقُولُ: (مَا نَهَيْتُكُمْ عَنْهُ فَاجْتَنِبُوهُ، وَمَا أَمَرْتُكُمْ بِهِ فَأَتُوا مِنْهُ مَا اسْتَطَعْتُمْ، فَإِنَّمَا أَهْلَكَ الَّذِينَ مِنْ قَبْلِكُمْ كَثْرَةَ مَسَائِلِهِمْ وَاخْتِلَافُهُمْ عَلَى أَنْبِيَائِهِمْ). رَوَاهُ الْبُخَارِيُّ وَمُسْلِمٌ.

Nk'uko yashikirijwe na Abou Huraira (Imana Imwishimire) avuga ati; Numvise Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) Ivuga Iti: ((**Ivyo nzobabuzwa vyose, muzovyirinde. Ivyo ndabategetse navyo, ni mubigendere ukwo mushoboye. Mu vy'ukuri ababatanguriye batikijwe no kubaza cane hamwe no kwitandukanya n'Abahanuzi babo**)). (Yakiriwe na: Bukhari na Muslim).

الْمَعْنَى الْعَامَّة**INSIGURO IRI HAMWE:**

Iyi Hadiithi irahambaye cane kuko iri mu vyo Ubwislamu bukomokako. Abaislamu barahuye n'ingorane ku mvo zuko bayisamayeko canke kumbure k'ukutayitahura.

Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) mu vyo yazanye mu gutegeka no kubaza yabigabuyemwo kabiri:

- 1) Hari ivyo yabujije burundu, ivyo navyo vyitwa; -Imiziro (Haraamu)-.

Ni kuri twebwe rero kubiheba no ku vyirinda, kandi ntitworohereze imitima yacu mu kubikora na gato. Hari ibiremwa vyinshi vyagararije Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) mu kwirengagiza ivyo yababujije. Bamwe bagize uko ku marangamitima yabo hamwe no kuba bazi ko bagize ikosa n'ibitabereye, harimwo n'umwizero ko ubwenge buba busumbijwe inguvu n'ivy'imburakimazi ariko ashobora kwisubirako, uyu rero tumuziga ko ineza no gutungana.

Abandi nabo bigira abahinga mu kuzirura ivyo Imana Yabujije, gushika aho agwa mu bibujijwe n'umutima utekanye kandi ntiyigera asaba n'imbabazi. Abo rero ni bo babi cane gusumba abacumura , kandi ni bake cane bagaruka mu kuri.

- 2) Ivyo yategetse; Ari navyo yavuze ati: ((ni mubigendere ukwo mushoboye...)).

Kandi Imana Ivuga Iti: {{ Imana Ntihatiriza umushaha kiretse ivyo ushoboye }}. N'uko itegeko ryose rinaniye umuntu ntangorane iyo ariretse, co kimwe n'uko itegeko ryose adashoboye ataribazwa. Ni naho habayeho ko umugwayi afungura mw'Iramazani, n'ingenzi ica irarekurirwa, biboneka ko atari vyiza gufunga kandi afise ingorane.

Ni naho kandi Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) yerekanye utunenge muri ivyo, aho Yavuga Iti: ((Mu vy'ukuri ababatanguriye batikijwe no kubaza cane hamwe no kwitandukanya n'Abahanuzi babo)). Iba yerekanye ko kugwiza ibibazo bitikiza abantu, kuko nya bibazo ataho vyanditse mu Gitabu c'Imana n'inyigisho z'Intumwa ya Yo. Gusa ntibubujijwe ko umuntu yobaza mu gihe bikenewe, ariko n'uko uca usanga nyenekubaza afise intumbero yo kugorana. Kuko hari igihe aba ashaka kwerekana inguvu z'ubumenyi bwiwe, canke kugira ngo nyenukubazwa ananirwe, mbere

n'izindi ntumbero nk'izo kuvuga ngo haravuzwe, yaravuze, bikwega impari n'ubwibone, hanyuma bizane ingwano n'urwanko harimwo no kwibubana. Ivyo rero nivyo vyitwa gutikira.

المُسلِمُ يَشْتَغَلُ بِمَا يَهْمُهُ وَيَدَعُ مَا لَا يَعْنِيهِ

UMWISLAMU YITWARARIKA IBIMURABA, AKAREKA IBITAMURABA:

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: (مِنْ حُسْنِ إِسْلَامِ الْمَرْءِ تَرْكُهُ مَا لَا يَعْنِيهِ). حَدِيثٌ حَسَنٌ، رَوَاهُ التِّرْمِذِيُّ وَابْنُ مَاجَةَ.

Nk'uko yashikirijwe na Abou Huraira (Imana Imwishimire) avuga ko, Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) Yavuze Iti: << **Mu vyiza vy'Ubwislamu bw'umuntu, ni ukuvavanura n'ibitamuraba** >>. Ni inyigisho nziza, (Yakiriwe na: TIRMIDHI na IBNU MAAJAH).

المَعْنَى الْعَامَّةُ

INSIGURO IRI HAMWE:

Turatahura ko muri iyi nyigisho (Hadiithi) ko, Abaislamu bamwe bamwe Ubwislamu bwabo ari inguvu z'ukwemera, no kurushirizaho ukwubaha (Imana), co kimwe no kuba kure n'ubugarariji hamwe n'ibitera amakenga (mw'Idini).

Mu bimenyetso vy'ubwiza bwa Islamu, n'uko Umwislamu yokwitwararika cane ibimugirira akamaro mw'isi yiwe n'Idini ryiwe, ibitari ivyo navyo mu bitagira mvura akabireka, haba mu mvugo no mu ngiro. Havugwa ngo: (Umwanya ni nk'umupanga ukarisha, iyo utawukatishije uragukata). Ni ukuvuga; Ikiringo uzowumaza utariko urawukoresha ibikorwa vy'ingirakamaro, nawo urahagarika ivyiza, kandi uruhombo no kwicuza biba kuri wewe.

مِنْ كَمَالِ إِيمَانِ الْمُسْلِمِ أَنْ يُحِبَّ لِلْمُسْلِمِينَ مَا يُحِبُّ لِنَفْسِهِ

MU BIKWIZA UKWEMERA K'UMWISLAMU N'UKO YOKWIPFURIZA ABAISLAMU IVYO NAWA AKUNDA:

عَنْ أَبِي حَمَزَةَ أَنَسِ بْنِ مَالِكٍ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ خَادِمِ رَسُولِ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ، عَنِ النَّبِيِّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: (لَا يُؤْمِنُ أَحَدُكُمْ حَتَّى يُحِبَّ لِأَخِيهِ مَا يُحِبُّ لِنَفْسِهِ). رَوَاهُ الْبُخَارِيُّ وَمُسْلِمٌ.

Nk'uko yashikirijwe na Se wa Hamza ariwe Anasi mwene Maalik (Imana Imwishimire) umukozi w'Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha), avuga ko yakiriye ku Ntumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) Ivuga Iti: << **Umwe muri mwebwe ntaremera, mu gihe adakunda mugenzi nk'uko yikunda** >>. (Yakiriwe na: Bukhari na Muslim).

المَعْنَى العام

INSIGURO IRI HAMWE:

Muri iyi nyigisho (Hadiith); Harerekana neza na neza ugutakaza ukwemera k'umwislamu, atipfuriza ivyiza abaislamu bagenzi biwe nk'uko nawe abikunda.

Aha hariho iyindi nyigisho isa nk'iyo, Ahavuga hati; << **Umwislamu w'ukuri, ni wawundi abaislamu bagenziwe baronka amahoro y'ururimi rwiwe hamwe n'amaboko yiwe** >>. Ahandi naho hati: << **Idini ni uguhanurana** >> Ugutanguza urwibutso. Hakabamwo y'iyindi ivuga Iti: << **Uwuduhenda nturi kumwe** >>. Ni yindi kandi: << **Abo (mu mice) indwi Imana Izotwikira igitutu ca Yo** >>.: << **Babiri bakundanye kubera Imana, bakorera hamwe kubera Yo, bongera baratandukana kubera Yo** >>.

Hari n'ukundi yaje nk'inkuru: << **Igitomoye co gushira ukwemera ahabona, ni ugukundana kubera Imana, ukwankana kubera Imana, n'ubugenzi ukabugira ubw'Imana hamwe no kwimenyereza Imana** >>.

Muri Koroani ho ni nyinshi, aho Imana Ivuga Iti: {{ **Mu vy'ukuri Abemera Mana (abaislamu) ni abavukanyi** }}. (Suratul Hujuraat). Muri Suratul Maidat naho hati: {{ **Uwuzogira Imana Umugenzi n'Intumwa ya Yo hamwe n'Abemera, mu vy'ukuri umugwi w'Imana niwo nyene ugutsinda** }}. Imana kandi Ivuga muri Suratul Mumtahina Iti: {{ **Emwe Abemeye! Umwansi Wanje n'umwansi wanyu, ntimuze mumugire umugenzi** }}. Ivuga kandi muri Suratul Maidat Iti: {{ **Mu vy'ukuri umugenzi wanyu, ni Imana n'Intumwa ya Yo hamwe n'abemera, babandi bitwararika isengesho bongera batanga n'im Perezwa kandi bunamye (basenga)** }}.

Mu gihe rero hari umuntu atashobora gukunda mwene wabo w'umwislamu mu kumukundira ivyiza vy'abaislamu, kugera aho yofata kumwe umwemera Mana n'uwundi atari we, uyu si ikindi kiretse ko ari umuhakanyi vyeruye. Mu gihe naho yokwerekana ko ari umwislamu, ahubwo azoba ari indyarya.

Ikindi naho, mu gihe yokunda abaislamu muri rusangi, kandi akama abitwararitse ariko bigashika akagirira ikosa mugenziwe w'umwislamu ku mvo izi na ziriya. Ico kintu co kugabanuka mu kwemera kwiwe, bica biba ukuri ko ata kuvuga ko ukwemera kwiwe gukwiye.

حُرْمَةُ دِمَاءِ الْمُسْلِمِينَ

AMARASO Y'UMWISLAMU NI IKIZIRA:

عَنْ ابْنِ مَسْعُودٍ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: (لَا يَحِلُّ دَمُ امْرِئٍ مُسْلِمٍ إِلَّا بِأَحَدٍ ثَلَاثٍ: الشَّيْبُ الزَّانِي، وَالنَّفْسُ بِالنَّفْسِ، وَالتَّارِكُ لِدِينِهِ الْمُفَارِقُ لِلْجَمَاعَةِ). رَوَاهُ الْبُخَارِيُّ وَمُسْلِمٌ.

Nk'uko yashikirijwe na Mwene Masudi (Imana Imwishimire) avuga ko Intumwa y'Imana (Imana Imuhema amahoro n'imigisha) Yavuze Iti: << **Amaraso y'umwislamu ntarekuriwe atari kimwe muri bitatu: 1] Uwari yararongoye agasambana. 2] N'uwishe uwundi. 3] Hamwe nuwahevye idini ryiwe m'ukwitandukanya n'abandi >>. (Yakiriwe na: Bukhari na Muslim).**

المُفْرَدَاتُ وَالْمَعْنَى الْعَامُّ

AMAJAMBO AMW'AMWE N'INSIGURO IRI HAMWE:

ATTHAIBU= UWARONGOYE CANKE UWARONGOWE: Rero iyo asambanye yararongoye kandi yaranguye amabanga y'abubatse, n'uko uwo mu vy'ukuri aterwa amabuye kugera apfuye, mu gihe yavyiyemereye canke akagirizwa bikwiye.

ANNAFSU BINNAFSI= UWISHE UWUNDI: Uwuzokwica umwislamu abigambiriye, kandi ataco ariko aragwanira nk'umuntu canke amatungo n'agateka, n'uko ingingo zimufata hashishojwe uku gukurikira; Uwishwe aba yari umwislamu yidegemvya nk'uko abamenyi benshi babivuga. Gusa uwitwa : Abou Hanifa avuga ati; Umwislamu yishe umuhakanyi nawe aricwa, kandi n'uwidegemvya yishe umuja n'uko nyene.

ATTAARUKU LIDIINI= UWAHEVYE IDINI RYIWE: Ni umwislamu avuye mu Bwislamu. Igihe yaba Umwislamu yariyemeje abwira Imana n'Intumwa ya Yo hamwe n'abaislamu ko aje babe hamwe. Rero mu gihe yishe isezerano no guca atangura gukorera hamwe n'abansi babo, ategerezwa kwicwa ku mvo z'uko yishe isezerano. Kandi ibi ntibiharurwa ko ari agahato, kuko yinjira mu Bwislamu yarihitiyemwo ata gitsure, yongera arabwiyemeza yihitiyemwo ubwiye nyene.

ALMUFAARIQU LILJAMA`AT= UWITANDUKANIJE N'UMUGWI: Ni umugwi w'Abaislamu kandi yarabarimwo mukubinyegezamwo.

مِنْ خِصَالِ الْإِيمَانِ

MU BIGIZE UKWEMERA:

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ أَنَّ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: (مَنْ كَانَ يُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ فَلْيَقُلْ خَيْرًا أَوْ لِيَصْمُتْ، وَمَنْ كَانَ يُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ فَلْيُكْرِمْ جَارَهُ، وَمَنْ كَانَ يُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ فَلْيُكْرِمْ ضَيْفَهُ). رَوَاهُ الْبُخَارِيُّ وَمُسْلِمٌ.

Nk'uko yashikirijwe na Abou Huraira (Imana Imwishimire), avuga ko mu vy'ukuri Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) Yavuze Iti: << **Uwuzi ko yemera Imana n'umusi w'umuhero n'avuge ivyiza canke yinumire. Uwuzi kandi ko yemera Imana n'umusi w'umuhero, asabwa gufasha umubanyi wiwe. Kandi uwuzi ko yemera Imana n'umusi w'umuhero niyakire umushitsi wiwe >>. (Yakiriwe na: Bukhari na Muslim).**

المَعْنَى الْعَامُّ

INSIGURO IRI HAMWE:

Iyi nyigisho nyeranda (Hadiith) igizwe n'ibintu bitatu:

1. Ukunumira ingorane n'ibitagira mvura.

Izo ngorane ni; Ubuhakanyi, ububeshi, kugenza insaku no gufyanatisha abantu haba no kubatuka mukubakurako agateka n'ibindi nk'ivyo.

Havuzwe ubusa; Ni amajambo atagira mvura haba kw'isi canke ku musi w'umuheru.

Ico gice ca mbere rero, kirahakana ukwemera canke ko kudakwiye. Imana Ivuga Iti: {{ **Mu vy'ukuri abarementanya ibinyoma, ni babandi batemera amajambo y'Imana** }}. (Suratu Nahli). Yongera Ivuga muri Suratul Qalam Iti: {{ **Kandi ntiwumvire uwurahira cane ataco amaze** }} {{ **Uwuyerera arondera guteranya** }}. Imana kandi Ivuga Iti: {{ **Ibihano k'uwugenza insaku artyozanya** }}. Mu nyigisho (ya Hadithi) havuga hati: << **Hari umuntu ashobora kuvuga ijambo nka hamwe ryotabwa mu muriro udahera ryomara imyaka mirongo indwi (ritarashika hasi)** >>. Niho yavugaga Ati: << **Mbega hari ikizotuma abantu batabwa mu muriro igihumura atar'akarimi kabo** >>?.

قال الشاعر: UWIVUGA AMAZINA AVUGA ATI:

| | |
|--|---|
| لَا يَلِدَعَنَّكَ إِنَّهُ تُعْبَانُ | أَحْفَظُ لِسَانَكَ أَيُّهَا الْإِنْسَانُ |
| كَانَتْ تَهَابُ لِقَاءَهُ الشُّجْعَانُ | كَمْ فِي الْمَقَابِرِ مِنْ قَتِيلٍ لِسَانِهِ |
| وَلَيْسَ يَمُوتُ الْمَرْءُ مِنْ عَثْرَةِ الرَّجُلِ | وَقَالَ آخَرُ، وَيُنْسَبُ إِلَى عَلِيِّ بْنِ أَبِي طَالِبٍ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ: |
| وَعَثْرَتُهُ بِالرَّجُلِ تَبْرًا عَلَى مَهْلٍ | يَمُوتُ الْفَتَى مِنْ عَثْرَةِ بِلِسَانِهِ |
| فَإِذَا نَطَقْتَ فَلَا تَكُنْ مَكْتَارًا | فَعَثْرَتُهُ مِنْ فِيهِ تَرْمِي بِرَأْسِهِ |
| وَلَقَدْ نَدِمْتُ عَلَى الْكَلَامِ مِرَارًا | وَقَالَ آخَرُ: |
| كَلَامٌ رَاعِي الْكَلَامِ قُوتُ | الصَّمْتُ زَيْنٌ وَالسُّكُوتُ سَلَامَةٌ |
| جَوَابٌ مَا يُكْرَهُ السُّكُوتُ | مَا إِنْ نَدِمْتُ عَلَى سُكُوتِ مَرَّةٍ |
| مُسْتَيِّقِينَ أَنَّهُ يَمُوتُ | وَقَالَ غَيْرُهُ: |
| | قَدْ أَفْلَحَ السَّاكِتُ الصَّمُوتُ |
| | مَا كُلُّ نَطْقٍ لَهُ جَوَابٌ |
| | وَاعْجَبًا لِأَمْرِي ظُلُومٌ |

Ewe Muntu! Cunga akarimi - Ntikaguhende kuko n'inzoka.

Ni bangahe bari mu mva kubw'akarimi kabo - Kahora gahayagiza uwo bahuye wese.

UWUNDI NAWA ARAVUGA MU GUHAYAGIZA ALLY MWENE ABII TWALIBI ATI:

Umusore arashobora kuzira ingaruka y'akarimi kiwe - Ariko nta muntu arapfa azize ibirenge vyaho yahonyoye.

Ingaruka zimuvu mu kanwa zirata umutwe wiwe - Hanyuma ingaruka z'ibirenge zo zirahera bukebuke.

UWUNDI NAWA AVUGA ATI:

Ugutekereza ni igisharizo, hanyuma ukunuma nakwo ni amahoro - Niwavuga naho ntuvuge menshi.

Sindicuzza kubera nacecetse - Ariko ndamaze kwicuza incuro nyinshi ku vyo navuze.

UWUNDI NAWA ATARI UWO AVUGA ATI:

Arahirirwe uwutekereje yinumiye - Amajambo y'umwungere n'amajambo y'agaciro.

Ivyo aserura vyose abironkera inyishu - Inyishu y'ibitamuguye neza n'ukwinumira.

Biratangaje ku muntu ahemuka - Kandi azi neza na neza ko azopfa.

Haravugwa ko: Mu gihe amajambo yoba akoze mu mujumpu, rero ukunuma nakwo kwoba gukoze mu nzahabu. NK'uko ivyo vyose vyubakiye ku majambo, mu gihe abayeho harabamwo ay'ingaruka nay'impfagusa.

Naho guserura ukuri mu gihe ari ngombwa canke bikenewe, ntihinjiramwo ivyo (duhejeje kuvuga), kuko uwunuma kubijanye n'ukuri, ni Satani acecetse umwanya munini.

Nk'uko yashikirijwe na Abou Huraira avuga ko, Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) yavuze Iti: << **Uwuzobazwa kubijanye n'ubumenyi, hanyuma akabunyegeza, Imana izomubohesha umusipi mu misipi yo mu muriro** >>. (Yakiriwe na: Ahmadi muri Musnadi wiwe). Abou Huraira kandi yongera avuga ko, Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) Yavuze Iti: << **Ingwano iruta izindi, n'ukuvugisha ukuri ku ndongozi itameze neza** >>. (Yakiriwe na: Tirmidhi).

2] Ikigira kabiri: Ukwakira umushitsi; Biri mu ngeso nziza zitanga agateka, maze haziririzwa ugutanako umwikomo, kandi biri no mungeso ziranga Abarabu mugukora ineza, haba hambere bataratahura n'inyuma y'Ubwislamu.

فِي ذَلِكَ حَتَّى قَالَ فَأَتْلُوهُمْ:

وَمَا شِيمَةٌ لِي غَيْرَهَا تُشْبِهُ الْعَبْدَ وَإِنِّي لَعَبْدُ الضَّيْفِ مَا دَامَ نَازِلًا

وَقَالَ غَيْرُهُ:

نَحْنُ الضُّيُوفُ وَأَنْتَ رَبُّ الْمَنْزِلِ يَا ضَيْفَنَا لَوْ زُرْتَنَا لَوَجَدْتَنَا

KUKO NO MURI IVYO, MU (BARABU) HARIHO UWAVUZE ATI:

Kandi mu vy'ukuri jewe ndi umushumba w'umushitsi mu gihe nshitse – Kuko kamere yanje ku bandi, isa n'umushumba!.

UWUNDI NAWA AVUGA ATI:

Ewe mushitsi wacu muhire, iyo utugendera wari kudusanga – Twebwe turi abashitsi, hanyuma nawe uri serugo!.

Naho kubijanye n'ico amategeko avuga ku mushitsi mu Bwislamu, hariho Amahadithi n'Amaayat menshi vyerekana ko ari Itegeko. Ariko uko biboneka mu mvugo z'abamenyi bategura ibitabu, n'uko mu vy'ukuri kwakira umushitsi ari itegeko mugabo ahantu hadashikira abashitsi benshi banakotesha amazu, kiretse kandi gusa nk'uko impamba ya heranye. Kuko niwe umwana w'inzira (ingenzi) Imana

Nyenicubahiro Yavuzeko Iti: {{ **Nimusenge Imana mutayibangikanije n'ikintu na kimwe kandi n'abavyeyi mubakorere ineza hamwe n'abo mu miryango hamwe n'impfuvyi n'abakene n'umubanyi wa hagufi n'umubanyi wa kure hamwe n'umugenzi pfampfe hamwe n'ingenzi hamwe n'abaja** }}. Suratun Nisai; 36.

Imana kandi Ivuga Iti: {{ **Mbega wararonse inkuru z'abashitsi bahire ba Ibrahimu** }}. {{ **Aho binjira iwe bakavuga bati; Amahoro! Nawe ati: Amahoro emwe bantu ntashoboye kumenya** }}. {{ **Maze aca agenda ku bantu biwe, aza azanye inka inuze** }}. {{ **Araheza abaha ikaze, ababwira ati: Ko mbona mudafungura** }}. Suratun Dhaariyat; 24-27.

Kandi mu migenzo y'Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) n'uko yiyakirira umushitsi Yo ubwayo. Nk'uko biri muri Hadithi yashikirijwe na Abou Huraira usanga mu Gitabu ca Bukhari, ivuga ko mu vy'ukuri Intumwa y'Imana (Muhamadi, Imana Imuhe amahoro n'imigisha) yinjiye mu rugo rwiyo, maze ihasanga amata yagemuriwe, niho yaca itegeka Abou Huraira ahamagare Abantu b'Isuwuffa, aca arayabagaburira. Waza ubona Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) ariwe yiyuzuriza inkono, noneho agaca ahereza Abou Huraira kugira ngo abasukirire. Ahejeje kubahetura bose, niho yaca Isukirira Abou Huraira nawe atari yaronse akanya, hanyuma Nayo (Intumwa y'Imana) ica iranywako. Kandi iyi niyo nsiguro y'inkuru ivuga iti: ((**Yaranyweshereje abantu, aca aba uwanyuma mu kunywa**)). ((**Kandi uwukorera abantu, ni sebuja wabo**)).

Kubijanye naho n'ibisagara birimwo amahoteli n'amaresitora vy'ingenzi, ico gihe ukwakira umushitsi si itegeko kiretse uwo impamba yaheranye kugera naho abura ico ariha. Rero ico gihe kumwakira rica riba itegeko kuri bamwe, kuko yakiriwe na bamwe mu basangwa, abasigaye barababarirwa, gusa habuze n'umwe amwakira, bose bazoba bacumuye.

3) Ikigira gatatu: Ukwakira umushitsi kandi ntabuzwe amahoro.

Iki kiri mu bintu bihambaye mu rupfasoni rwa kiislamu. Mu nyigisho y'ukuri (Hadidhi) havuga hati: << **Gabiyeli yabandanya ampanura kubijanye n'umubanyi, kugera naho niyumvira ko yomutorana** >>. Mu yindi nyigisho kandi y'ukuri aho Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) Yavuga Iti: << **Ndarahiye Wallahi uyu (muntu) ntaremera, Wallahi ntaremera, Wallahi ntaremera** >>. Baramubaza bati; Uwo ninde Ewe Ntumwa y'Imana!? Ivuga Iti: << **Uwudashobora guha amahoro umubanyi wiwe** >>.

Utahure kandi ko ababanyi barimwo imice itandukanye kandi bagenda basumba sumbana mu guhabwa agateka hagati yabo. 1] Mu gihe umubanyi wawe yoba ari Umwislamu kandi ari n'uwu mu miryango, arafise guhabwa agaciro ku bintu bitatu bikurikira; a) Kuba ari umwislamu. b) Kuba ari uwu mu miryango. c) No kuba ari umubanyi. 2] Mu gihe naho ari umubanyi w'Umwislamu ariko atari uwu mu miryango, arafise guhabwa agaciro ku bintu bibiri; a) Kuba ari umwislamu b) No kuba ari umubanyi. 3] Mu gihe naho kandi ari umuhakanyi, arafise guhabwa agaciro ku kintu kimwe; Na co n'ukuba ari umubanyi. Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amaho n'imigisha) yarabajijwe kubijanye n'umubanyi wa hagufi? Yishura Iti: << **Uwo umuryango w'inzu wegereye** >>.

Uwitwa Annawawi avuga ati; Umubanyi agwa muri bine: 1] Uwo mubana mu nzu. 2] Uwo inzu yiwe ifatanye n'iyiwe. 3] Uguharura inzu mirongo ine ku mpande zose. 4] Co kimwe n'uwu mubana wese aho hantu. Imana Ivuga Iti: {{ **Hanyuma ntimuzobana atari bake cane** }}. Suratun Ahzaab; 60.

Ikindi n'uko abo mu gihugu kimwe, mu gihe babana inzu ku yindi, basabwa ko umw'umwe wese ategerezwa gufasha uwundi kandi ntamubuze n'amahoro. Mbere iki co kuronka ubutaka bunini, kiri mu bituma haboneka ibisagara bikomeye ari navyo biri muvuyerekana ko umuntu yikwiye ku rugero rukwiye.

إِيَّاكَ وَالْغَضَبَ

NI WIRINDE ISHAVU:

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ أَنَّ رَجُلًا قَالَ لِلنَّبِيِّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ : أَوْصِنِي ، قَالَ : (لَا تَغْضَبْ) ،
فَرَدَّدَ مَرَارًا ، قَالَ : (لَا تَغْضَبْ) . رَوَاهُ الْبُخَارِيُّ .

Nk'uko yashikirijwe na Abou Huraira (Imana Imwishimire), avuga ko mu vy'ukuri hari umuntu yasavye Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) ngo amuhanure? Imubwira Iti: << **Ntugashavure** >>. Yabandanije Ibimusubiramwo incuru nyinshi! Imubwira Iti: << **Ntugashavure** >>. (Yakiriwe na: Bukhari).

الْمَعْنَى الْعَامَّ

INSIGURO IRI HAMWE:

Ishavu riri muri kamere y'umuntu, kuko nta numwe bidashikira. Rero ikibujijwe ngaha, ni ukwirinda ishavu ribuza amahoro no kwihorera.

Kuri ivyo rero, haraje inyigisho (Hadiithi) nyinshi zibuza gushavura. Mbere zimwe zarerekanye neza na neza ko ishavu ari ikara rikomoka kwa Satani. Mu yindi nyigisho hajemwo ko, uwashavuye ategetswe guca yicara canke kuryama canke gukarabira isengesho (Uzu) no kwikinga ku Mana Imurinde satani yavumwe. Imana Iravuga muri Surat'u Aali `Imraani Iti: {{ **Ni muhurumbire ikigongwe gikomoka ku Muremyi wanyu, n'ubwami bw'Ijuru ubwaguke bwaryo bungana n'amajuru n'isi mugutegurirwa abitonesha** }} {{ **Babandi batanga (imperezwa zabo) mu gihe c'umunezero n'agahinda hamwe n'abatsinda ishavu n'abababarira abantu. Kandi Imana Irakunda abagiraneza** }}.

Mu nyigisho itomoye kandi, Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) Ivuga Iti: << **Ntabwo inguvu ari izo mu maboko, ariko inguvu ni iz'urya atsinda ishavu ry'umutima wiwe** >>.

Ibi vyose, n'ibijanye n'ishavu ry'umutima w'umuntu. Naho ishavu ku kuri, rirarekuriwe, kandi biri no mu kwemera. Mu nyigisho itomoye yashikirijwe na Aisha (Imana Imwishimire), mu vy'ukuri avuga ati: ((**Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) Ntiyigeze ishavuza umutima wayo, ariko mu gihe hari uwurenze imbibe z'Imana nta cakorwa ku bw'ishavu ryiwe**))).

Uwo Imana Ihaye ubwitonzi, agashobora kuganza umutima wiwe mu gihe c'ishavu, uwo azoba ari mu ngabirano zidasanzwe.

الإِحْسَانُ فِي كُلِّ شَيْءٍ حَتَّى الدَّبْحِ

INEZA KU KINTU COSE, NO MU GUKERERA:

عَنْ أَبِي يَعْلَى شَدَّادِ بْنِ أَوْسٍ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ عَنِ الرَّسُولِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: (إِنَّ اللَّهَ كَتَبَ الْإِحْسَانَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ، فَإِذَا قَتَلْتُمْ فَأَحْسِنُوا الْقِتْلَةَ، وَإِذَا ذَبَحْتُمْ فَأَحْسِنُوا الذَّبْحَةَ، وَلِيُحَدِّثْ أَحَدَكُمْ شَفْرَتَهُ، وَلِيُرِيحَ ذَبِيحَتَهُ). رَوَاهُ مُسْلِمٌ.

Nk'uko yashikirijwe na Abou Ya`ala Shaddadi mwene Aus (Imana Imwishimire), avuga ko Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) Yavuze Iti: << **Mu vy'ukuri Imana Yaranditse ineza ku kintu cose, rero no mu kwica mubigirane ineza, no mu gihe mugira mubage mukerere neza, umwe muri mwebwe abanze akarishe imbugita yiwe kugira ngo ikibagwa ciwe kironke amahoro** >>. (Yakiriwe na: Bukhari).

المَعْنَى العامَّة

INSIGURO IRI HAMWE:

INNALLAHA KATABAL IHSAANA= YARATEGETSE. `ALAA KULLI SHA-IN=UKWO BIRI KWOSE. Kuko urudome `ALAA ngaha, rusigura= FII, bisigura mu (indani mu kintu).

FA-IDHAA QATALTUM= UMUNTU. Kumvo z'uko nawe yishe mugenziwe ata mvo ihari. **FA-AHSINUU= INGENE AZA KWICWA.** Ntimumwice nabi. Ari naco gituma igikoresho co kumwicisha gitegerezwa kuba gikarishe, kugira ngo ntikize kubabaza uwicwa mu gihe co kumwica. **WA IDHAA DHABAHTUM=IBITUNGWA.** Kugira ngo mukirye, ni mutegure neza imbugita ikarishe yo kukibagisha nikibabare mu gihe muriko muragikerera. Uko kandi niko vyaje mu nyigisho ivuga Iti: **umwe muri mwebwe abanze akarishe imbugita yiwe kugira ngo ikibagwa ciwe kironke amahoro.**

None nimba impuhwe ari itegeko no kuwateguriwe kwicwa hamwe no kubigira bibagwe, wumva gute kubatishoboye no kubazipfuzwa (izo mpuhwe)? Ubwislamu n'Idini ry'impuhwe, mbere n'Imana Yaramaze kubivuga muri Suratul Anbiya-u ibwira Intumwa ya Yo Muhamadi (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) Iti: {{ **Kandi Ntitwakurungitse atari ukugira ngo ube uw'impuhwe ku vyo mwisi vyose** }}. Ntiyavuze ngo: Ku baislamu gusa. Kandi yarategetse urunganwe rwiwe ko bomwigirako muri Suratul Ahzaab Iti: {{ **Intumwa y'Imana kuri mwebwe ni akarorero keza kuri mwebwe, na cane cane uwizigira ko azohura n'Imana n'umusi w'umuhero kandi akibuka Imana cane** }}.

Inyigisho (Hadithi) yaranabishimangiye aho Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) yavuga Iti: << **Nimugirire impuhwe ibiri mw'isi, muzogirirwa impuhwe n'Uwuri mw'ijuru** >>. No mu nsiguro y'iyindi nyigisho: << **Abagira impuhwe, bazozigirirwa na Nyenimpuhwe (Allah)** >>. Nta muntu azi ko yigana Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha), atari uko aba afise impuhwe ku Mwemeramana n'umuhakanyi hamwe n'ibikoko n'abatari ubwoko bwiwe. Atari uko, n'ukumugwanya kuko ata mpuhwe akwiriye. Rero nta ciza kiri mu buzima mu gihe ata mpuhwe.

تَقْوَى اللَّهِ عَلَى كُلِّ حَالٍ

NI UGUTINYA IMANA UKWO BIRI KWOSE:

عَنْ أَبِي ذَرِّ جُنْدُبِ بْنِ جُنَادَةَ، وَأَبِي عَبْدِ الرَّحْمَنِ مُعَاذِ بْنِ جَبَلٍ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُمَا، عَنْ الرَّسُولِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: (اتَّقِ اللَّهَ حَيْثُمَا كُنْتَ، وَاتَّبِعِ السَّيِّئَةَ الْحَسَنَةَ تَمَحُّهَا، وَخَالِقِ النَّاسَ بِخُلُقٍ حَسَنٍ). رَوَاهُ التِّرْمِذِيُّ وَقَالَ: حَدِيثٌ حَسَنٌ، وَفِي بَعْضِ النُّسخِ: حَسَنٌ صَحِيحٌ.

Nk'uko yashikirijwe na Abou Dharri Jundubi mwene Junaada, hamwe na Abou Abdurahmani Mu`adhi mwene Jabal (Imana Ibishimire bose), bavuga ko Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) yavuze Iti: << **Tinya Imana aho uri hose, ukurikize ibibi ineza ica ibihanagura, kandi ugire ingeso nziza ku bantu** >>. (Yakiriwe na: Tirmidhi, maze avuga ko ari; Hadithi (Hasan) Nziza, kandi no mu vyandiko bindi yaje ari; (Hasanu Swahih) Nziza kandi Yemewe).

المَعْنَى العامَّة**INSIGURO IRI HAMWE:**

Twarabivuze ko ukwitonesha ari; Ugushira mu ngiro ivyo Imana n'Intumwa ya Yo bategetse, no kwiyegeza kure n'ivyo Imana n'Intumwa ya Yo babujije.

HAITHUMAA KUN-TA= AHO ABANTU BAKUBONA N' AHO BATAKUBONA: Kuko Imana nta kintu kiyinyegeza mw'isi no mw'ijuru. Rero menya ko uwitonesha ku Mana ari wawundi ayitinya mu mpisho no ku mugaragaro.

WA AT-BI'I SAYYI-ATAL HASANATA= NIWAKORA IKIBI MU NZIRA Z'UGUSAMARA NO KUDATAHURA, CA UKORA IVYZA BIHANAGURE IBIBI: Iyaba umuntu yirimburu mu gukurikiza ivyiza amakosa yakoze, nta kosa ryomugumako, kuko ivyo nivyo Imana Ishaka. Ariko mu gihe vyoba ivy'abandi, n'itegeko ivyanyazwe bisubizwe canke habe gusaba ikigongwe kandi gitangwe.

WA KHAALIQI NAASA BIKHURUQIN HASANIN= KUBEREKA IMICO MYIZA: Uko bazoba bari kwose ku bubashwe canke abintegenke, kandi mu kuri n'uko mvuga nti: Mu vy'ukuri jewe naratoye ubumenyi ku banyacubahiro b'Abaremanye ko, iyo basezeraniye umuntu ikintu bagishira mu ngiro. Ntibigera batandukana kw'isezerano ryabo, ahubwo barahuzwa abivyubahiro n'abatabifise, n'urya adatinywa canke ngo yizere. Kuko ikibaronderako isezerano, n'isoni zibavako n'urukundo rukwiye hamwe no kutishimira gutandukana. Rero ikibaronderwako si ugutinya isango no kurishitsa.

Kandi izi nizo ngeso Ubwislamu bwashimangiye mu kuri k'uwuyemera n'uwubihakana. Nkuko biri mu gitabu ca Bukhari, havuga ko Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) mu vy'ukuri yavuze Iti: << **Ivyerekana indyarya ni bitatu; 1) Iyo atanze inkuru, arabesha. 2) Kandi atanze isango, ntarishikana. 3) Bamwizeye naho, arahemuka** >>. No mu gitabu ca Muslim havuga hati; << **Naho yosenga, akongera agafunga yiyita Umwislamu** >>. Muri Bukhari kandi harongera hakavuga ko, Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) yavuze Iti: << **Umwislamu akwije ukwemera, ni uwubasumvya ingeso nziza. Kandi abeza kubaruta, ni abeza ku bagore babo** >>.

Ivashikiye ibihugu vyo mu buseruko (vy'abarabu), kugera naho batandukana mu bibanza vyose, nuko imico myiza yabatitukanye.

مَنْ حَفِظَ أَمْرَ اللَّهِ حَفِظَهُ اللَّهُ

UWUGENDERA AMATEGEKO Y'IMANA, IMANA IRAMUBUNGABUNGA:

عَنْ عَبْدِ اللَّهِ بْنِ عَبَّاسٍ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُمَا قَالَ: كُنْتُ خَلْفَ النَّبِيِّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ يَوْمًا، فَقَالَ: (يَا غُلَامُ! إِنِّي أَعَلَّمْتُكَ كَلِمَاتٍ: أَحْفَظِ اللَّهَ يَحْفَظْكَ، أَحْفَظِ اللَّهَ تَجِدْهُ تُجَاهَكَ، إِذَا سَأَلْتَ فَاسْأَلِ اللَّهَ، وَإِذَا اسْتَعَنْتَ فَاسْتَعِنْ بِاللَّهِ، وَاعْلَمْ أَنَّ الْأُمَّةَ لَوِ اجْتَمَعَتْ عَلَى أَنْ يَنْفَعُوكَ بِشَيْءٍ لَمْ يَنْفَعُوكَ إِلَّا بِشَيْءٍ قَدْ كَتَبَهُ اللَّهُ لَكَ، وَإِنْ اجْتَمَعُوا عَلَى أَنْ يَضُرُّوكَ بِشَيْءٍ لَمْ يَضُرُّوكَ إِلَّا بِشَيْءٍ قَدْ كَتَبَهُ اللَّهُ عَلَيْكَ، رُفِعَتِ الْأَقْلَامُ، وَجَفَّتِ الصُّحُفُ). رَوَاهُ التِّرْمِذِيُّ وَقَالَ: حَدِيثٌ حَسَنٌ صَحِيحٌ.

وَفِي رِوَايَةٍ غَيْرِ التِّرْمِذِيِّ: (أَحْفَظِ اللَّهَ تَجِدْهُ أَمَامَكَ، تَعْرِفْ إِلَى اللَّهِ فِي الرَّخَاءِ يَعْرِفَكَ فِي الشَّدَّةِ، وَاعْلَمْ أَنَّ مَا أَخْطَأَكَ لَمْ يَكُنْ لِيُصِيبِكَ، وَمَا أَصَابَكَ لَمْ يَكُنْ لِيُخْطِئَكَ، وَاعْلَمْ أَنَّ النَّصْرَ مَعَ الصَّبْرِ، وَأَنَّ الْفَرْجَ مَعَ الْكَرْبِ، وَأَنَّ مَعَ الْعُسْرِ يُسْرًا).

Nk'uko yashikirijwe na Abdillahi mwene Abbas (Imana Ibishimire), avuga ati; Hari umusi nari nungurujwe n'Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) maze Ivuga Iti: << Ewe Muhungu! Mu vy'ukuri ngira ndakwigishe amajambo (akomeye); Itwararike Imana, Nayo Izokubungabunga. Itwararike Imana, uzoyisanga aho uzotumbera hose. Nihaba hari ico ugira usabe, saba Imana. Nihaba hari imfashanyo ukeneye, saba Imana. Kandi tahura neza ko, naho abantu bose bokwishira hamwe ngo bagire ico bagufashije, ntaco bashikako atari kwa kirya nyene Imana Izoba Yamaze Kukwandikira. Co

kimwe n'uko bashobora kuja inama ya bose yo kugukorera ikibi, atavyo boshikako atari kwa kirya nyene Imana Izoba Yamaze Kukwandikira. Ikaramu zarahejeje kwandika, kandi n'impapuro zarumye >>. Yakiriwe na: Tirmidhi, avuga ko ari Inyigisho (Hasanu Swahiih) Nziza kandi yemewe).

Mu yindi nyigisho ariko yo itari mu Gitabu ca Tirmidhi ivuga Iti: << Itwararike Imana, uzoyisanga imbere yawe. Niwimeneshe ku Mana mu gihe unezerewe, Nayo Izogufasha mu gihe c'umubabaro. Kandi utahure neza ko ikiguhushije, n'ubundi ataco cari kukugira. Co kimwe n'ikigushikiye, n'ubundi nticari kuguhusha. Maze wongere utahure neza ko, imfashanyo igirwa no kwihangana. Ko kandi ukwiruhutsa kugirwa no kuruha. Vyongeye, ibigorana birateba bikoroha >>.

المُفْرَدَاتُ وَالْمَعْنَى الْعَامُّ

AMAJAMBO AMW'AMWE N'INSIGURO IRI HAMWE:

KUN-TU KHALFA NABIYYI=TWARI DUHEKANYE KU GIPANDWA KIMWE: Avuga Ati: << Ewe Muhungu >>!

ALGHULAAM: Ni umuyabaga.

IHFADHI LAAHA=BUNGABUNGA AMATEGEKO Y'IMANA MU KUYASHIRA MU NGIRO: Harimwo no kureka ivyo Yakubujije.

YAHFADHWEKA: Mu mubabaro wo mw'isi hamwe n'ibihano vyo ku musi w'umuhero.

IHFADHI LAAHA: Amategeko Yayo.

TAJIDEHU TUJAAHAKA: Aho uzotumbera hose, ukayisaba mu mihezagiro Yayo Izoguha.

Imvugo yiwe Iti: **Nihaba hari ico ugira usabe, saba Imana.** Imamu Nawawi mu nsiguro y'iyi Nyigisho kuburebure yavuze ati; Ni mu gihe ico gisabwa gikenewe kitamenyerewe gusabwa abantu, nko gusaba bakurongore, baguhe ubumenyi no gutahura muri Qoroani na Sunna no gukizwa ingwara, hamwe no gushika ku magara meza azira ingorane zo kw'isi n'ibihano vyo ku musi w'umuhero, ibi abisabe Umuremyi wiwe, ntibisabwe uwundi. Ariko nko mu gihe ibisabwa bimenyerewe ko Imana ibicisha mu minwe y'ibiremwa, nko guca k'uwuhingura, ku ndongozi, urashobora gusaba Imana Yoroshe imitima yabo. Kandi ntibirekuriwe gusaba Imana ngo ihe abantu bose gutunga, kuko Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) Yumvise Ally avuga ati: [[Ewe Mana! Duhe ubutunzi kurusha ibindi biremwa]]. Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) Imubwira Iti: << Reka kuvuga uko. Kuko ibiremwa birakeneranira. Gusa urashobora kuvuga uti: Ewe Mana! Duhe ubutunzi kurusha ibiremwa vyawe bibi >>. Imamu Nawawi aheraheza avugati; Kwishiramwo ko ubuzima buri mu minwe y'ibiremwa, ivyo sivyoye.

وَسَلِّ الَّذِي أَبْوَابُهُ لَا تُحْبَبُ
وَبْنِي آدَمَ حِينَ يُسْأَلُ يَغْضَبُ

Ntuze uture ingorane zawe Mwene Adamu,

لَا تَسْأَلَنَّ بَنِي آدَمَ حَاجَةً
اللَّهُ يَغْضَبُ إِنْ تَرَكْتَ سُؤَالَهُ

Ahubwo saba Uwo imiryango yiwe itanyegeje.

Imana Irashavura iyo uretse kuyisaba,

Ariko Mwene Adamu ashavuzwa n'uko umusavye.

Ico n'icerekana amajambo y'Imana ari kigabane ca Mu-umin (Ghaafir); 60, aho Imana Ivuga Iti: {{ Umuremyi wanyu Avuze Ati: Nimunsabe, Ndabishura. Mu vy'ukuri abo bose bari n'ubwibone mu kudashaka kungamburukira, bazokwinjira muri Gehinomu basuzuguritse }}.

Inyigisho yiwe ngo; WA IDHAA STA`IN-TA FASTA`IN BILLAAH: Ni nk'uko twamaze kubisigura, ukwikinga ku kitari Imana ku vyo kidashoboye, nko gukiza umugwayi, kumusaba ikibondo no kumusaba amafunguro, ivyo ntibirekuriwe atari ku Mana gusa. Imana Ivuga Iti: (Umuntu avuga ati) {{ Ni Wewe gusa dusenga, kandi ni Wewe gusa dusaba imfashanyo }}. Bisigura ngo; Ntawundi tuzeyeko imfashanyo atari Wewe. Naho gusaba umuntu ico ashoboye nk'imvo, nta ngorane. Nko kumusaba amufashe gufata umusuma, canke kuzimya umuriro, ivyo ntaco vyonona mu kwiyegereza Imana.

Iyindi nayo ivuga iti; WA`ALAM ANNAL UMMATA LAWIJETAMA`UW: Ico ni igishimangira amajambo ari mu Gitabu c'Imana, mu Kigabane citiriwe Yonas ahavuga hati: {{ Nka hamwe Imana Yoshaka kuguteza ingorane, ntawundi yozigukurako atari Yo Yonyene. Kandi Iguhaye ivyiza, nta numwe yosubiza inyuma imihazagiro Yayo }}. Ni kuri ivyo vyose Imana Imenye ko biza kugushikira mu vyiza n'ibibi, bitegerezwa kugushikira. Rero ntibirekuriwe ko umunoho woturwa abantu, canke haba no mukubatinya, vyotuma Imana igararizwa mugushimisha abantu ngo bomushikanira kuco yipfuzwa, ngo canke bamukingire ingorane.

Ariko umuntu kubijanye no kugira imvo ku bandi bantu, hisunzwe kwiyegereza Imana muri ivyo, kandi atahura neza na neza ko ata na kimwe kimushikira atari ku co Imana Yamwandikiye, ivyo birarekuriwe.

Imvuga nayo ngo; RUFU`ATIL AQLAAM: Ni imvugo yerekana integuro z'Imana n'ubumenyi Bwayo, kubizoba ku muntu mu vyiza n'ibibi.

Naho mu nyigisho itari iya Tirmidhi, imvugo ngo: TA`ARRAF ILA LAAHI FII RAKHAAI: Kora mu kwubaha Imana kandi usubirize ivyiza Vyayo mu gihe c'umunezero nk'uwamagara meza, ubutunzi, inguvu hamwe n'intsinzi. YA`ARIFUKA FII SHIDDAT: Izokurokora mu gihe uzoba ukeneye imfashanyo mu bihe vy'intege nke nk'amagwara, gukena n'ivyago. Burya ukwubaha Imana mu gihe c'ivyiza, ni ugushima kuri vyo, kandi ugushima gutegerezwa kungorezwa.

Iyi mvugo: << ANNA MAA AKHETWA-AKA >>: Nico kimwe n'ahavuga ngo: << WA`ALAM ANNAL UMMATA LAWIJETAMA`UW....>>.

<< WA`ALAM ANNA NASWRA MA`A SWABR >>: Nta gisirikare coshika ku ntsinzi kitabanje kwihangana. Imana Ivuga Iti: {{ Emwe Abemera! Nimwihangane, kandi muremeshanye, mwongere musenyera ku mugenzi umwe, maze mutinye Imana muzoshika ku ntsinzi }}. Suratu Aali `Imraan; 200.

<< ALKARBU >>: Ibibazo vy'umurenge.

<< WAL- FARAJ >>: Ingorane kuvaho. Rero iyo ingorane zibaye nyinshi, iyo zibaye umurenge zishitse ku kanyuma, zica zisambuka, niho haca hugururwa imiryango y'amahoro.

Niyo mvugo yiwe ivuga Iti: << INNA MA`AL `USRI YUSRAN >>. Kandi mu nyigisho y'Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) ivuga Iti: << Nta kigorana gishobora gutsinda ivyoroshe bibiri >>. Ari navyo vyerekana amajambo y'Imana avuga ati: {{ N'uko rero ibigoranye bizokworoha. Ibigoranye bizokworoha }}. Ikizwi mu carabu=Ma`arifaf, iyo gisubiwemwo, gihinduka ikintu kimwe. Ku Alifu na

Laamu sico kimwe n'ikitazwi = Nakrat. Kuko ikitazwi gisubiwemwo kabiri, biguma ari bibiri nyene. Ingorane rero muri ico gihe iguma ar'imwe, ukoroherwa nakwo kukaba kabiri.

الْحَيَاءُ يَمْنَعُ مِنْ فِعْلٍ مَا لَا يَلِيقُ

ISONI ZIRABUZA GUKORA IBITARORANYE:

عَنْ أَبِي مَسْعُودٍ عُقْبَةَ بْنِ عَمْرٍو الْأَنْصَارِيِّ الْبَدْرِيِّ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: (إِنَّ مِمَّا أَدْرَكَ النَّاسُ مِنْ كَلَامِ النَّبِيِّ الْأُولَى: إِذَا لَمْ تَسْتَحْ فَاصْنَعْ مَا شِئْتَ). رَوَاهُ الْبُخَارِيُّ.

Nk'uko yashikirijwe na Abou Masoudi mwene `Uqebata mwene Amuri w`umu Answaari w`i Baderi (Imana Imwishimire), avuga ko Intumwa y`Imana (Imana Imuhe amahoro n`imigisha) yavuze Iti: << **Mu vy`ukuri mu vyo abantu basanze mu majambo y`ubuhanuzi bwa mbere: N`uko mu gihe utagira isoni, uca ukora ivyo wishakiye >>. (Yakiriwe na: Bukhari).**

الْمُفْرَدَاتُ وَالْمَعْنَى الْعَامُّ

AMAJAMBO AMW`AMWE N`INSIGURO IRI HAMWE:

AL-HAYAU: Ni ugucakirwa mu mutima, gutwara nyeneko ku guheba ivyo mu maramaza. Kandi vyarashikirijwe mu nyigisho yemewe (Hadithu Swahih) ko, isoni ziri mu bigize ukwemera. Mbere izo soni nyene, nikwo kwemera, mu gihe zimubuza gucumurira Imana, ahubwo zikamutwara kwubaha Imana. Kandi zikaba zidashobora kumubuza kuvuga ukuri naho kwoba kurura, hamwe no gukora ibitegetswe n`aho abantu bovyinuba. Ni nokuri ivyo, aho ukwitwararika ibitegetswe bishobora kuba uruvugo kuri uwo wese yanse kubiheba, hakaba n`ugushimagiza kw`inkozi z`ikibi kuri wawundi akora amakosa.

Kur`ubwo rero, isoni zishikana nyenezo gukora ibiterasoni, no kumubuza ibitegetswe, ni isoni ata co zimaze, mbere ni n`intege nke, nta n`ubwo ziharurwa ko uko ari ukwemera.

Kandi insiguro y`iyi nyigisho (Hadith) harimwo ubudasa, busaba gusigurwa mu nzira zibiri:

INZIRA YA MBERE: Mu gihe hari ikintu ushaka gukora kidashobora ku gutera isoni ku bantu canke ku Mana muri ico gikorwa, gikore. Ariko mu gihe coba giteye isoni ku Mana canke ku bantu, reka kugikora. Ico gihe rero muri ubwo buryo bica biharurwa ko birekuriwe.

INZIRA YA KABIRI: N’uko insiguro y’igihe utarangwa n’isoni za zindi zibuza uwubwenge kumuzanira uruvugo ku mategeko (y’Imana) n’urwa kamere, kora ico wishakiye, ariko uzokumviriza (uhonje) ibibi vy’ivyo wakoze. Ushikire igihano cawe. Rero ibintu bibe nko kugabishwa, nk’uko ushobora kuvuga ubwira uwuriko akora ibimuta mu manga uti; [**Isoni ku muriro, uzobona**]. Harimwo n’Ijambo ry’Imana rivuga riti: {{ **Nimukore ivyo mushaka, ariko (Imana) Yo Irabona ivyo mukora** }}. Ahandi naho Ivuga Iti: {{ **Babwire Uti: Nimwifyinatire, ariko Imana Izoshira ahabona ivyo mutinya** }}.

Naho kuri iyi mvugo yiwe: << **MIMMAA ADERAKA NAASU MIN KALAAMI NUBUWWATIL UULAA**>>: Mu vyasigaye ku bantu mu majambo y’abahanuzi batanguriye Muhamadi (Imana Imuhe amahoro n’imigisha). Nino kuri iyi mvugo y’uyu yivuze amazina avuga ati:

إِذَا لَمْ تَخَشَ عَاقِبَةَ اللَّيَالِي وَمَلَمْ تَسْتَحْيِ فَاصْنَعْ مَا تَشَاءُ
فَلَا وَاللَّهِ مَا فِي الْعَيْشِ خَيْرٌ وَلَا الدُّنْيَا إِذَا ذَهَبَ الْحَيَاءُ

Ni waba udatinya ingorane z’ijoro.

Maze ntugire n’isoni, kora ivyo wishakiye.

Ariko sivyo! Ndarahiye ku Mana ko; kubaho ata ciza kirimwo.
mu gihe isoni zaheze.

N’isi n’uko nyene,

Gusa hari n’ibindi bidakenewe ko ubigiramwo isoni, ni nk’umuntu kubaza kwa kirya atazi mu bijanye n’ubumenyi bw’ingirakamaro. Ivyo vyaravuzwe: [**Babiri, ntabumenyi boronka; Uwisoni hamwe n’uw’ubwibone**].

كثيرة طرق الخير

UKUGWIZA INZIRA Z’IVYIZA:

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: (كُلُّ سَلَامِي مِنَ النَّاسِ عَلَيْهِ صَدَقَةٌ كُلَّ يَوْمٍ تَطْلُعُ فِيهِ الشَّمْسُ، تَعْدِلُ بَيْنَ اثْنَيْنِ صَدَقَةٌ، وَتُعِينُ الرَّجُلَ فِي دَابَّتِهِ فَتَحْمِلُهُ عَلَيْهَا أَوْ تَرْفَعُ لَهُ عَلَيْهَا مَتَاعَهُ صَدَقَةٌ، وَالْكَلِمَةُ الطَّيِّبَةُ صَدَقَةٌ، وَبِكُلِّ خُطْوَةٍ تَمْشِيهَا إِلَى الصَّلَاةِ صَدَقَةٌ، وَتَمْيِطُ الْأَذَى عَنِ الطَّرِيقِ صَدَقَةٌ). رَوَاهُ الْبُخَارِيُّ وَمُسْلِمٌ.

Nk’uko yashikirijwe na Abou Huraira (Imana Imwishimire), avuga ko Intumwa y’Imana (Imana Imuhe amahoro n’imigisha) yavuze Iti: << **Igihimba cose kiri ku muntu ni imperezwa, buri musu uko izuba**

riserutse. Ukubanguranya hagati ya babiri ni imperezwa. No gufasha umuntu ikimwunguruza ciwe, ukakimutwarako canke kumushirirako umuzigo wiwe, ni imperezwa. Ijambo ryiza, ni imperezwa. Kandi intambuko yose utera ugiye gusenga, ni imperezwa. Co kimwe no gukura mu nzira ibibuza amahoro, navyo nyene ni imperezwa >>. (Yakiriwe na: Bukhari na Muslim).

المُفْرَدَاتُ وَالْمَعْنَى الْعَامُّ

AMAJAMBO AMW'AMWE N'INSIGURO IRI HAMWE:

ASSULAAMAA: Ibihimba. Abamenyi bavuga ko; Igitigiri c'ibihimba vy'umuntu, ari amajana atatu na mirongo itandatu, ko kandi buri gihimba gitanga imperezwa misi yose.

Imvugo yiwe ya, **TATWELU`U FIIHI SHAMSU:** Ni ugushimangira kwerekana ko ari itegeko ry'uko misi yose umuntu atanga imperezwa.

Kandi izi mperezwa aho zica ni henshi nk'uko vyavuzwe. Intumwa (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) yamaze kuvuga bimwe bimwe muri iyi nyigisho.

TA`EDILU BAINA THENAINI: Kubanguranya mu kuri hagati ya babiri batase, canke ukabahuza mu guhagarika impari n'ingorane zari hagati yabo, iyo ni imperezwa ku gihimba mu bihimba vy'umubiri wawe. Iyo naho uvuze ijambo ryiza, rigaca ryinjiza inyungu n'akanyamuneza mu mitima y'incuti zawe, nayo ica iba imperezwa ku kindi gihimba.

Ni intambuko yose utera uriko uragenda mu musigiti gusenga, nayo nyene ni imperezwa y'igihimba mu bihimba vy'umubiri wawe.

Ugukurako ibitera ingorane nk'amahwa canke ibuye canke ubunyerere canke ikinogo n'ibindi n'ibindi mu bibuza amahoro abantu mu nzira yabo, navyo nyene ni imperezwa. Ubona gute nka hamwe Imana Igushoboje gukora ibarabara ryiza, canke ukubaka igitarurwa, canke ukahacungera abasuma n'ibikoko, n'ukuri ico gihe uzoba utanze imperezwa ibihumbi n'ibihumbagiza.

Ubu rero nibwo Bwislamu bw'ukuri, bukeneye umunezero wanezerewe abadutanguriye. Kandi tubiheveye, twoca duhura n'ingorane hamwe no guca dushoborwa n'abansi bacu. None! Ubwo turiteguriye gusubira mu Bwislamu nyabwo?!

بَيَانُ الْبِرِّ وَالْإِثْمِ

UGUTOMORA ICIZA HAMWE N'IKOSA:

عَنِ النَّوَّاسِ بْنِ سَمْعَانَ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ عَنِ النَّبِيِّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: (الْبِرُّ حُسْنُ الْخُلُقِ، وَالْإِثْمُ مَا حَاكَ فِي نَفْسِكَ وَكَرِهْتَ أَنْ يَطَّلَعَ عَلَيْهِ النَّاسُ). رَوَاهُ مُسْلِمٌ.
 وَعَنْ وَابِصَةَ بْنِ مَعْبَدٍ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ قَالَ: أَتَيْتُ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ، فَقَالَ: (جِئْتَ تَسْأَلُ عَنِ الْبِرِّ؟) قُلْتُ: نَعَمْ، فَقَالَ: (اسْتَفْتِ قَلْبَكَ، الْبِرُّ مَا أَطْمَأْنَنْتَ إِلَيْهِ النَّفْسُ وَأَطْمَأَنَّ إِلَيْهِ الْقَلْبُ، وَالْإِثْمُ مَا حَاكَ فِي النَّفْسِ وَتَرَدَّدَ فِي الصَّدْرِ، وَإِنْ أَفْتَاكَ النَّاسُ وَأَفْتَوْكَ). حَدِيثٌ حَسَنٌ، رُوِيَ فِي مُسْنَدِي الْإِمَامَيْنِ أَحْمَدَ بْنِ حَنْبَلٍ وَالِدَارِمِيِّ بِإِسْنَادٍ حَسَنٍ.

Nk'uko yashikirijwe na Annawwaasu mwene Sam`aani (Imana Imwishimire), avuga ko Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) yavuze Iti: << **Ubugwaneza, ni ingeso nziza. Icaha naco, ni igiteye ingorane umutima wawe, mbere ukumva uranse ko abantu bokimenya** >>. (Yakiriwe na: Muslim).

Nk'uko kandi yashikirijwe na Waabiswata mwene Ma`ebad (Imana Imwishimire), avuga ati; Nagiye ku Ntumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha), Ivuga Iti: << **Uje kumbaza ivyerekeye ubugwaneza** >>?. Nca mvuga nti; Ego me! Ivuga Iti: << **Baza umutima wawe. Ikintu ciza, ni kirya wipfuzwa kandi n'umutima wawe ukacakirana ituze. Icaha naco, ni kirya gitera ubwoba umutima, n'igikiriza kikagira amakenga, naho abantu bobikubaza na wewe ukibaza ubwawe** >>. Iyi n'inyigisho nziza (*Hasan*), twayakiriye mu bitabu 2 vyitwa (Musnad) vy'Abaimamu babiri: Ahmadi mwene Hanbal na Addaarimi, mu nyigisho nziza).

المُفْرَدَاتُ وَالْمَعْنَى الْعَامَّةُ

AMAJAMBO AMW'AMWE N'INSIGURO IRI HAMWE:

AL-BIRRU: Ni irivuga ryegeraniriza umuntu; Ukwubaha Imana, no kuvangitirana n'abantu hamwe no kubabanira. Kandi Imana Yarasiguye Ubugwaneza mu Kigabane citiriwe inka (Suratul Baqarat; 177), Ica Yerekana ko kugizwe n'ibice:

ICA MBERE: Ukwemera gukwiye.

ICA KABIRI: Ko umuntu yotanga ku bantu bose mu vyo akunda. Na cane cane ku miryango ya hafi, impfuyi, abakene, ingenzi yibandaniye inzira hamwe n'abasegerezi basaba abantu.

ICA GATATU: Ukwitwararika isengesho.

ICA KANE: Ugutanga ishikanwa ritegetswe.

ICA GATANU: Ugushitsa ico wasezeranye, Woba waragisezeraniye umwislamu canke umuhakanyi.

ICA GATANDATU: Ukwihanganira ibishika, mu bukene n'ubworo, amagwara hamwe n'ingwano mu nzira y'Imana.

Ibi rero ni bimwe mu bigize ubugwaneza. Uwuzorangwa navyo, ni ngombwa ko azoharurwa mu bice vyose bisigaye vy'ubugwaneza. Hari uwivuga amazina mu barabu bakera, yariko ahanura umwana wiwe ati:

بُنَيَّ إِنَّ الْبِرَّ شَيْءٌ هَيْنٌ الْمَنْطِقُ اللَّيِّنُ وَالطَّعِيمُ

Mwananje, mu vy'ukuri ubugwaneza ni; Ikintu gito. Amajambo yoroshe, no gufunguranira indya.

Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) kuvuga Iti: << **Icaha naco, ni igiteye ingorane umutima wawe,...**>> Kinjiye mu gikiriza cawe, niwaba ugihema kandi unatahura mu gutandukanya ibishimisha Imana n'ibiyishavuza. Atari uko, utegerezwa kubaza abamenyi n'abiyorosha.

Hari inyigisho yamaze guca ngaha, yashikirijwe na Annu`umaani mwene Bashiiru, ikaba yarahimiriza kureka ibitera amadidane umutima, n'iyi nyigisho (Hadithi) rero turiko, insiguro nico kimwe. Kuko umuntu arashobora guhengamira ku mpusha hamwe no kwiyorohera, ariko mu gihe umutima wiwe ari uwitako imiragwe ntushobora kumwemerera.

Akarorero gato, ni umucamanza ugutora kwiwe agashimwe. N'uwigisha abantu ubumenyi kugushimwa n'Imana. N'uwundi ariwe ajejwe inyungu z'abanyagihugu mu bategetsi n'indongozi hamwe n'abagenduzi. Iyo hari uwumuzaniye akaganuke mu bo arongoye, ukuri n'uko yari kuyimushikiriza. Rero umutima wiwe niwaba ari mwiza kandi akaba ari n'uwutahura, yomutayeko umwikomo wo gutora ako kaganuke, ku gutinya ko yoba inzira imushikana ku giturire, hamwe no kwanka ko abantu bamubona nabi.

Imvugo yiwe nayo: << **Baza umutima wawe...**>>. Ni ukuvuga ko, ni waba uri umumenyi w'ibirekuriwe n'ibizira hamwe n'ibiteye amakenga, banza ubaze umutima wawe. Niwabona utekanye ku kintu runaka, hanyuma ukabona ko ata kibi kirimwo, canke igiteye amakenga, gikore. Atari uko naho, kireke. Hanyuma abantu nibakwishura ko ataco gitwaye kandi kirekuriwe, ntiwirengagize inyishu yabo.

الزهد

UKUTITAHO IVY'ISI:

عَنْ سَهْلِ بْنِ سَعْدِ السَّاعِدِيِّ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ قَالَ: جَاءَ رَجُلٌ إِلَى النَّبِيِّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ، فَقَالَ: يَا رَسُولَ اللَّهِ! دَلَّنِي عَلَى عَمَلٍ إِذَا عَمَلْتُهُ أَحَبَّنِي اللَّهُ وَأَحَبَّنِي النَّاسُ، فَقَالَ: (أَزْهَدُ فِي الدُّنْيَا يُحِبُّكَ اللَّهُ، وَأَزْهَدُ فِيمَا عِنْدَ النَّاسِ يُحِبُّكَ النَّاسُ). حَدِيثٌ حَسَنٌ، رَوَاهُ ابْنُ مَاجَةَ وَغَيْرُهُ بِأَسَانِيدٍ حَسَنَةٍ.

Nk'uko yashikirijwe na Sahli mwene Saadi Assaa`idi (Imana Imwishimire), avuga ko hari umuntu yaje ku Ntumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha), avuga ati; Ewe Ntumwa y'Imana! Mbarira ikintu nokora cotuma Imana Allah Inkunda n'abantu bakankunda? Yamwishuye Iti: "Niwirengagize ibiri kw'isi, abantu bazogukunda. Wirengagize ibiri ku bantu, niho bazogukunda." (Iyi nyigisho ni Nziza "Hasan", yashikirijwe na Ibnu Maajah n'abandi mu bwakirizi bwiza.)

الْمُفْرَدَاتُ وَالْمَعْنَى الْعَامَّةُ

AMAJAMBO AMW'AMWE N'INSIGURO IRI HAMWE:

AZZUHD: Ni ukutitaho ibiteye amakenga. Nk'amatungo yoba ari mu minwe y'umuntu, mugabo atari mu mutima wiwe. Bisigura ko mu vy'ukuri, umutima wiwe ntabwo uyahurumbira ngo canke uyitwararike mu kuyegeranya, si ari ingumyi kuyatangira ishikanwa-bwirizwa canke imperezwa. Uwumeze uko rero, ni we uwutitaho ivy'isi n'aho yoba afise amamiliyoni. Uwo nawe ahurumbira, yitwararika akaba n'ingumyi yikwegerako ivyarekuwe, ibitarekuwe n'ibiteye amakenga "Halali, Haramu, na Shubhat" uwo niwe nyakwiyegegeranirizako naho yoba ari ntaho nikora.

Mu nyisho itomoye, ivuga Iti: "Ewe Mana Allah Rurema! Mu vy'ukuri, jewe ndagusavye undongore mu nzira nziza, umpe kugutinya mu kukugamburukira, umpe ubutunzi no kwitwararika ibikorwa vyiza." Rero iyo gutunga kuba kwonona ukwicisha bugufi, Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) ntiyari kubusaba.

Mu yindi nyigisho itomoye kandi mu bwakirizi bumwe havuga, ko hari abantu mu Basangirangendo b'Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) baje kuri yo bayibwira bati: "Abatunzi baratumaranye imigisha, basenga nk'uko dusenga, bafunga nk'uko dufunga, ariko baratanga imperezwa bivanye n'uko ubutunzi babufise." Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) ivuga iti: "Ngira ndababwire ikintu nimwagikora nta n'umwe azobahamvya kuri co. Ni muninahaze Imana Allah, muyishimagize muyikuzze uko muhejeje gusenga, kandi mubigire incuro mirongo itat'itatu na zitanu." Baragiye, hanyuma bagaruka bayibwira bati: "Ewe Ntumwa y'Imana! Aba bavukanyi bacu b'abatunzi bumvise ivyo dukora, nabo baca barabikora." Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) ibabwira iti: "Iyo ni imihezagiro y'Imana Allah Iha uwo Ishaka".

Kandi ikizwi n'uko abo abo batunzi bahora batanga ikirenze ku bushobozi bwabo, ariko Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) yavuze iti: "Iyo n'imihezagiro y'Imana Allah Yahezagiye abatunzi gusumba aboro, kuko iyo biba vyari ibibuza ukwicisha bugufi, ntivyari kwitwa imihezagiro.

Mu yindi nyigisho itomoye kandi havuga hati: "Ukuboko kuri hejuru, sico kimwe n'ukuboko kuri hasi". Ukuboko uri hejuru: Gusigura iminwe itanga. Ariko kandi si akamenyero kuko iba iyitanga, atar'uko iba

ifise ibirenga ku vyo nayo ikeneye. Aha naho harerekana ko ibirenga ku bikenewe, navyo biharurwa mu mihezagiro y’Imana Allah n’inema za Yo. Kandi nta co vyononera ukwicisha bugufi. N’uko Imana Ikunda umutunzi ashima kandi atanga ku vyo Imana Allah Yamuhaye.

Mu nyigisho yashikirijwe na Ibnu Masud (Imana Imwishimire), yakiriwe na Bukhari, havuga hati: “ Na nzigo kiretse mu bintu bibiri: Umuntu Imana Allah Yahaye amatungo, maze ayakoresha ayatikiriza mu gukora ibintu vy’ukuri vyemewe. N’umuntu kandi Imana Allah Yahaye ubwitonzi, akabukoresha mu gutunganiriza abandi, kandi akabwigisha abantu”. Insiguro y’inzigo yavuzwe aha, ni ukwipfuzwa, ariko kwipfuzwa kuronka ivyiza nk’ivyo mugenzi wawe yaronse mu nema z’Imana. Kandi ntibirekuriwe ko umuntu yatikiriza amatungo yiwe mu gufasha abandi, atar’uko hari ikirenga ku vyo nawe akeneye mu kwikenura. Ari naco gituma Intumwa y’Imana (Imana Imuhe amahoro n’imigisha) yerekana ko ata ngorane kugira inzigo nk’iyi mu gihe utipfuzwa ko uwo abifise vyomuvako, kandi iyi biba ari ico bitwara ukwicisha bugufi ntiyari kuvyemera (nyakugira amahoro n’imigisha vy’Imana), eka n’ivyemezo ni vyinshi.

YUHIBBAKA LAAH: Urukundo rw’Imana Allah, ruhagaze ku kubagirira impuhwe no kubahezagira.

AZZUHDI FIIMA AYDI NAAS: Ni ukwirinda umunoho wavyo, no kureka gutora ibiri mu minwe yabo. Harimwo kandi ukudatora utuganuke twabo kiretse harimwo imigisha ikwiye canke ari ukubura uk’ugira, kandi na vyo biri mu bwitonzi ntangere n’imvugo yegeranya ayandi majambo.

Kuvyerekeye gusegereza abantu, ivyo navyo birabujijwe kiretse ari ukubura uko ugira. Aha niho Imana Allah Yahayagiza aboro bitwararika ibikorwa vyiza, Yavuze Iti: {{ Imperezwa ihabwe aboro bafatiriwe kubera ibikorwa vy’Imana Allah, badashobora kwidagemevywa kw’isi barondera ubuzima, kubera ukwihangana kwabo uwutabazi yokwibaza ko batunze, uzobamenyera ku bimenyetso vyabo, kuko ntibagobera abantu mu kubasega}}. Mu nyigisho yemewe yakiriwe na Bukhari, Intumwa y’Imana (Imana Imuhe amahoro n’imigisha) yavuze iti: “ Ko umwe muri mwebwe yofata ikiziriko n’ishoka, akagenda gusenya inkwi akazigurisha, Imana Allah izomurinda umuriro udahera. Asumba uwusegereza abantu bakamuha canke bakamwima”.

Iyi nyigisho, iri mu nkingi zubatse Idini ry’ubwislamu, hari mu bivugamazina yavuze ati:

أَرْبَعٌ مِّنْ كَلَامِ خَيْرِ الْبَرِيَّةِ عُمْدَةُ الدِّينِ عِنْدَنَا كَلِمَاتٌ
لَيْسَ يَعْنِيكَ وَأَعْمَلَنَّ بِنَيْهِ اتَّقِ الشُّبُهَاتِ وَأَزْهَدْ وَدَعْ مَا

Dufise amajambo ane agize inkingi z’idini. Akomoka mu kanwa k’umwiza w’ibiremwa.

Tinya ibigutera amakenga, wicishe bugufi. Ureke ibitakuraba, n’umuzirikanyi ushirwe mu ngiro.

Imvugo: Tinya ibigutera amakenga: Ni ikimenyetso cerekana neza na neza inyigisho yacye aha yashikirijwe na Nuumanu mwene Bashiir. Icishe bugufi: Ikimenyetso cerekana neza na neza iyi nyigisho turiko. Reka ibitakuraba: Ikimenyetso cerekana neza na neza inyigisho ivuga iti: “Mu vyiza vy’ubwislamu, ni umuntu kureka ibitamuraba.” Shira mu ngiro umuzirikanyi: Ikimenyetso cerekana neza na neza inyigisho ya mbere muri iki Gitabu, ivuga iti: “ Ibikorwa vyose biharurwa habanje kurabwa umuzirikanyi vyakoranye”.

Mu bisanzwe, birazwi ko abantu bakunda ababorohereza ntibabasabe ibiri mu minwe yabo, bakaremererwa n’uwo wese abagora abaka ibiri mu minwe yabo. Barayamaze bati: “ Tungira k’uwo

ushaka, uzomubona. Ha icubahiro uwo ushaka, uzoba indongozi yiwe. Witwaze uwo witwaza, uzoba imbohe yiwe”.

تَغْيِيرُ الْمُنْكَرَاتِ

UGUHINDURA IBIBI:

عَنْ أَبِي سَعِيدٍ الْخُدْرِيِّ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ قَالَ: سَمِعْتُ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ يَقُولُ: (مَنْ رَأَى مِنْكُمْ مُنْكَرًا فَلْيُغَيِّرْهُ بِيَدِهِ، فَإِنْ لَمْ يَسْتَطِعْ فَبِلِسَانِهِ، فَإِنْ لَمْ يَسْتَطِعْ فَبِقَلْبِهِ، وَذَلِكَ أَضْعَفُ الْإِيمَانِ). رَوَاهُ مُسْلِمٌ.

Nk’uko yashikirijwe na Saidi Al-Khuderiy (Imana Imwishimire), avuga ati: “Numvise Intumwa y’Imana (Imana Imuhe amahoro n’imigisha) ivuga iti:” **“Muri mwebwe, uwuzobona ikibi, azokibuze akoresheje iminwe yiwe, bitamushobokeye azovuge, bimunaniye nabwo azobabarire ku mutima wiwe n’aho ari ukwemera guke”**. (Yashikirijwe na Muslim).

الْمَعْنَى الْعَامَّةُ

INSIGURO RUSANGI:

AL-MUNKAR: Ni ico cose Imana Allah Yabujije gukorwa canke kuvugwa. Ukwadukana mw’idini “Bide`ah” nako nyene guharurwamwo, kuko gusumba ivyaha, kukagira n’ingorane zihambaye nk’uko vyemejwe na Shaatwiyyu mu gitabu citwa: l’etiswaam.

WAL-MA`ERUUF: Ni itegeko Imana Allah Yategetse abashumba ba Yo.

Ugutegeka ivyiza no kubuza ibibi, ni inkingi mu nkingi zigize Ubwislamu, mu gihe bitariho idini n’isi ntivyotungana na gato. Imigwi y’abantu yegeranwa n’igihugu babamwo, mu gihe batarangwa n’aya mategeko yo kwigisha ivyiza no kubuza ibibi, bategerezwa kubaho nabi no gusuzugurika kw’isi barindiriwe n’ibihano vy’inyuma yo kuyivako kandi guhura n’uruhombo bibe ngombwa.

Nk’uko biri mu gitabu cemewe ca Bukhari, Intumwa y’Imana (Imana Imuhe amahoro n’imigisha) yaratanze akarorero mu nsiguro ivuga iti: “ Ni nk’abantu bari mu bwato, bahisemwo kugabura ibibanza; Bamwe muri bo bahitamwo kuba hejuru, abandi nabo kuba musu. Abari musu bavuga bati: “Nitwaza gukenere amazi ntituri buze kwipfuzza kuduga hejuru y’ubwato kuvoma (ahubwo turibuze kubutobora). Nibifashisha iminwe y’abari hejuru yabo bararokoka, ariko nibabirengagiza batikirira rimwe”.

Uko ni ko Imana Allah Yategetse kwigisha ivyiza no kubuza ibibi, maze riba itegeko ku mwislamu wese ko mu gihe ashoboye kubuza ibibi ari ngombwa abibuze akoresheje iminwe yiwe, vyanse akoreshe ururimi rwiwe. Uwuahagarariye abakozi, indongozi hari abo ijejwe bari musu y’amategeko ya yo, hari abantu barenganya abandi nko mu kubaka igiturire, ataborohereza mu kubashirako igitsure, abashirako n’amajambo atari meza, uwapfuye bakamurutisha uwuri muzima, ivyo ntibikwiye kuvyiyamiriza ku mutima honyene canke k’ururimi rwiwe, ahubwo n’itegeko abahashe mu kubahanisha ibihano

bihambaye, maze ivy'abandi banyaze abibake, atunganirize uwo wese bononeye, atar'uko azoba asangiye nabo icaha.

Iyo binaniranye kugira ico uhindura ukoresheje iminwe, n'itegeko hakore ururimi mu kuvugana n'abo bantu b'inkozi z'ikibi, ku majambo ayo ari yo yose abona ko aza kubagarura ku murongo ubashikana ku migisha, abahanure no kubereka ko ivyo barimwo bifise n'ingaruka mbi.

Nivyananirana mu kubabwira, ategerezwa kubabarira ku mutima wiwe. Niyababara kandi akazirikana kuzohindura akoresheje ururimi n'iminwe mu gihe azoba abishoboye, ico gihe Imana Allah Irabona ukuri kwiwe kandi Iraheza Imubabarire.

Kandi birahimbaye kuwananiwe kubona ashika ku rugero rwo hejuru mukuronka impera ku Mana Allah mu gihe yariko arabuza ibibi, hanyuma agahura n'ingorane agatako akihanganira ivya mushikiye. Imana Yavuze muri Surat Luqman Iti: {{ Utegeke ivyiza wongere ubuze ibibi, kandi uzokwihanganire ibiba vyagushikiye, kuko mu vy'ukuri, ivyo biri mu bintu bihambaye cane }}.

Nk'uko vyashikirijwe na Abou Huraira (Imana Imwishimire), avuga ko Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) yavuze iti: " Akigoro keza gusumba ibindi vyose, ni ukuvuga ukuri ku ndongozi ihengamye." (Yakiriwe na: Tirmidhi). Imvugo yiwe: Ukuvuga ukuri ku ndongozi ihengamye, ni ukwitera ingorane. Ni na co gituma Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha), yerekanye ko ari akigoro kadasanzwe, mbere gasumvya ubwiza gufata ikirwanisho ukarwana. Niyabona ko ata nguvu yohasiga ubuzima, abwirizwa kwiyubara no gusaba ikigongwe Imana Allah. Mu nyigisho nayo yakiriwe mu bitabu vyitiriwe Sunan, n'uko Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) yavuze mu nyigisho yiwe ndende yavuze iti: " Mu vy'ukuri, abamenyi b'Abisrayeli n'uko umwe muri bo ahuye n'uwuri makosa yamubwira ati: "Tinya Imana Allah, ureke ivyo bintu urimwo." Hanyuma ejo abonye yabibandaniye ntamubuza ahubwo bakicarana bagasangira ivyo kurya no kunywa. Ivyo vyatumye Imana Allah Ibahanira hamwe no kubavuma. Ndarahiye ku Mana Allah Yo Mugabe w'umushaha wanje! Muzotegeka ivyiza mwongere mubuza ibibi, muzokubita iminwe y'abarenganya abandi, mugarure ukuri kwari guhengamitswe n'ukwari kwimubwe, atari uko naho Imana Allah Ibavume nk'uko Yavumye abo bandi." Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) ica isoma aya majambo y'Imana ari muri Suratul Maidah;78-79: {{ Abahakanye mu Bisrayeli bavumwe na Dawudi na Issa (Yezu) mwene Mariyam bivanye n'uko bimonogoza mu kugarariza. Ntibigeze babuzanya ibibi bakora }}". Kandi iyi niyo nsiguro y'iyi nyigisho (Hadith), ivyinshi muri vyo ni ivyavuzwemwo.

WA DHAALIKA ADWE`AFUL IIMAAN: Ntabwo ari kuwananiwe kugira ico ahinduye akoresheje iminwe yiwe n'ururimi rwiwe canke umutima wiwe, ko ukwemera kwiwe ataco kumaze, ahubwo insiguro n'uko ukwemera kwiwe ari guke. Rero namba nta kwemera gukwiye kutagira kubuza ibibi.

الْمُسْلِمُونَ إِخْوَةٌ

ABISLAMU BARAVUKANA:

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: (لَا تَحَاسَدُوا، وَلَا تَنَاجَشُوا، وَلَا تَبَاغَضُوا، وَلَا تَدَابَرُوا، وَلَا يَبِعْ بَعْضُكُمْ عَلَى بَعْضٍ، وَكُونُوا عِبَادَ اللَّهِ إِخْوَانًا، الْمُسْلِمُ أَخُو الْمُسْلِمِ، لَا يَظْلِمُهُ وَلَا يَخْذُلُهُ، وَلَا يَكْذِبُهُ، وَلَا يَحْقِرُهُ، التَّقْوَى هَاهُنَا) وَيُشِيرُ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ إِلَى صَدْرِهِ ثَلَاثَ مَرَّاتٍ، (بِحَسْبِ امْرِئٍ مِنَ الشَّرِّ أَنْ يَحْقِرَ أَخَاهُ الْمُسْلِمَ، كُلُّ الْمُسْلِمِ عَلَى الْمُسْلِمِ حَرَامٌ: دَمُهُ وَمَالُهُ وَعَرْضُهُ). رَوَاهُ مُسْلِمٌ.

Nk'uko yashikirijwe na Abou Hurairah (Imana Imwishimire), avuga ko Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) yavuze iti: "Ntimukagiriranire ishari n'inzigo, ntimukazimbane, ntimugashavuzanye, ntimukankane kandi ntimugatwarane abakiriya, ahubwo nimube abavukanyi b'abashumba b'Imana. Umwislamu n'umuvukanyi w'umwislamu, ntamurenganya, ntamurekera mu ngorane, ntamubesha kandi nta n'ubwo amusuzugura. Ugutinya Imana kuba aha" Aho (nyakugira amahoro n'imigisha vy'Imana) yerekanye ku gikiriza incuro zitatu (bisigura ngo ugutinya Imana Allah no kuyigamburukira biba ku mutima). "Umuntu aharurirwa ko ari mubi, mu gihe asuzugura mwenewabo w'umwislamu. Ibi vyose n'ikizira ku mwislamu mugenzi we: Amaraso yiwe, amatungo yiwe n'ivyawe vyose". (Yakiriwe na: Muslim).

الْمُفْرَدَاتُ وَالْمَعْنَى الْعَامَّةُ

AMAJAMBO AMW'AMWE N'INSIGURO IRI HAMWE:

Iyi nyigisho ihurukiyemwo impanuro zikomeye, amajambo ashika n'amategeko meza avuye ku Muhanuzi w'abahanuzi (Imana Imuhe amahoro n'imigisha).

LAA TAHAASADUU: Inzigo, n'umuntu yipfuzza ko inema za mugenzi we zogenda. Iki na co ntice mewe.

ANNAJSHU: Ni umuntu kurenza igiciro c'ivyo adandaza kugira ngo azimbe uwuje kugura.

ATTABAAGHUDWU: Umwislamu gushavuzza umwislamu mugenzi we.

ATTADAABURU: Uguca ubucuti no guhungana. No mu nyigisho yemewe yakiriwe na Bukhari, havuga ko Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) yavuze iti: " Ntivyemewe ko umwislamu yohunga mugenzi we w'umwislamu ikiringo c'imisi itatu, bahuye umwe yinuba uyundi, ariko uwuruta uyundi ni

uwuzotangura kuramutsa yipfuriza amahoro mugenzi we". Iryo jambo ryo guhungana mu rurimi: Ni umuntu kubona uyundi akamwirengagiza mu guca ahindikira akamuha umugongo.

WALAA YABI'E BA'EDWUKUM `ALAA BAY'E BA'EDWI: Iyo abonye uwundi ariko aragurisha ikintu, ntarekuriwe kwerekana umusumyi atar'uko avuye aho hantu handi yariko aravugana n'uyundi. Mbere ntibinarekuriwe kuraba uwusuma mu gihe ariko aravugana n'umudandaji, ntanarekuriwe kumubaza igiciro kuko uwuriko aradandaza yohava yiyumvira ko agira amutware umukiriya. Ni na co gituma bibujijwe kuresha uwo uzi abandi bareheje, kandi bizwi ko uwamureheje agifise umuzirikanyi wo kumutwara. Ibi vyose bisigura ubuvukanyi bw'ubwislamu. Ariko kandi ntibinarekuriwe ku batari abislamu ku bo mufitaniye amasezerano n'imyumvikano.

WA KUUNUU `IBAADA LLAHI IKH-WAANA: Ukuri k'ubuvukanyi, ni ukuronka ingaruka nziza ku mutima, ntabwo ari ukubabazanya.

AL-MUSLIMU AKHUL- MUSLIM: Ntiyumvikana ko umuntu mugenzi we bomurenganya abona.

WALAA YAKH-DHULUHU: Ntiyomutanga ku bansi biwe, ahubwo abonye umwe mu bansi biwe agire amurengereko, ategerezwa guca amutabara. Niyabona mugenzi w'umwislamu agira arenganye abandi bantu, ace abimubuzi. Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) yavuze iti: "Fasha umuvukanyi wawe ariko arenganywa canke arenganya abandi." Hari ababajije bati: "Ewe Ntumwa y'Imana! Ni gute twomufasha kandi ariko arenganya?" Ivuga iti: "Uramubuzi kurenganya".

WALAA YAK-DHIBUHU: Ntiyigere amuha inkuru itari iy'ukuri kandi ntamuhende.

WALAA YAH-QIRUHU: Ntiyigera yibona ko ari we ahambaye kurusha mugenzi we, akamusuzugura ku mutima wiwe canke mu kubimubwira canke mukumubanira nabi.

ATTAQEWAA HAAHUNAA YUSHIIRU ILAA SWADERIHI: Ukwitonesha ku Mana Allah kuba mu mutima. Iyo nyigisho yaratanguye ivuga iti: "Nivyo! Ikibiribiri kiri n'inyama, iyo imeze neza umubiri wose umererwa neza. Iyo naho irwaye, umubiri wose umererwa nabi. Tahura! Ko ari umutima." Uwivuga amazina avuga ati:

نَشِطْتَ لِلْعِبَادَةِ الْأَعْضَاءِ

وَإِذَا حَلَّتِ الْهُدَايَةُ قَلْبًا

Iyo umutima ugororotse,

Ibihimba vyose bikora neza.

BIHASABI MRI-IN MINA SHARRI: Birahagije ko umwislamu yokwitwa ko ari umuntu mubi kandi ari no mu ngorane zidasanzwe, mu gihe akengera umuvukanyi wiwe w'umwislamu. Kuko iyo arangwa n'ivyo, nta kibi nakimwe yoreka gukora.

KULLUL MUSLIMI `ALAL MUSLIMI HARAAMU: Mu gitabu cemewe ca Bukhari, havuga ko Abdillahi mwene Omar (Imana Ibishimire), Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) yavuze iti: "Mu vy'ukuri, amaraso yanyu, amatungo yanyu n'ivyanyu vyose, ni ikizira nk'uko uyu musu wanyu uziririjwe muri uku kwezi no muri iki gihugu canyu. Ni vyo! Mbega ndashikanye?". Bishuye bati: "Ewe Mana yacu Rurema! Ni vyo Intumwa Yawe yarashikanye" Yabandaniye ivuga iti: "Igikenewe rero, n'uko uwuri ngaha ategerezwa gushikanira uwudahari". Ivyo yabivuze ku musu wo kubaga "Ilayidi nkuru" kw'igenekerezo rya cumi mu kwezi kwa cumi na kabiri ku musu ukomeye wo gushengerera i Makkah . Aho hantu hari mu karere ka Mina hafi y'i Makkah. Mu gihe amaraso y'umwislamu, amatungo yiwe

n'ivyiwe vyose ari ikizira n'ibindi vyeranda nk'umisigiti mutagatifu w'i Makkah, mu kwezi kweranda, ko umwislamu wese yohirahira agasesa n'ima ry'amaraso ya mugenzi we canke akanyaga Ifarasi mu matungo yiwe, canke akamutyozza mu vyiwe nk'uwatetereje inzu ntagatifu y'i Makkah, ibi bica bimenyekana ku mvo y'uko abislamu bahura n'ibihano vy'Imana Allah mu gutwarwa no gukoronizwa n'imbwebwe z'abayahudi banabasuzuguze hamwe no kubatetereza.

مَا يُسْأَلُ عَنْهُ الْعَبْدُ فِي قَبْرِهِ

IVYO UMUNTU ABAZWA MU MVA YIWE:

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

KW'IZINA RY'IMANA NYENIMPUHWE NYENIMBABAZI:

[الدَّرْسُ الْأَوَّلُ]

ICIGWA CA MBERE:

Niwabwira: Ni ibihe bibazo umuntu abazwa iyo ari mu mva yiwe? Vuga uti: Abazwa kuyerekeye Umuremyi wiwe, idini ryiwe, intumwa yiwe nk'uko vyaje mu nyigisho yashikirijwe na Albarrau mwene `Aazib (Imana Ibishimire), avuga ati: "Twasohokanye n'Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) tugiye kuzika umuntu yapfuye mu basangwa b'i Madinah "Answaar" duhejeje kwimba imva turiko turakora ihandage ry'aho tumushira, Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) yicara iraba amaja i Makkah "Qibla" natwe turayikikiza dutekereje n'aho inyoni zotugwa ku mitwe zitazi ko turi abantu, mu minwe yayo hari inkoni yayishimikije hasi, ikaza irarangamiza hejuru yongera iraba hasi, ariko ihumiriza yongera iraba, ivyo yabigize incuro zitatu maze ivuga ati: "Ni mwikinge ku Mana Ibarinde ibihano vyo mu mva" Ivyo yabivuze nk'incuro zibiri canke zitatu hanyuma ivuga ati: "Ewe Mana Allah! Nikinze kuri Wewe Undinde ibihano vyo mu mva". Navyo yabivuze gatatu. Ivuga iti: "Iyo umuja yemeye Imana agira asezerere isi yimirije kuja mu buzima budahera, hari Abamalayika bamanuka bavuye mw'ijuru, bakayangana mu maso yabo nk'izuba, bafise udutambara mu dutambara tuvuye mu Bwami bw'ijuru, n'amavuta amota mu mavuta yo mu Bwami bw'ijuru, bakamwicara hambavu bahuza amaso, hanyuma Umumalayika ajejwe gukura imitima (Imana Imuhe amahoro) agaca yicara ku ruhande rw'umutwe wiwe avuga ati: "Ewe mutima mwiza (mu yindi nyigisho: utekanye)! Sohoka ugende ku kigongwe c'Imana Allah no gushimwa na Yo." "Usohoka nka kurya kw'ima rikorotse riva mw'ijuru, akawakira (mu yindi nyigisho: Iyo umushaha wiwe umaze gusohoka, usengerwa n'Abamalayika bose bari hagati y'ijuru n'isi, abari mw'ijuru bose, akugururirwa imiryango y'ijuru, kandi nta n'umwe wo kuri iyo miryango atar'uko amusabira ku Mana Allah lwudugane gushika imbere yabo), iyo amufashe ntasubira kumurekura atar'uko bahejeje kumushira muri nya gitambara no twa tuvuta tumota neza, kandi Imana Allah Yavuze Iti: {{ Intumwa Zacu z'abamalayika zikabakura imishaha zitadohora}}, hasohokamwo akamoto gasumba aka "Misk" karuta utundi twose tuba k'umugongo w'isi,

bakawudugana, kandi aho bawucanye hose hari Abamalayika, atar'uko baca bavuga bati: "Uyu mushaha mwiza ni uwande?" Babishure bati: "Ni uwa naka mwene naka- (Bamuvuge mu mazina meza mu yo yahora ahamagarwa kw'isi)" Bahejeje ijuru ryo hafi y'isi bamwugururize, baheze babugururire, kandi ijuru ryose bashitseko bamureshe gushika ahereze kw'ijuru ry'indwi, maze Imana Allah Ivuge Iti: [[Umushumba Wanje ni mumwandike mu bantu bo hejuru]]. {{N'iki kizokumenyesha abantu bo hejuru? Ni igitabu candikwamwo abantu b'intungane. Baracemeza Abamalayika begereye Inganji y'Imana Allah}}. Arandikwa muri ico gitabu c'intungane, hagaca havugwa ngo: [[Ni mumusubize kw'isi, kuko Jewe abantu ko ivu riri kw'isi ari ryo Nabaremyemwo, ndabasezeranira kandi ko Nzoribasubizamwo vyongeye ni ryo Nzobasokororamwo ubugira kabiri.]] Asubizwa kw'isi nyene, hanyuma umushaha wiwe ugasubizwa mu mubiri wiwe. Arumva imigere y'ibirato vya bagenzi biwe iyo basubiye mu zabo. Haca haza Abamalayika babiri bagwiza ishavu, bagaca bicara hambavu yiwe no kuvuga bati: "Umuremyi wawe ni nde?" Yishure ati: "Umuremyi wanje ni Imana Allah" Basubire bati: "Idini ryawe ni irihe?" Nawe ati: "Idini ryanje n'Ubwislamu" Bamubwire kandi bati: "Uwo muntu yarungitswe kuri mwebwe ni nde?". Yishure ati: "Ni Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha)." Babandanye bamubaza bati: "Ubumenyi bwawe n'ubuhe?" Abishure ati: "Narasomye igitabu c'Imana Allah, ndacemanga". Bongere bamubaze irya nyuma kandi bishavuje bamugerageza nk'umwemeramana bati: "Ni nde Muremyi wawe, ni irihe Dini ryawe kandi n'iyihe Ntumwa yawe?" Ibi vyemezwa n'aho Imana Allah Yavuze Iti: {{Imana Allah Iraha inkomezi abemeye mu kuvuga bakiri kw'isi no mu gihe bari mu buzima bw'iherezo}}, nawe yishura ati: "Umuremyi wanje ni Imana Allah, idini ryanje n'Ubwislamu kandi Intumwa yanje ni Muhamadi (Imana Imuhe amahoro n'imigisha)". Haca humvikana ijwi rivuye mw'ijuru ry'uwhamagara, rivuga riti: "Umusavyi Wanje yavuze ukuri. Kur'ubwo rero, ni mumusasire mu Bwami bw'ijuru, mumwambike impuzu zo mu Bwami bw'ijuru kandi mumwugururire imiryango itumbereye mu Bwami bw'ijuru." Bace bamuzanira ibimota n'ivyiza vyaho, banamwagurire imva yiwe ahareha n'aho amaso yiwe ageza mu kuraba. Aze abona haje umuntu akayangana mu maso, w'impuzu nziza kandi amota neza, avuge ati: "Rema! Ndakuresheje kuri ivyo vyose biguhimbaye, ivyishimo bivuye ku Mana Allah harimwo n'amatongo meza yuzuyemwo inema zamaho. Uyu niwo musu wawe wari warasezeraniwe". Avuge ati: "Na wewe kandi Imana Allah Ikwizeze ivyiza. Ariko wewe uri nde ko mbona wewe ishusho ryawe ririmwo ivyiza gusa?!" Amwishure ati: "N'ukiri kw'Imana Allah! Jewe ndi vya bikorwa vyawe vyiza wahora ukora, jewe aho ndakumenyeye naca nihutira kwubaha Imana Allah. Narikwega mu gucumurira Imana. Rero Imana Allah Iguhembe ivyiza". Niho azoza abona yugururiwe umuryango mu miryango y'Ubwami bw'ijuru n'uyundi mu yo mu muriro, azo yumva havuzwe ngo: "Aha (mu muriro) niho wari gushikira iyo uza kugarariza Imana Allah, ariko raba Iraguhinduriye Iguhayeho ubu Bwami bw'ijuru". Iyo abonye ibiri mu Bwami bw'ijuru, aca avuga ati: "Mana yanje Allah! Nyarukana umuhero w'isi ndabe ko nosubirana n'abanje n'ivyanje" Abwirwe ngo: "Wewe gusa niwibere aho". Iyo naho ari umuntu w'umuhakanyi (mu yindi nyigisho, ari inkozi y'ikibi): Agira asezerere isi no yimirije kuja mu buzima bw'iherezo, haramanuka Abamalayika bavuye mw'ijuru, bajinyitse badatwenga, mu maso yabo hirabuye, bafise amavuta avuye mu muriro, baca bicara bamuraba, no guca haza Umumalayika ajejwe gukura imishaha akicara hambavu y'umutwe wiwe avuga ati: "Wewe mushaha mubi! Nyarutsa sohoka uze ugende mw'ishavu ry'Imana". Amutandukanye n'ikibiribiri ciwe, bawukurana agashinyaguro nk'uwukuza ikintu c'amahwa ipampa ryajovyeye, maze atangure kuvirirana hose ariko akwegwa n'ikiziriko, kandi Abamalayika bose baba hagati y'ijuru n'isi n'abari mw'ijuru ari ko bamusabira imivumo, hatangure kugarwa imiryango y'ijuru, aho naho abari kuri iyo miryango yose bariko baratakambira Imana Allah ko itoduzza uwo mushaha wiwe kugira ngo ntubace imbere. Uwujeje gukura imishaha arawufata, iyo amaze kuwushikana mu minwe yiwe, arawugumya kandi ntawurekura ahubwo aca awushira muri ya mavuta ashushu, ari ko nya mushaha

urunuka kurusha ibinuka vyose biba ku mugongo w’isi, bakawudugana, Abamalayika bawucanyeko bose baruhira kuvuga bati: “Uyu ninde anuka?” Bishurwa bati: “Uyu ni naka mwene naka- (bisunze amazina yiwe mabi yahora ahamagarwa kw’isi), bagashika kw’ijuru riri hafi y’isi, bakadodora, nabo bagahebuzwa kugururirwa, Imana Yavuze Iti: {{Ntibashobora kugururirwa imiryango y’ijuru kandi ntibashobora kwinjira mu Bwami bw’ijuru kugera aho igitwazi kizokwinjira mu ntoboro y’urushinge}}. Ubwo nyene Imana Ivuge Iti: [[Ni mumwandike mu bo mw’ibohero ryo mu muriro, mw’isi yo hasi cane]]. Hanyuma hasohoke ijwi rivuga riti: “ [[Ni mumusubize kw’isi, kuko Jewe abantu ko ivu riri kw’isi ari ryo Nabaremyemwo, ndabasezeranira kandi ko Nzoribasubizamwo vyongeye ni ryo Nzobasokororamwo ubugira kabiri.]]” Umushaha wiwe uva kw’ijuru ukorokera ku mubiri wiwe. Imana Allah Yavuze Iti: {{ Burya uwubangikaniye Imana Allah, asa n’uwukorotse mu kirere agasamwa n’ibisiga bikamutandagura canke agatwarwa n’umuyaga ukamuterera kure}} Haj; 31. Umushaha wiwe usubizwa mu mubiri. Aca tangura kumva ibirenge vya bagenzi we mu gihe bamwikebanuye, akaza abona haje Abamalayika babiri bari n’agashavu kenshi, bakamuture, bamwicarire maze batangure kumubaza bati: “Umuremyi wawe ni nde?” Avuge ati: “Yooo! Ntawe nzi” Amubaze kandi ati: “Ni irihe dini ryawe?” Yishure ati: “Yooo! Ntaryo nzi” Bavugire rimwe bati: “Uwo mugabo yarungitswe kuri mwebwe umuvugako iki?” Ntiyishizemwo izina ryiwe, ahubwo hazoca havugwa ko, ari Muhamadi! Yishure ati: “Yooo! Uyo nta n’uwo nzi, gusa narigeze kwumva abantu bamuvuga!” Havugwe ngo: “Waramenye ntiwasomye” Umuhamagazi azotera akamo kavuye mw’ijuru, kavuga ko yabeshe, maze asasirwe mu muriro, yugururirwe n’umuryango umwe waho, aze yumva ubushuhe n’urubeya rwawo, imva yiwe itangure kumwegera kugera aho imbavu zihura, aze abona imbere yiwe haje umuntu mu maso hiwe hasa ukundi, yambaye impuzu zicapfuye, anuka, avuge ati: “Ndakubariye k’uwakugize nabi uko! Uyu ni wa musu wawe wari warabwiwe” Nawe avuge ati: “Ndakubariye na wewe mbona Imana yakugize ikigeragezo, ariko wonyibwira uwo uri we? Kuko mbona usa nabi kandi nta ciza nokuzigako” Amwishure ati: “Jewe ndi vya bikorwa vyawe bibi. Kandi ndarahiye ku Mana! Ko aho ndakumenyeye ata musu n’umwe nigeze nitwararika kwuba Imana Allah ahubwo nahurumbira kuyigarariza. Rero Imana Ikumpembere ibibi” Ubwo nyene ace agirwa ikiragi, mu kuboko kwiwe habe inyundo nka hamwe ihonzwe ku musozi woca uhinduka umunyota, hanyuma nawe uko ayikubiswe ace ahinduka ivu, kandi Imana Allah Imusubize nk’uko yar’ameze, yongere akubitwe ari nako atera urwamo kandi ibiremwa vyose birwumve kiretse amajini n’abantu. Niho aca yugururirwa umuryango w’umuriro, ashirirweko ubusaswa bwo mu muriro, nawe atangure kuvuga ati: “Mana yanje Rurema! Umuhero ntuwushikane ubu.”” (Yakiriwe na: Imamu Ahmad na Abou Dawud na Haakim n’abandi).

Intumbero yo kwishura ivyo bibazo vyo mu mva, kubivuga vyonyene ntibihagije, kuko n’indyarya zivuga ziti: “Na twebwe twaravuga nk’ivyo abandi bantu bavuga” Rero birumvikana ko intumbero nyamukuru, ari ukubimenya vy’ukuri k’uburebure hamwe n’ukwemera kuvuye mu mutima no kubishira mu ngiro.

[الدرس الثاني]

ICIGWA CA KABIRI:

السؤال الأول:

Ikibazo ca mbere:

Niwabwirwa ngo: “Umuremyi wawe ni nde?”

Vuga uti: “Umuremyi wanjye ni Imana Allah Yo Mwungere wanjye, Yitwararika ibiremwa vyose ku mihezagiro ya Yo. Kandi Niyo nsenga yonyene nta yindi. Ikivyemeza n’amajambo y’Imana Allah aho Yavuze Iti: {{ Ugushimagizwa n’ukw’Imana Umuremyi w’ibiremwa vyose}}. Havuyemwo Imana Allah, ibisigaye vyose ni ibiremwa, kandi na jewe ndi mur’ivyo biremwa nyene.

Niwabwirwa ngo: “Umuremyi wawe Allah wamumenye gute?” Vuga uti: “Imana yanje Allah nayimenyeye ku bimenyetso vyayo hamwe n’ibiremwa vyayo. Mu bimenyetso vyayo, harimwo ijoro n’umurango, izuba n’ukwezi. Mu biremwa vyayo, harimwo amajuru indwi n’isi indwi n’ibirimo vyose n’ibiri hagati y’ayo majuru n’isi.

[الدَّرْسُ الثَّلَاثُ]

ICIGWA CA GATATU:

ARRABBU: Ni Nyene ugusengwa (Allah). Kubw’ukugamburukira Imana Allah, nico twaremewe. Ikivyemeza ni amajambo y’Imana Allah, Yavuze Iti: {{ Sinaremye amajini n’abantu atar’ukugira ngo bangamburukire, bansenge}}. Insiguro ya bansenge: Bamenye ko Ndi Umwe Nigenga. Kandi ikintu nyamukuru Imana Allah Yategetse ni ukumenya ubwigenge Bwayo “Tawhiid”, ari ko gusenga Imana Yonyene. Ikindi naco gihambaye Imana Allah Yabujije, ni ukuyibangikanya “Shirk”, ari ko gutakambira ikindi kintu hamwe na Yo. Ikivyemeza, ni amajambo y’Imana Allah, Yavuze Iti: {{ Ni musenge Imana Allah kandi ntumuyibangikanye n’ikintu na kimwe}}.

[الدَّرْسُ الرَّابِعُ]

ICIGWA CA KANE:

Insiguro ya “Laa ilaaha illa Llaah’’: Ntawundi abwirijwe gusengwa vy’ukuri atari Imana Allah. Laa ilaaha: Ni uguhakana ico cose gisengwa mu gishingo c’Imana Allah. Illa Llaah: Ukwemeza ko ugusengwa ari ukw’Imana Allah Yonyene kandi Itagira uwufadikanya nayo mu gusengwa. Ni nk’uko kandi Itagira uwufadikaniye nayo mu kugaba no kuganza. Al`ibaadah: Ni izina rihurukiyemwo ico cose gikundwa n’Imana Allah kikanayishimisha mu mvugo no mu bikorwa biboneka n’ibitaboneka.

[الدَّرْسُ الْخَامِسُ]

ICIGWA CA GATANU:

Mu bisabisho bimwe Imana Allah Yategetse tubikoreshe mu kuyiyegereza : Harimwo gusaba, mu gihe c’ubwoba, kuyiyegereza, kuyizigira, mu kuronka no kubura, mu kwicisha bugufi no kuyitinya, kuyitumbera mu kwisubirako no kuyisaba imfashanyo, kwikinga kuri Yo no kuyitakambira, ukubaga no kwiyezema ikintu kuri Yo n’ibindi mu bigize ukugamburuka mu vyo Imana Allah Yategetse, vyose hamwe ni ivy’Imana Allah.

[الدَّرْسُ السَّادِسُ]

ICIGWA CA GATANDATU:

Icemezo co gusaba “Dua”: Imana Allah Yavuze Iti: {{Kandi Umuremyi wanyu Allah Yavuze Ati: “Nimunsabe! Nzobishura. Mu vy’ukuri, abasuzugura ivyo bisabisho vyo kunyiyegereza, bazokwinjira umuriro wa Jahanamu basuzuguritse}}. No munyigisho y’Intumwa y’Imana (Imana Imuhe amahoro n’imigisha) yavuze iti: “Gusaba biri mukugamburuka”.

Uwuzosaba ikitari Imana Allah azoba agangikanije Imana, kandi ico asavye ntaco kimumarira. Imana Allah Yavuze Iti: {{ Iyo mubitakambiye mu kubisaba, ntivyumva ugutakamba kwanyu, naho vyokwumva ntivyobishura. Kandi ku musi w’izuka, bizobihakana ko mutigeze mubitakambira. Nta n’umwe azobaha inkuru kiretse Imana Allah Nyene inkuru zose}}. Fatwir; 14.

[الدَّرْسُ السَّابِعُ]

ICIGWA C’INDWI:

Icemezo c’ugutinya “Khawf”: Imana Allah Yavuze Iti: {{ Ntimuze mubatinye, ahubwo ni mutinye Jewe ni mwaba koko muri abemeramana}}.

Icemezo kandi co kwiyezereza “Rajau”: Imana Allah Yavuze Iti: {{ Uwipfuzza kuzohura n’Imana Umuremyi wiwe, n’akore ibikorwa vyiza kandi ntabangikanye Imana yiwe n’ikintu na kimwe}}.

[الدَّرْسُ الثَّامِنُ]

ICIGWA C’UMUNANI:

Icemezo c’ukwizigira “Tawakkul”: Imana Allah Yavuze Iti: {{ Abemeye nibizigire Imana Allah}}. Yavuze kandi Iti: {{ Uwuzokwizigira Imana Allah, Izomutunganiriza}}.

Icemezo co kwizera no gutinya “Raghba na Rahba”: Imana Allah Yavuze Iti: {{ Mu vy’ukuri, barahurumbira gukora ivyiza, badusaba bizeye banadutinya (kuronka no kubura) kandi baricisha bugufi imbere Yacu}} Anbiyau;90.

[الدَّرْسُ التَّاسِعُ]

ICIGWA C'ICENDA:

Icemezo co kwicisha bugufi "Khashiyat": Imana Allah Yavuze Iti: {{ Ntimuze mubatinye, ahubwo nimutinye Jewe}}.

Icemezo kandi co kwisubirako "Inaabat": Imana Allah Yavuze Iti: {{ Nimugaruke ku Muremyi wanyu, kandi mwicishe bugufi imbere Yiwe}}.

Icemezo kandi co gusaba imfashanyo "Istighaathat": Imana Allah Yavuze Iti: {{ Ni Wewe Rudende dusenga, kandi ni Wewe dusaba imfashanyo}}. No mu nyigisho y'Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) havuga hati: "Niwakenera imfashanyo, yisabe Imana Allah".

[الدَّرْسُ الْعَاشِرُ]

ICIGWA C'ICUMI:

Icemezo co kwikinga ku Mana "Isti`aadhat": Imana Allah Yavuze Iti: {{ Vuga uti: "Ndikinze ku Muremyi w'igitondo"}}. Imana Allah akandi Yavuze Iti: {{ Vuga uti: "Ndikinze ku Muremyi w'abantu bose"}}.

Icemezo co gutakambira "Istighaathat": Imana Allah Yavuze Iti: {{ Mwibuke aho mwatakambira Umuremye wanyu, maze nawe Arabishura}}.

[الدَّرْسُ الْحَادِي عَشْرَ]

ICIGWA CA KUMI NA RIMWE:

Icemezo co kubaga "Dhabhu": Imana Allah Yavuze Iti: {{ Vuga uti: "Mu vy'ukuri, Umuremyi wanje Yantumbereje mu nzira igororotse, mw'idini rimeze neza cane, kandi niwo mugenzi wa Ibrahimu, kuko yari umwislamu kandi ntiyigeze abangikanya Imana Allah." Vuga uti: "Mu vy'ukuri, isengesho ryanje, ibikorwa vyanje, ukubaho kwanje no gupfa kwanje, ni ivy'Imana Allah, Umuremyi w'ibiremwa vyose. Imana Allah ntibangikanywa! Kandi ivyo ni vyo nategetswe, nanje ndi uwa mbere mu kwicisha bugufi muri uru runganwe"}}. An`aam; 161-162. Mu nyigisho y'Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) havuga hati: "Imana Iravumye uwo wese azobaga atari kubw'Imana Allah".

Icemezo co kwiyemeza ikintu ku Mana Allah "Nadhru": Imana Allah Yavuze Iti: {{ Barashitsa isezerano bahaye Imana Allah, kandi baratinya n'umusi ingorane zawo zizokwira hose}}. Insaan; 7.

[الدَّرْسُ الثَّانِي عَشْرَ]

ICIGWA CA KUMI NA KABIRI:

السُّؤَالُ الثَّانِي

Ikibazo ca kabiri:

Niwabazwa ngo: “Idini ryawe ni irihe?”, Uzokwishure uti: “Idini ryanje ni Ubwislamu”. Ubwislamu, busigura ukwicisha bugufi imbere y’Imana Allah Imwe Rudende, no kuyubaha hamwe no kwirinda kuyibangikanya no kwirinda ababikora. Ivyo na vyo biri ku rutonde rw’ibintu bitatu: 1) Ubwislamu, 2) Ukwemera, 3) Ubugwaneza. Kimwe kimwe ukwaco kiri n’inkingi zikigize.

[الدَّرْسُ الثَّلَاثُ عَشَرَ]

ICIGWA CA CUMI NA GATATU:

Inkingi zigize Ubwislamu ni zitanu: 1) Ukwemanga ko mu vy’ukuri, ata yindi mana y’ukuri ibwirijwe gusengwa atari Imana Allah, ko kandi na Muhamadi ari Intumwa y’Imana Allah. 2) Ukwitwararika isengesho. 3) Ugutanga ishikanwa. 4) Ukwipfunga mw’Iramazani. 5) No kugendera inzu ntagatifu y’Imana Allah iri i Makkah “Alkaabah”.

Kandi insiguro y’ukwemanga ko Muhamadi ari Intumwa y’Imana: Ni ukumwumvira ivyo yategetse, ukwemera ivyo yavuze, ukwirinda ivyo yabujije akanabigwanya ko kandi ata gusenga Imana Allah bidaciye mu vyo yabwirije.

[الدَّرْسُ الرَّابِعُ عَشَرَ]

ICIGWA CA CUMI NA KANE:

Inkingi z’ukwemera ni zitandatu nk’uko vyaje mu nyigisho (Hadithi): “1) Ni ukwemera Imana. 2) Ukwemera Abamalayika bayo. 3) Ukwemera Ibitabu vyayo. 4) Ukwemera Intumwa zayo. 5) Ukwemera umusi w’umuhero. 6) Ukwemera integuro z’ivyiza n’ibibi bishikira umuntu ko biva ku Mana Allah”.

Ubugwaneza nabwo “Ihsaan” bugizwe n’inkingi imwe nk’uko vyaje mu nyigisho (Hadith): “Ni ugusenga Imana Allah nk’uko umengo urayibona, niwaba kandi utayibona, umenye ko Yo Ikubona”.

[الدَّرْسُ الْخَامِسُ عَشَرَ]

ICIGWA CA CUMI NA GATANU:

السُّؤَالُ الثَّلَاثُ:

Ikibazo ca gatatu:

Niwabazwa ngo: “Ninde ntumwa yawe?”, Vuga uti: “Ni Muhamadi mwene Abdillahi mwene Abdulmutwalibi mwene Hashim, uwo Hashimu akaba ari mu miryango y’Abaquraish, Abaquraishi nabo bakaba ari abo mu bwoko bw’Abarabu, abo Barabu nabo bakaba ari abavyaranye na Ismaili mwene

Ibrahim Umukunzi w’Imana (Imana Allah Imuhe amahoro n’imigisha we n’iyo Ntumwa yacu). Yari afise imyaka mirongo itandatu n’itatu, harimwo mirongo ine imbere y’uko ahabwa ubutumwa, n’iyindi mirongo ibiri n’itatu yahawemwo ubutumwa. Yahishuriwe abwirwa ngo: “Soma!”, arungikwa abwirwa kuva mu busaswa agende gutanga ubutumwa. Igihugu ciwe c’amavuko ni i Makkah hanyuma yimukira i Madinah ari naho yapfiriye (Imana Imuhe amahoro n’imigisha).

[الدَّرْسُ السَّادِسُ عَشْرُ]

ICIGWA CA CUMI NA GATANDATU:

Imana Allah Yamurungitse kugira ngo agabishe ababangikanyamana, no guhamagarira abantu bamenye Imana Imwe Rudende. Ikivyemeza, ni aho Imana Allah Yavuze Iti: {{ Ewe wipfutse impuzu! Haguruka uburire. Uhimbaze Umuremyi wawe. Ivyambarwa vyawe ubisukure. Ibigirwamana uvyimuke. Ntukore ivyiza ushaka ibibisumba. Niwihangane kubw’Imana yawe Allah}}. Insiguro ya “Haguruka uburire”: Gabisha ko kubangikanya Imana ari icaha kibi, wongere uhamagarire abantu kumenya ubwigenge bw’Imana Allah.

[الدَّرْسُ السَّابِعُ عَشْرُ]

ICIGWA CA CUMI N’INDWI:

Yaramaze imyaka cumi yigisha ubwigenge bw’Imana Allah, inyuma y’aho yaciye aduzwa mw’ijuru, ahabwa amasengesho atanu ku musi, i Makkah ahasengera imyaka itatu, inyuma y’aho ategukwa kwimukira i Madinah, amaze kuhamenyera i Madinah yarashikirijwe amabwirizwa y’ubwislamu yari asigaye, nko gutanga ishikanwa, ukwipfunga, ukugendera inzu nyeranda (Al-Kaabah), uguhamagarira isengesho, ingwano nyeranda, ugutegeka ivyiza no kubuza ibibi n’ibindi mu mategeko y’ubwislamu, na vyo vyafashe ikiringo c’imyaka icumi maze aca yitaba Umuremyi wiwe (nyakugira amahoro n’imigisha vy’Imana Allah).

[الدَّرْسُ الثَّامِنُ عَشْرُ]

ICI GWA CA CUMI N’UMUNANI:

Idini ry’ubwislamu buzokwamaho, nta ciza na kimwe atar’uko Intuma y’Imana (Imana Imuhe amahoro n’imigisha) yagitomereye abantu bayo, ikibi naco irakigabisha. Ico ciza naco ni icerekanye ubwigenge bw’Imana Allah hamwe n’ivyoy vyose Imana Allah Ikunda kandi bikayishimisha. Ikibi naco yabujije ni ukubangikanya Imana n’ivyoy vyose Imana Yanka. Imana Yamurungitse ku bantu bose kandi rica riba itegeko ko abantu n’amajini bategerezwa kwubaha iyo Ntumwa.

[الدَّرْسُ التَّاسِعُ عَشْرُ]

ICIGWA CA CUMI N'ICENDA:

Imana Allah Yarategetse abantu bose guhakana ibigirwamana vyose, ahubwo bayemere Yonyene. Icemeza ivyo, n'amajambo y'Imana Allah aho Yavuze Iti: {{ Mu vy'ukuri abantu bose Twarabarungikiye Intumwa, kugira ngo basenge Imana Allah kandi birinde ibigirwamana}}. Ibnul Qayyim avuga ati: "Ibigirwamana: Ni ico cose Mwene Adamu hababukiye mu kugisenga canke kugikurikira canke kucumvira".

[الدَّرْسُ الْعِشْرُونَ]

ICIGWA CA MIRONGO IBIRI:

Ibigirwamana biri kwinshi, ariko rero ibiri kw'isonga ni bitanu: 1) Iblisi (shetani) imivumo y'Imana Allah ibe kuri we. 2) Uwo bazosenga akavyemera. 3) Uwozohamagarira abantu kumusenga. 4) Uwuzokwiyitirira ko azi ibinyegejwe n'Imana. 5) Hamwe n'uwuzoca imanza kubiri n'amategeko y'Imana Allah. Icemezo, Imana Allah Yavuze Iti: {{ Nta guhatirizwa kwinjira Idini, kuko ukurongoka kwaramaze guseruka kuva mu kinyoma, uwuzohakana ibigirwamana hanyuma akemera Imana Allah, azoba yishimikije igishimikizo kidatirigana, kukaba nkako, Imana ni Nyene ukumva, Nyene ubumenyi}}. Albaqarat; 256.

Iyi rero niyo nsiguro ya "Laa ilaaha illa Laah", mu nyigisho (Hadith) havuga hati: "Umutwe w'ibintu vyose ni ubwislamu. Inkingi zavyo ni isengesho. Ipufufu ryavyo ni ukwana mu nzira y'Imana Allah".

Imana Allah Niyo izi vyinshi gusumba. Ewe Mana! Ha amahoro n'imigisha Intumwa yawe Muhamadi n'imiryango yiwe n'abasangirangendo biwe bose...Aamiin.

FIQH=الْفِقْه

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

Ugushimagizwa gukwiye kwose kutagira akanenge n'ukw'Imana Allah, ugushimagizwa gufise agaciro ntangere kangana nk'agaciro k'Imana Allah ku biremwa vyayo. Ndemanga ko ata yindi mana y'ukuri ibwirijwe gusengwa vy'ukuri atari Imana Allah, Imwe Rudende itagira umufasha. Ni ukwemanga guhagarariye k'ukuri kwako, nkemeza ko Muhamadi ari Umuja wayo akaba n'Intumwa yayo, akaba atagira amakenga mu kwemeza ukuri kw'ivyo, Imana Imuhe amahoro n'imigisha n'imiryango yiwe hamwe n'abasangirangendo biwe bose **ata gipfungu casigaye inyuma yiwe canke ngo inkuba zikubite inyuma y'ukuvuga kwiwe.**

Inyuma y'ivyo: Iki n'icigwa kivuga ivya "Fiqh" naciye ku mayange uko nshoboye kwose, ndacagagura nkoresheje imvugo imwe, kugira ngo kibere inkingi nyene ukugisoma, nta migisha imurengana uko azoba abibona kwose n'uburyo azoba avyakiriyemwo. Nari narabisabwe na bamwe mu bagenzi ko nogica ku mayange, maze cegere abiga no kworohera abanyeshure, rero biba ngombwa ko ndabikora uko nyene. Nitwararitse ko mbikoranye ukwiyeza no kurondera impera ku Mana Nyenicubahiro, n'imfashanyo yonshikana ku gushimwa n'Imana Allah, niyo Mugenzi Aruta abandi. Narifashijje kandi

inyigisho zemewe (Hadithu Swahiih), kugira ngo igikorwa kigende neza, kandi naravyitwararitse cane, kuko nizo zamfashije gukemura ivyangoye bica bimbera n’urwitwazo.

ICIGWA CA MBERE: الدَّرْسُ الْأَوَّلُ

بَابُ أَحْكَامِ الْمِيَاهِ

UMURYANGO UVUGA IVY’AMATEGEKO AGENGA AMAZI:

Amazi yaremwe ari meza, kugira ngo asukure imyanda n’imikorobe, kandi ntiyokwitwa isuku hatabonetse amazi. Habonetse amazi aretse ahantu angana n’ibido icenda canke atemba, nta kintu kiyonona kiretse ahinduye ibara canke akanovera n’akamoto, ariko ayari musi yayo arandura mu gihe haguyemwo umwanda w’imikorobe. Igitetswe mu mazi naco kitari gisukuye, kigahindura izina ryaco kigakoreshwa nk’icakuweko umwanda, gica giharurwa ko casukuwe.

ICIGWA CA KABIRI: الدَّرْسُ الثَّانِي

Iyo umuntu amazi amuteye amakenga, ko yoba ari meza canke ari ay’umwanda, aca yubakira kwa kirya nyene yiyumvamwo cane. Iyo uwo mwanda nawo umwinyegeye nko ku mpuzu, aca amesa aho yiyumvamwo cane uwo mwanda woba uri. Iyo naho amazi meza n’amabi adashobora kubitandukanya kandi ata yandi ashobora kuronka mu kwisukurira isengesho, aca akoresha ivu ryiza “Tayammum” maze akayareka yose. Iyo meza cane ari kumwe n’ayandi asanzwe kandi adashobora kuyatandukanya, arashobora gukoresha ayo ashaka muri ayo. Kandi ni nko kugira impuzu imesuye irihamwe n’izindi zitameshe, **aca asengana iyo ashatse ariko aharuye iz’umwanda uko zingana akarenzako isengesho.**

ICIGWA CA GATATU: الدَّرْسُ الثَّلَاثُ

Umwanda watewe n’imbwa canke ingurube, ukurwako no kwoza incuro indwi, incuro imwe muri zo hakoreshejwe umusenyi. Birarekuriwe ko iyindi myanda yosukurwa incuro zitanu gusa. Iyo naho ari ubwo ku butaka bukurwako no kumenako amazi rimwe. Intumwa y’Imana (Imana Imuhe amahoro n’imigisha) yavuze iti: “Nimusuke indobo imwe y’amazi ku masobe y’uwo muntu w’umunyakinywabi”. Kandi birarekuriwe ku mwana w’umuhungu ataratangura gufungura indya zihye, no ku mwanda uvuye ku muhungu mugihe ariko aripfuzwa “Madh-yu”, dukenya n’amaraso makenya birababariwa hamwe n’ibindi **bishikira umuntu “wa maa tawallad”** nk’ibidahwe n’ibindi, iyo **atari bibi”laa yafhuushu”** kuri nyene vyo, mbere n’intanga z’umuntu, amasobe y’ibikoko biribwa, ivyo vyose biharurwa ko bisukuye.

ICIGWA CA KANE: الدَّرْسُ الرَّابِعُ

UMURYANGO UVUGA IVY'IBIKORESHO

Ntibirekuriwe gukoresha ibikoresho vy'inzahabu n'umwakaka ku co ari co cose no kwisukura birimwo. Icemezo n'imvugo y'Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) iti: "Ntimukanywere mu bikoresho vy'inzahabu n'umwakaka, ntimurire no mw'isiniya ikoze muri vyo, kuko n'ivyabo (abahakanyi) kw'isi, mwebwe muzobikoresha ku muhero". Ico amategeko "Hukmul mudwabbabi" avuga ku mazi y'ayo mabuye y'agaciro, ntibirekuriwe kiretse ari amazi make y'umwakaka gusa. Ibikoresho vyiza vyose bisigaye birarekuriwe kubikoresha harimwo n'ivy'abayahudi n'abakrisu mbere n'impuzu zabo, mu gihe ata mwanda mubiziko.

ICIGWA CA GATANU: الدَّرْسُ الْخَامِسُ

Ubwoya n'imishatsi vy'ikitabazwe, birasukuye. Ariko urusato rw'ikitabazwe naho rwoba rwakuweko neza, ni umwanda co kimwe n'inyama zaco. Icipfishije cose ni umwanda kiretse ikiremwa muntu n'ibikoko vyo mu mazi kandi bidashobora kubaho biyavuyemwo. Icemezo n'amajambo y'Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha), yavuze ku mazi iti: "Amazi y'aho ni meza, kandi n'ibipfiriye mu birarekuriwe". Wamaa la nafsa lahu saailatu idhaa lam yakun mutawallidan mina najaasaat.

ICIGWA CA GATANDATU: الدَّرْسُ السَّادِسُ

UMURYANGO UVUGA IVYO KWIHERERA: بَابُ قَضَاءِ الْحَاجَةِ

Birarekuriwe ko uwinjiye mu kazu ka surwumwe yovuga ati: "Bismillah, a`uudhu Billaahi minal khubuthi walkhabaa-ith, wa minarrijsi najshi s-shaytwaani r-rajiym". Iyo naho asohotse, avuge ati: "Ghufraanaka, alhamdu lillaahi l-ladhiy Adhehaba `annil adhaa wa `Aafaaniy". Atanguze ukuguru kw'ibubamfu mu kwinjira, ukwiburyo mu gusohoka. Kandi ntiyinjirane ikintu kiriko amajambo y'Imana Allah, atari nko mu gihe yabuze ukwagira, kandi yicarire itako ry'ibubamfu, kandi aje kure "fil fadwai"hiherereye, maze amasobe yiwe aje mu kibanza "wartaada libawlihi mawdwi`an rikhwan".

ICIGWA C'INDWI: الدَّرْسُ السَّابِعُ

Ntawusoba mu mwobo, no muri "Shaq", mu nzira, ahantu hari igitutu gikenerwa cane, musu y'igiti c'ivyamwa, kudatumbera izuba canke ukwezi kandi ntatumberana n'i Makkah "Qiblah" ngo canke ahahe umugongo. Icemezo n'inyigisho y'Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha) aho yavuze iti: " Ntimuze mutumbere Qibla canke ngo muyihe umugongo mu gihe mugiyeye kwituma canke gusoba". Iyo birashobora kurekurirwa mu gihe ari ahantu hubakiye. Mu gihe umuntu (w'umuhungu) ahejeje gusoba (ari umuhungu), afate ubwambure bwiwe ahereye aho butangurira, akamure gushikana ku mutwe wabwo incuro zitatu, kandi ntafatise canke ngo akoreshe ukuryo ubwambure bwiwe, hanyuma yisukuze amazi kubiharuro vy'ibiharwe, kandi mu kwisukura n'aho yogira gake nta ngorane mu gihe ata mwanda usigaye ahakenewe gusukurwa, mugabo igitigiri coba gito ni gatatu. Kandi birarekuriwe kwisukura ico cose gisukuye kiretse amase n'amagufa n'ibifise "Hurmat"

الدَّرْسُ الثَّامِنُ
ICIGWA C'UMUNANI:

بَابُ الْوُضُوءِ
UMURYANGO UVUGA GUKARABIRA ISENGESHO "GUTAWAZA":

Gutawaza canke gukora ivyo vyose bijanye no kugamburukira Imana Allah, ntivyemerwa mu gihe ata muzirikanyi bikoranwe. Icemezo n'inyigisho y'Intumwa y'Imana (Imana Imuhe amahoro n'imigisha), yavuze iti: "Mu vy'ukuri, ibikorwa vyose vyemerwa aruko vyakoranye umuzirikanyi "Niyah", umw'umwe wese rero n'ivyo yazirikanye". Amaze kuzirikana rero avuga ati: "Bismillah", agakaraba mu minwe yiwe gatatu, agashira amazi mu kanwa no mu mazuru yiyugumura gatatu, akiyoga mu maso gatatu ahereye aho imishatsi itangurira harimwo n'ahamera ubwanwa gushikana aho amatwi atangurira. Iyo afise ubwanwa bwinshi, acishamwo intoke, iyo naho abona ko amazi yoshika ku mu biri, asabwa kuyashikanaho. Hanyuma aroza amaboko yiwe gushikana ku nkokoro incuro zitatu, agahanagura ku mutwe rimwe hamwe n'amatwi, intoke azitanguza ku gahanga ajana inyuma kw'izosi akongera akazigarukana. Aroza amaguru yiwe gushikana hejuru y'amaso y'ikirenge gatatu, aza aracisha intoke hagati y'amano. Iyo ahejeje, aca arangamiza hejuru avuga ati: "Ashehadu allaa ilaaha illa Llaahu wahdahu laa shariika lahu, wa-ashehadu anna Muhammadan `abduhu warasuuluh".

الدَّرْسُ التَّاسِعُ
ICIGWA C'ICENDA:

Ibikenewe cane muri ivyo vyose, ni umuzirikanyi (Niyah), gukaraba rimwe rimwe havuyemwo iminwe, guhanagura umutwe wose, no gutondekanya uko vyadongaguwe no kudatevya igihimba kugera aho icagitanguriye co kumuka. Imigenzo "Sunnah": Ni ukuvuga "Bismillah", gukaraba mu minwe, no gushikana amazi mu muhogo k'uwutapfunze, akayagarura mu gihe co gusukura mu kanwa no mazuru, gukontorora neza mu bwanwa no hagati y'intoke, guhanagura amatwi, gutangurira ku gihimba c'iburyo, kubigira gatatu gatatu nk'uko atari vyiza kukarenza kuko biri mu bwononyi bw'amazi. Ni umugenzo mwiza cane wo gukoresha umujigiti mu kwiugumura, no mugihe avuye mw'itiro, agire asenge. Icemezo ni inyigisho y'Intumwa (Imana Iyihe amahoro n'imigisha), yavuze iti: "Iyo mba ntatinya ko vyoharurwa ko ngora abantu banje "Ummaty", nari kubategeka gukoresha umujigiti mu gihe bagire basenge". Kandi ni vyiza ko umujigiti wokoreshwa umwanya uwo ari wo wose kietse k'uwafunze mu gihe izuba ryamaze guhengama.

الدَّرْسُ الْعَاشِرُ
ICIGWA C'ICUMI:

بَابُ الْمَسْحِ عَلَى الْخَفَّيْنِ
UGUSIGA KU MASHESHETI CANKE KU CO BITA "KHUFFU":

Birarekuriwe gusiga ku bintu bimeze nk'amashesheti bikoze mu nsato (Khuffu) bigasubirira gutawaza ku maguru n'ibindi vyose bimeze nka vyo, aho twovuga nk'amashesheti (ari nayo twibandako cane kuko niyo tumenyereye), abe akoze mu bintu vy'ipampa. Ayo mashesheti, abe arenga amaso y'ikirenge, uwuri muhira asige ijoro n'umurango, nayo uwuri ku rugendo ayamarane imisi itatu. Aho ni mu gihe

yotakaza isuku riko rimusaba gutawaza kandi akaba atarayakura mu birenge. Icemezo n’inyigisho y’Intumwa y’Imana (Imana Imuhe amahoro n’imigisha), yavuze iti: “Uwuri ku rugendo asiga (ku mashesheti, khuffu) imisi itatu ijoro n’umurango, uwuri muhira nawe n’umusi umwe ijoro n’umurango”. Iyo asize amashesheti hanyuma ikiringo kigahera canke akayakura, isuku ryiwe riba ripfuye. Iyo naho asize ari ingenzi hanyuma agashika muhira canke yari muhira hanyuma agafata urugendo, haharurwa gusigwa k’uwuri muhira. Kandi birarekuriwe gusiga ku kiremba kirekire mu gihe kinyegeza umutwe wose kiretse aho abantu bamenyereye kubona. Imbere y’uko umuntu ahanagura, hari bimwe asabwa gukora: Ico kintu abe yacambaye afise isuku rikwiye, kandi birarekuriwe gusiga ku gitambara mu gihe vyanse ko agikura. Mu gusiga rero, ni ku mugabo no ku mugore, mugabo umugore ntarekuriwe gusiga ku mwitwiro.

ICIGWA CA CUMI NA RIMWE: **الدَّرْسُ الحَادِي عَشَرَ**

UMURYANGO UVUGA IVYONONA ISUKU RYO GUTAWAZA: **بَابُ نَوَاقِضِ الوُضُوءِ**

Ivyonona isuku ryo gutawaza, ni indwi: Ico cose kivuye mu nzira zibiri z’amazirantoke n’amasobe, umwanda guca mu zindi nzira zitari izo zibiri, gutakaza ubwenge kiretse nk’agatiro gake ku muntu ahagze canke yicaye, gukora ku bwambure n’iminwe kandi ata nkinzo, uwukora ku mugore amwipfuzwa, kuva mu bwislamu, gufungura inyama y’igitwazi ico naco kiba cemezwa n’inyigisho y’Intumwa y’Imana (Imana Iyihe amahoro n’imigisha), bamubajije bati: “Turashobora gutawaza kubera twafunguye inyama y’igitwazi?” Yabishuye ati: “Ego! Nimutawaze” Bamubajije kandi bati: “Turashobora gutawaza kubera twari inyama y’intama?” Yabishuye ati: “Ushatse tawaza, ushatse naho niwirekere”. Uwuzi nawe ko afise isuku, akagira amakenga y’ukuyitakaza, canke azi ko yatakaje isuku hanyuma akagira amakenga ko akuyifise, afatire ku co adafitiye amakenga.

ICIGWA CA CUMI NA KABIRI: **الدَّرْسُ الثَّانِي عَشَرَ**

UMURYANGO UVUGA INGENE ABAHUMANYE BIYOGA “IJANABA”: **بَابُ الغُسلِ مِنَ الجُنَابَةِ**

Ni itegeko k’uwusohotswe n’intanga (amazi agumye ava mu mugabo) yiyoge, uguhuza ibitsina. Ibisabwa na vyo ni: Umuzirikanyi (Niyya) no gukwiza amazi umubiri wose harimwo no kwiyugumura no gushikana amazi mu mazuru. N’umugenzo w’Intumwa (Sunna): Kuvuga Bismillah, kunyukura ku mubiri hose, hanyuma kandi bikorwe hisunzwe inyigisho yashikirijwe na Maymuunat (Imana Imwishimire) yavuze ati: “Naranyejeje Intumwa (Imana Iyihe amahoro n’imigisha) mu gihe yariko yoga ijanaba, yatanguye akaraba iminwe, isukisha amazi ukuryo kwayo ikoresheje ukubamfu mu gusukura ubwambure bwayo n’ibindi vyayishikiye, hanyuma ikubitisha ibiganza hasi, hanyuma itawaza nka kurya batawariza isengesho, hanyuma ikwiza amazi umubiri wose, hanyuma ihejeje yarogeje amaguru yayo” Ntabwo ari itegeko gushikana amazi ku mutwe w’uwufise imishatsi mu gihe co kwoga ijanaba kandi amazi yamaze gushika ku mishatsi yose, kiretse iyo azirikana ko mu kwiyoga ahakura n’isuku ry’isengesho “Udhu”, aho asabwa gushikana amazi ku mubiri. Ni nko mu gihe yoba ashaka gukoresha ivu “Tayamamu” mugabo afise umwanda ku mubiri wiwe, ararekuriwe kubigira umubiri wiwe wose, gusa niyazirikana hamwe, aharurirwa aho yazirikanye.

الدَّرْسُ الثَّلَاثُ عَشَرَ
ICIGWA CA CUMI NA GATATU:

بابُ التَّيْمَمِ
UMURYANGO UVUGA IVYO GUKORESHYA IVU MU KWISUKURIRA ISENGESHO "TAYAMAMU":

Uko ico bikorwa, n'ugukubita ibiganza kw'ivu ryiza hanyuma bigahanaguzwa ku maso no ku maboko. Icemezo n'inyigisho y'Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha), yavuze ibwira `Ammar iti: "Vyari bikwiye ko ugira uku": (Yarakubise ibiganza vyayo hasi maze ibihanaguza ku maso no ku bikonjo). Ariko kandi naho uwutayamamu yoreza incuro imwe mu gukubita hasi ibiganza canke mu gusiga, nta ngorane. Gutayamamu hari ibintu bine bikenewe: 1) Ukudashobora gukoresha amazi, nko kuyahebura canke uyatinya ku mvo z'indwara canke gukanya cane, canke hari ayo kunywa gusa canke y'igitungwa, canke amuzimba kuyagura. Iyo abona yomugirira ingaruka ku mubiri canke ari make atomukwira, aratayamamu. 2) Umwanya. Ntarekuriwe gutayamamu agira asenge iry'itegeko kandi hataragera, no kw'isengesho ry'isunna ngo atayamamu mu mwanya kizira gusengamwo. 3) Umuzirikanyi (Niyah): Iyo tayamamu ari ugusenga sunnah ntuyisengana iry'itegeko (ariko hari abandi bamenyi babona ko wosenga), mugabo iyo ari tayamamu y'iry'itegeko urashobora kurisenga no gusenga irya sunnah gushika umwanya w'iry'itegeko uheze. 4) Ivu: Ntatayamamu atari kw'ivu ryiza kandi rifise umukungugu.

Ugutayamamu kwononwa na birya vyose nyene tumenyereye ko vyonona isuku ry'amazi (udhu), umwanya uheze no kuba amazi abonetse kandi ushobora kuyakoresha naho woba uri mw'isengesho.

الدَّرْسُ الرَّابِعُ عَشَرَ
ICIGWA CA CUMI NA KANE:

بابُ الْحَيْضِ
UMURYANGO UVUGA IVY'UBUTINYANKA:

Uwuri mu butinyanka abujijwe ibinu cumi: 1) Gusenga. 2) Kandi kuri we ntirikibaye itegeko. 3) Ukwipfunga. 4) Ugukikura Alkaabah. 5) Gusoma Ikor'ani. 6) Gukora ku Musafu. 7) Guteba mu Musigiti. 8) Kurangura amabanga y'abubatse mu gitsina. 9) Guhabwa Italaka. 10) No kudaharura amezi k'uwapfakaye. Rero (iyo avuyemwo), asabwa kwiyooga, kuba yakuze, kubiharura. Iyo rero amaraso akamye arekurirwa kwipfunga, guhabwa italaka, ariko nta na kimwe arekuriwe gukora atabanje kwiyooga, gusa birarekuriwe kwinezereza n'uwuri mu butinyanka mu gitsina hatarimwo, icemezo n'inyigisho y'Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha), yavuze iti: "Mwokora ico mushaka havuyemwo kurangura amabanga y'abubatse".

الدَّرْسُ الْخَامِسُ عَشَرَ
ICIGWA CA CUMI NA GATANU:

Ikiringo gito ubutinyanka bumara, ni ijoro n'umurango. Bwatevye naho, ni imisi cumi n'itanu. Ikiringo gito ubutinyanka bwa mbere bumara, ni imisi cumi n'itatu, ariko rero nta kiringo bugira bwo kuba bwoteba kugaruka. Imyaka mike umukobwa atangurira kuboneraka ubutinyanka, ni imyaka icenda, ariko iyo myinshi ya nyuma yomara, n'imyaka mirongo itandatu. Uwugitangura iyo abonye amaraso

aricara, iyo naho akamye ataramara umusi wose (ijoro n’umurango), ntibuba ari ubutinyanka. Kandi iyo abandaniye ntarenze igitigiri c’imisi uwatevye amara, buba ari ubutinyanka. Iyo naho mu mezi atatu biguma kurutonde ata gihindutse, ni ugufatira aho nyene, kuko mu gihe bizorenga aho, bica vyitwa indwara “Istihaadwah”.

الدرس السادس عشر
ICIGWA CA CUMI NA GATANDATU:

AMATEGEKO Y’INDWARA ISA N’UBUTINYANKA “ISTIHAADWAH”: **حُكْمُ الْمُسْتَحَاذَةِ**

Ategerezwa kwiyo mu gihe avuye mu butinyanka, agasukura igitsina no muri co, akaza aratawaza ar’uko isengesho rigeze agaca asenga. Uko abigira, ni co kimwe n’uwufise indwara y’ukujejeta n’izindi zimeze nkayo. Iyo naho iyo ndwara ifashe umukenyezi yari agandariye umugabo wiwe yapfuye canke kw’italaka, aharura irya misi yaramenyereye no kumenya igihe yatanguriyeko. Iyo naho atari uwugandaye, akaba azi gutandukanya amaraso amaraso yiwe, harimwo ayirabura agumye n’ayoroshe atukura, akaba azi ko buba ubutinyanka iyo habonetse amaraso yirabura agumye, canke ugasanga n’ubwa mbere canke yibagiye uko bihora bimugendekera, ariko azi ko buri kwezi amara mu butinyanka imisi itandatu canke indwi, kuko iyo misi ari yo abakenyezi benshi bahurirako. Uwibungenze nawe ntaja mu butinyanka kiretse abonye amaraso imbere y’uko yibaruka nk’umusi umwe canke ibiri, aca yitwa amaraso yo mu kiriri.

الدرس السابع عشر
ICIGWA CA CUMI N’INDWI:

UMURYANGO UVUGA AMARASO Y’ABARI MU KIRIRI “NIFAASI”: **بَابُ النَّفَاسِ**

Ni amaraso asohoka kubera kwibaruka, aharurwa co kimwe n’uwuri mu butinyanka mu vyo abujijwe n’ivyo arekuriwe, n’ivyo ategetswe hamwe n’ivyo ababarirwa. Imisi ibaye myinshi, ntirenga mirongo ine, ariko kandi igitigiri c’imisi mike yomara biravana n’amagara y’uwo mukenyezi, kuko aho abonye amaraso akamye niho aca yiyogera akaba arisukuye. Bishitse naho agasubira kuvirirana muri ca kiringo c’imisi mirongo ine, biharurwa ko ari ya maraso ya nifaasi agarutse.

الدرس الثامن عشر
ICIGWA CA CUMI N’UMUNANI:

IGITABU KIVUGA ISENGESHO “SWALAAT”: **كِتَابُ الصَّلَاةِ**

Nk’uko yashikirijwe na `Ubbada mwene Thabit (Imana Imwishimire), avuga ko yumvise Intumwa y’Imana (Imana Iyihe amahoro n’imigisha) yavuze iti: “ Imana Allah Yategetse abaja bayo gusenga gatanu ijoro n’umurango, uwuzoyabungabunga akayasenga, Imana Allah Iramwemereye kumwinjiza mu Bwami bw’ijuru. Uwo ayo masengesho azonanira, nta co Imana Imwemereye, Yo ubwayo Niyabishaka Izomuhana canke Imubabarire”. Amasengesho atanu, ni itegeko kuri uwo wese azi ko ari umwislamu, ashitse mu bigero, afise ubwenge kiretse uwuri mu butinyanka canke mu kiriri. Uwuzoyahakana ku kutamenya, uwo aributswa, iyo agararije, aba abaye umuhakanyi “Kaafir”. Kandi ntawurekuriwe kurenza umwanya waryo risengerwamwo kiretse uwufise uruhusha rwo kuyateranya

canke yafatiriwe n'ibisabwa vyaryo. Iyo naho arihevye kubugaba bwiwe, arahabwa akanya ko kwisubirako nka gatatu, yisubiyeko.....atar'uko naho aricwa.

ICIGWA CA CUMI N'ICENDA: الدرس التاسع عشر

UMURYANGO UVUGA IVYO GUHAMAGARA "ADHAANA" NO بَابُ الْأَذَانِ وَالْإِقَامَةِ
GUHAGURUTSAABANTU GUSENGA "IQAAMA":

Umuhamagaro wa (Adhana na Iqama), washiriweko amasengesho atanu ku musu, nta yandi. Akaba yarashiriweko abagabo, abagore batarimwo. Adhana ifise amajambo cumi na tanu. Iqama nayo ifise amajambo cumi na rimwe. Kandi uwuhamagara "Muadhin" asabwa kuba ari intungane, afise ijwi kandi azi n'umwanya. Ni vyiza ko uwuhamagara yohamagara ahagaze, afise isuku, ahantu hareruye kandi araba amaja i Makkah (Qibla). Iyo naho ageze ku majambo avuga ati: (Hayya `alal swalaat na Hayya `alal falaah), aze arahindikira araba iburyo n'ibubamfu. Ikindi naco, uwuhamagara ntakura ikirenge ciwe aho ahagaze, ahubwo ashire intoke ziwe mu gutwi, akwege kuri Adhana, anyarutse kuri Iqama. Kuri Adhana yo mugatondo, inyuma yo kuvuga (Hayya `alal falaah), avuge ati: "Asswalaatu khayrun minan nawm" incuro zibiri. Kandi ntaguhamagara umwanya utaragera, kiretse iyo ari iyiwe. Icemezo, n'inyigisho y'Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha), yavuze iti: "Mu vy'ukuri, Bilali aze arahamagara hakiri mw'ijoro, mubandanye mufungura kandi munywa, kuza kugera aho Ummu Maktuum ahamagarira." Kandi ni vyiza mu gihe umuntu yumvise adhana ko yovuga nk'uko umuhamagazi avuze. Icemezo n'inyigisho y'Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha), yavuze iti: "Mu gihe mwumvise adhana, nimusubiremwo nk'ivyo muadhini avuze".

ICIGWA CA MIRONGO IBIRI: الدرس العشرون

UMURYANGO UVUGA IBISABWA KW'ISENGESHO: بَابُ شَرَايِطِ الصَّلَاةِ

Ibisabwa kw'isengesho, ni bitandatu:

Ica mbere: Ni isuku. Icemezo, n'inyigisho y'Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha), yavuze iti: "Nta sengesho ry'uwo wese azo afise umwanda atabanje gutawaza". Ica kabiri: Umwanya. Umwanya w'isengesho ryo ku mutaga "Duhri", utangura mu gihe izuba rihengamiye mu burengero gushika ikintu cose kigire igitutu bireha. Umwanya w'isengesho ryo ku muhingamo "Asri", utangura mu gihe ikintu cose kimaze kugira igitutu bireha, gushika izuba ritangure kuba umuhondo. Hanyuma, uwo wari umwanya wo guhitamwo, haba hasigaye n'akanya ko kubura uko ugira (ntakundi-dharura) gushika izuba rirenze. Umwanya w'isengesho ryo ku mugoroba "Maghrib", utangura mu gihe izuba rirenze gushika ibicu bitukura birenze. Umwanya w'isengesho ryo mw'ijoro "Ishai", ritangura inyuma y'ukurenga ivyo bicu bitukura gushika hagati mu gicugu. Hanyuma hasigara umwanya wa ntakundi, gushika aho haboneka umutwenzi wa kabiri. Umwanya w'isengesho ryo mu mutwenzi "Fajri", ni uguhera mu mutwenzi wa kabiri, gushika imbere y'uko izuba riseruka. Rero uwutanguye isengesho imbere y'uko umwanya waryo uhera, azoba arihambije. Isengesho naryo risenzwe ku ntango niryo ryiza gusumba kiretse irya Ishai niryo ryosengwa ku mpera n'irya Duhri mu gihe c'ubushuhe bwinshi.

ICIGWA CA MIRONGO IBIRI NA RIMWE: **الدَّرْسُ الْحَادِي وَالْعِشْرُونَ**

Ica gatatu gisabwa kw'isengesho: Kunyegeza ubwambure bwo ku mubiri: Ubwambure bw'umugabo n'umujakazi, ni hagati y'umukondo n'amavi. Nayo ku mugore, ni umubiri wiwe wose havuyemwo mu maso n'ibikonjo. Na nyina w'umwana n'uwabohojwe barikumwe nico kimwe n'umujakazi. Kandi uwusengeye ku kintu yivye canke inzu yanyaze, isengesho ryiwe ntiryakirwa. Abagore kwambara inzahabu n'iharire barabirekuriwe, abagabo ntibarimwo kiretse bibaye ngombwa. Ichemezo n'inyigisho y'Intumwa y'Imana (Imana iyihe amahoro n'imigisha), yavuze ku nzahabu n'iharire, iti: "Ibi bibiri, ni ikizira ku bagabo b'urunganwe rwanje, ari birekuriwe abagore babo".

ICIGWA CA MIRONGO IBIRI NA KABIRI: **الدَّرْسُ الثَّانِي وَالْعِشْرُونَ**

Umugabo asenganye impuzu imwe ishika ku rutugu, nta kibazo, iyo naho yabuze ico yambara atari ikinyegeza ubwambure bwiwe araheza akabunyegeza, vyanse naho, anyegeza ku bwambure bw'imbere n'inyuma gusa, naho bidakunda, anyegeza hamwe honyene, binaniranye vyose agasigara ari gusa, aca asenga yicaye akoresha ibimenyetso bwo gupfukana no kwubana, gusa kandi naho yosenga ahagaze nta kibazo. Iyo naho umuntu yaburaniwe akaronka impuzu yanduye canke ahantu hari umwanda, apfa gusenga, akandi iryo sengesho ntarisubiramwo.

ICIGWA CA MIRONGO IBIRI NA GATATU: **الدَّرْسُ الثَّالِثُ وَالْعِشْرُونَ**

Ica kane gisabwa kw'isengesho: Ni ugusukura umwanda wo ku mubiri, ku mpuzu hamwe n'aho asengera kiretse n'umwanda ubabarirwa nk'amaraso make. Iyo naho asenganye umwanda atar'abizi canke bivuye k'ukwibagira, isengesho ryiwe riremewe. Abonye umwanda ari mw'isengesho, arashobora kuwukura maze akabandanya isengesho. Kandi isi yose irasukuye mu kuyisengerako kiretse mu mva, mu kasurwumwe, aho baruhukira, mw'iraro ry'igitwazi no hagati na hagati mu nzira.

ICIGWA CA MIRONGO IBIRI NA KANE: **الدَّرْسُ الرَّابِعُ وَالْعِشْرُونَ**

Ica gatanu gisabwa kw'isengesho: Ni ukuraba amaja i Makkah (Qibla), kiretse ingenzi isengeye ku kiyunguruza naho nyene iriko isenga irya Sunna, kuko we aca atumbera aho kimutumbereje. Uwudashoboye kuraba Qibla ku mvo z'uko afise ubwoba canke n'ibindi, aca asenga ibimworoheye. Ibitari ivyo vyavuzwe, isengesho ntiryemerwa ataravye Qibla. Kandi iyo ahegereye, ategerezwa gusenga araba n'amaso yiwe aho hantu "Alkaaba". Iyo naho ari kure, kuba ugutumbera. Bishitse Qibla akayibura kandi ari umusangwa, ategerezwa kubaza bakamwereke mimbare z'abaislamu, kuko iyo abigizemwo amakosa, ategerezwa gusubiramwo. Iyo naho ari ingenzi vyagoye kumenya aho itumbera, aragerageza uko ashoboye kwose agasenga, kandi ntasubiramwo. Iyo hariko hagerageza babiri mugabo ntibahuze, umwe muri bo akanka gukurikira mugenzi we, uwutabona na kimwe n'uwudatahura, baca bakurikira uwo biyumvamwo mu mutima.

Ica gatandatu: Ni umuzirikanyi (Niyya) w'isengesho nyezina, kandi birarekuriwe yotanguza umuzirikanyi imbere y'uko avuga Allahu akbaru ya mbere "Takbiiratul ihraam" ku kanya gatonya mu gihe atabivuyemwo.

ICIGWA CA MIRONGO IBIRI NA GATANU: **الدَّرْسُ الْخَامِسُ وَالْعِشْرُونَ**

URUPFASONI RWO KUJA GUSENGA: **بَابُ آدَابِ الْمَشِيِّ إِلَى الصَّلَاةِ**

Ni vyiza ko uwugiye gusenga, yogenda mu ituze ntangere, intambuka ziwe zibe ngufi, ntavunagure intoke ziwe, ahubwo avuge ati: "Bismillah (Alladhi Khalaqaniy fahuwa Yahdiyyi)", ayo ni amajambo y'Imana ari muri Surat'u Shu`arai; 78 gushika 89 havuga hati: "Illaa man ata Llaaha biqalbin saliym". Kandi avuge ati: "Allaahumma iniy as-aluka bihaqqi saa-iliyna `alayka, wa bihaqqi mamshaaya haadhaa, fa-inniy lam akhruj asharran walaa batwaran walaa riyaa-an walaa sum`atan, kharajtu ttiqaa-a sakhatwika wab-tighaa-a mardwaatika, as-aluka an tunqidhaniy mina nnaar, wa-an Tagh-fira liy dhunuubiy innahu laa yagh-fir dhdhunuuba illaa An-ta".

ICIGWA CA MIRONGO IBIRI NA GATANDATU: **الدَّرْسُ السَّادِسُ وَالْعِشْرُونَ**

Iyo umuntu yumvise Iqama, ntagenda ariruka, kuko Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) yavuze iti: "Iyo bahagurukije abantu gusenga, ntimuze mwiruka, ahubwo musabwa kuza mutekanye, murisanze musenge, ibibarenganye (mu vyunamo) mubikwize" Iyo yumvise Iqama, aca amenya ko ari isengesho ry'itegeko. Iyo naho ashitse ku musigiti, mu kwinjira atanguza ukuguru kw'iburyo, avuga ati: "Bismi Llaahi wasswalaatu wassalaamu `alaa Rasuuli Llaah, Allaahumma gh-fir-liy dhunuubiy, waftah liy abewaaba rahmatika". Iyo asohotse, atanguza ukuguru kw'ibubamfu, akavuga kwa kundi kiretse ko yongerako ati: "waftah liy abewaaba fadwlika".

ICIGWA CA MIRONGO IBIRI N'INDWI: **الدَّرْسُ السَّابِعُ وَالْعِشْرُونَ**

UMURYANGO UVUGA IBIRANGA ISENGESHO: **بَابُ صِفَةِ الصَّلَاةِ**

Iyo atanguye isengesho, avuga ati: "Allahu akbar". Uwusengesha aserura ijwi n'izindi (Takbira) zose, kugira ngo abo asengesha (Ma-amuuma) bamwumve, ariko bo ntibaziserura. Arakiriza ukuboko mu gihe co kubivuga akagushikana ku rutugu, canke hafi y'amatwi yiwe, maze akayashira musu y'umukondo wiwe, amaso yiwe akayatumbereza aho aza kubamira, hanyuma akavuga ati: "Subhaanaka Laahumma wabihamdika, watabaaraka smuka, wata`aalaa jadduka, walaa ilaaha ghayruka". Akongera ati: "A`uudhu Billaahi mina shaytwaani rajiyim", "Bismi Llaahi Rahmaani Rahiyim". Ntaserure ijwi mu kubivuga, icemezo n'aho Anas (Imana Imwishimire) yavuze ati: "Narasengeye inyuma y'Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) na Abou Bakar na Omari na Asumani, ariko nta n'umwe nigeze numva aserura (Bismi Llaahi Rahmaani Rahiyim)".

ICIGWA CA MIRONGO IBIRI N'UMUNANI: **الدَّرْسُ الثَّامِنُ وَالْعِشْرُونَ**

Aca asoma "Alfaatihat", bisigura "Alhamdu" yose. Kandi nta sengesho k'uwutayisomye kiretse Maamuuma, kuko ugusoma kwa Imamu kuramukwirije, gusa Imamu acecetse nawe arashobora gusoma, no mugihe ari isengesho badaserura ijwi. Hanyuma arasoma ikindi kigabane "Surat", ari mu mutwenzi agasoma Sura ndende, ku mugoroba agasoma ngufinya, ayandi masengesho asoma Sura zibayabaye. Isengesho ryo mu mutwenzi Imamu aserura ijwi, n'ibindi vyunamo "Rakaa" bibiri vy'isengesho zo ku mugoroba no mw'ijoro, nayo ayandi masengesho asigaye, nta jwi baserura. Igikurikira aca avuga Takbira akunama "Rukuu", ataramuye amaboko nka kurya yabigenza ubwa mbere, agashira ibiganza vyawe mavi atandukanije intoke ziwe, umugongo wiwe akawugorora n'umutwe wiwe umeze neza, agaca avuga ati: "Subhaana Rabbiyal `Adhwiym" incuro zitatu. Arunamuka avuga ati: "Sami`a Llaahu liman hamidah", amaboko yiwe akayakiriza nka kurya kwa mbere. Iyo ahagaze agororotse neza, avuga ati: "Rabbanaa walakal hamdu mil-a ssamaawaati wamil-al-ardwi wamil-a maa shi-ita min shay-in ba`adu", ariko rero Maamuuma arashobora kubivuga mu ncamake ati: "Rabbanaa walakal hamdu".

ICIGWA CA MIRONGO IBIRI N'ICENDA: **الدَّرْسُ التَّاسِعُ وَالْعِشْرُونَ**

Hanyuma aca yicisha bugufi avuga (Allaahu akbar) atadugije amaboko akagenda kwubama, ico atanguza gushikana hasi ni amavi, hanyuma ibiganza, hanyuma mu maso n'izuru, inda ibe iri hagati y'amaboko ku burebure kandi itayakorako, ibiganza bitumberane n'intugu ziwe kandi amano manini y'ibirenge akore hasi, hanyuma avuge ati: "Subhaana Rabbiyal A`alaa" incuro zitatu. Hanyuma arubamura umutwe avuga ati: (Allaahu akbar) no guca yicarira ukuguru kwiwe kw'ibubamfu, intoke ziwe ziraba Qibla avuga ati: "Rabbi gh-fir liy" incuro zitatu, agasubira kwubama ubugira kabiri nka kurya kwa mbere, iyo naho ahejeje ivyunamo (iraka) bibiri yabigize nk'uko kwa mbere, yicaye "Tahiyyaat" yashize ikiganza ciwe c'ibubamfu kw'itako ry'ibubamfu, n'ic'iburyo ku ry'iburyo, hanyuma agakunja ingumi asigaje urutoke rw'igikumu n'urw'agakombankono, agatunga urw'agakombankono mu kwemanga ariko asubiramwo ati: "Attahiyyaatu Lillaahi, wasswalawaatu wattwayyibaatu, assalaamu `alayka ayyuha Nnabiyyu warahmatu Llaahi wabarakaatuh, assalaamu `alaynaa wa`alaa `ibaadi Llaahi sswaalihiyana, ash-hadu anlaa ilaaha illa Llaahu, wa-ash-hadu anna Muhammadan `abduhu wa Rasuuluh", iki gisabisho nico cemewe cane mu kwemanga "Tashahhud" kivuye ku Ntumwa y'Imana (Imana lyihe amahoro n'imigisha).

ICIGWA CA MIRONGO ITATU: **الدَّرْسُ الثَّلَاثُونَ**

Inyuma y'ivyo, avuga ati: "Allaahumma swalli `alaa Muhammadin, wa`alaa aali Muhammadin, kamaa swallayta `alaa Ibraahiima, wa`alaa aali Ibraahiima, innaka Hamiidun Majiidun. Allaahumma baarik `alaa Muhammadin, wa`alaa aali Muhammadin, kamaa baarakta `alaa Ibraahiima wa`alaa aali Ibraahiima, innaka Hamiidun Majiidun." Kandi ni vyiza ko yokwikinga ku Mana Allah imukinge ibihano vy'umuriro wa Gehinomu, ibihano vyo mu mva, amageragezwa y'ubuzima n'urupfu n'aya Masihi Dajjaal (Anti-Kristo), hanyuma aca aramutsa "Salaamu" ahindukirira iburyo, avuga ati: "Assalaamu

`alaykum warahmatu Llaah,” agahindikira n’ibubamfu naho nyene akavuga nk’uko yavuze. Iyo naho isengesho rirengeje ivyunamo bibiri, nahadwa baada tashahhudul awwal kanuhoodwihi mina sujuud, hanyuma agakurikizako ivyunamo bibiri, ariko iyo ahejeje gusoma (Alhamdu) nta kindi kintu yongerako. Mu gihe yicaye kuri (tahiyyatu) ya nyuma, aravyagira yicariye itako ryiwe ry’ibubamfu, ukw’ikuryo yaguhoye hanze iburyo nyene, ivyo kandi ntabikora atari kw’isengesho bicara (tahiyyatu) zibiri. Iyo naho amaze kuramukanya, aca avuga ati: “Astagh-firu Llaah,” incuro zitatu. Akavuga kandi ati: “Allaahumma an-ta Salaamu, wamin-ka salaamu, tabaarakta yaa Dhal- Jalaali wal- ikraam”.

ICIGWA CA MIRONGO ITATU NA RIMWE: **الدَّرْسُ الْحَادِي وَالْثَلَاثُونَ**

UMURYANGO UVUGA INKINGI ZIGIZE ISENGESHO N’IBITEGETSWE MURI **بَابُ أَرْكَانِ الصَّلَاةِ وَوَجِبَاتِهَا**

RYO:

Inkingi z’isengesho ni cumi na zibiri: 1) Uguhagarara k’uwubishoboye. 2) Ukuvuga Allaahu akbar ya mbere (takbiiratul ihram). 3) Ugusoma Alhamdu (Suratul faatihah). 4) Kwunama (Rukuu). 5) Kwunamuka (uva muri rukuu). 6) Kwubama kabiri (Sujjuud). 7) Kwicara gato imbere y’ugusubira kwubama ubugira kabiri. 8) Kwicara kugira ngo usome Tahiyatu ya nyuma (tashahhud). 9) Gusoma Tahiyatu ya nyuma. 10) Kuramutsa (salaam). 11) Kugira ituze ku nkingi zose. 12) Kuzitondekanya (nk’uko zavuzwe). Izi nkingi rero isengesho ntiryakirwa zitabonetse.

ICIGWA CA MIRONGO ITATU NA KABIRI: **الدَّرْسُ الثَّانِي وَالْثَلَاثُونَ**

Ibitegetswe mw’isengesho navyo ni indwi: 1) Takbira zose zivugwa, uretse takbira ya mbere (takbiiratul –Ihraam). 2) Kuninahaza Imana Allah wunamye (Ruku`u) rimwe. 3) Kuninahaza Imana Allah wubamye (Sujjuud), rimwe. 4) Kuninahaza Imana Allah no kuyishimagize mu gihe wunamutse. 5) Kuvuga uti: “Rabbi gh-fir –lii” hagati y’ivyubamo bibiri. 6) Kwicara kugira ngo usome wemanga (Tahiyatu canke Tashahhud) ya mbere. 7) Gusabira Intumwa y’Imana (Imana Iyihe amahoro n’imigisha) kuri Tahiyatu ya nyuma. Ivyo vyose iyo ubiretse ibigira nkana, isengesho rirapfa. Ariko iyo ubiretse bivanye no kwibagira, urubama kabiri. Ibindi navyo bitavuzwe (inyuma y’ibi) bavyita Sunna kandi ntizonona isengesho iyo zitakozwe, mbere uwavyibagiye ntasabwa ukwubama.

ICIGWA CA MIRONGO ITATU NA GATATU: **الدَّرْسُ الثَّلَاثُ وَالْثَلَاثُونَ**

UMURYANGO UVUGA UKWUBAMA K’UWIBAGIYE: **بَابُ سُجُودِ السَّهْوِ**

Ukwibagira kwavuzwe mu mice itatu: Igice ca mbere: Kurenzako igikorwa mw’isengesho, nk’icunamo (rakaa) canke inkingi. Iyo bikozwe ibigira nkana, isengesho rirapfa. Bisaba kandi ko yubama (sujjuud) iyo yibagiye. Iyo naho abimenye kandi yari mw’irakaa yarengejeko, ubwo nyene aca yicara. Iyo naho aramukije (isalamu) kandi hari ico agabanije mw’isengesho, araheza akuzuzwa ivyari bibuzemwo hanyuma akwubama. Kandi naho yoba yakoze ibitaba mw’isengesho, abifata co kimwe n’uko vyari ibigira nkana canke yibagiye, bibaye vyinshi nabwo, isengesho rirapfa. Iyo vyari bike ntaco vyonona,

dufatiye nk'ivyashikiye Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) mu guterura Amama no kugururira umuryango Aisha (Imana Ibishimire).

ICIGWA CA MIRONGO ITATU NA KANE: **الدَّرْسُ الرَّابِعُ وَالثَّلَاثُونَ**

Igice ca kabiri: Ukugabanya, nko kwibagira kimwe mu bigegetswe mw'isengesho: Aciye ahaguruka kuri aticaye Tahiyatu ya mbere, akibuka ataragororoka neza, aca asubira kwicara akayivuga. Ariko mu gihe yamaze guharara agororotse, ntasubira kwicara. Iyo naho yibagiye inkingi maze akibuka imbere yuko asoma igisomwa c'iyindi Rakaa, abanza gusubira kubikwiza no kuza gukwiza ibikurikira. Ariko iyo avyibutse yamaze gutangura iyindi Rakaa, iyo yibagiyemwo iba ipfuye. Bishitse naho akibagira Sijida zine mu vyunamo bine, mugabo akavyibuka ari kuri Tahiyatu, bimusaba ko asujudu muri ako akanya, ace aharurirwa iyo Rakaa ariko, hanyuma aze kuriha iraka zitatu zisigaye.

ICIGWA CA MIRONGO ITATU NA GATANU: **الدَّرْسُ الْخَامِسُ وَالثَّلَاثُونَ**

Igice ca gatatu ni amakenga: Mu gihe ugize amakenga ko hari Irakaa utasenze, biharurwa ko atayo wasenze nyene. Uwuzogira amakenga y'igitigiri c'Irakaa yasenze, yubakira kuzo afitiye ivyemezo kiretse Umuyimamu wenyene niwe aca yubakira kuzo yikeka cane.

Ukwibagira rimwe, biharurirwa gusujudu kabiri imbere y'uko uramutsa (isalamu) kiretse uwaramukije habaye ukugabanye mw'isengesho ryiwe. Iyo kandi Imamu yubakiye yubakiye kuvyo yiketse cane, co kimwe n'uwibagiye agasujudu imbere yuko aramutsa (isalamu), uwo asabwa gusujudu Sijda zibiri yamaze kuramutsa (isalamu), hanyuma aremanga no guta aramutsa (isalamu). Uwusengeshwa (Maamuma) iyo yibagiye nta gusujudu asabwa kiretse iyo ari Imamu wiwe yibagiye niho baca basujudu hamwe. Uwo Imamu wiwe yibagiye canke hari ivyamugoye mw'isengesho ryiwe, abagabo bavuga bati: "Subhaana Laah", abagore nabo bakoma amashi.

ICIGWA CA MIRONGO ITATU NA GATANDATU: **الدَّرْسُ السَّادِسُ وَالثَّلَاثُونَ**

AMASENGESHO ARENZEKO (SUNNA): **بَابُ صَلَاةِ التَّطَوُّعِ**

Aya masengesho arimwo imice itanu: 1) Igice ca mbere: Sunna zipanzwe: Nayo yavuzwe na Mwene Omar (Imana Ibishimire bompi babiri): " Hari ivyunamo (Rakaa) cumi na bibiri narabifashe ku mutwe ndabikura ku Ntumwa y'Imana (Imana Allah Imuhe amahoro n'imigisha), navyo n'ibi bikurikira: Irakaa zibiri imbere yo gusenga ku mutaga (Duhri), hamwe n'izindi Irakaa zibiri inyuma yo gusenga Duhri. Irakaa kandi zibiri zisengerwa muhira inyuma yo gusenga ku mugoroba (Maghrib). Izindi Irakaa zibiri zisengerwa muhira inyuma yo gusenga mw'ijoro (Laishai). N'izindi Irakaa zibiri imbere yo gusenga mu gatondo (Alfajr). Hafsa (Imana Imwishimire) yambariye ko mu vy'ukuri Intumwa y'Imana (Imana Allah Imuhe amahoro n'imigisha) iyo umutwenzi wa kabiri waseruka uwuhamagara agaca ahamagara, yaca

isenga Irakaa zibiri, izo nazo zaba arizo kandi bikaba ari vyiza kuzinyarutsa”. Hamwe n’ivyo, kuzisengera muhira nivyo vyiza gusumba co kimwe n’Irakaa zibiri za Maghrib.

ICIGWA CA MIRONGO ITATU N’INDWI: **الدَّرْسُ السَّابِعُ وَالثَّلَاثُونَ**

Igice ca kabiri: Isengesho ry’igiharwe (Witri), iryo naryo risengwa hagati na hagati y’isengesho rya Laishai na Alfajri, kandi rirashobora no kugira Irakaa imwe gusa. Igitigiri kinini c’iyi Witri, ni Irakaa cumi n’imwe. Ariko igitigiri giciriritse ciza, ni Irakaa zitatu habanje kuramutsa Isalama kw’Irakaa ya kabiri, no kuza gusaba igisabisho (Kunuuti) kw’Irakaa ya nyuma mu gihe uvuye kuri Rukuu.

Igice ca gatatu: Isunna zamaho, izo mw’ijoro nazo zikaba zisumba izo ku murango, izo ku gice canyuma c’ijoro nazo zikaba zisumba izo ku ntango. Izo zo mw’ijoro kandi zigizwe n’Irakaa zibiri zibiri. Uwusenze isengesho rya Sunna yicaye, yandikirwa igice c’ic’uwasenze ahagaze.

Igice ca kane: Aho basengera hamwe Sunna, ni Isunna zitatu: 1) Iya mbere: Ni kuri Taraweeh, kandi basenga Irakaa mirongo ibiri inyuma ya Laishai mu kwezi kw’Iramazani.

ICIGWA CA MIRONGO ITATU N’UMUNANI: **الدَّرْسُ الثَّامِنُ وَالثَّلَاثُونَ**

2) Iya kabiri: Ni kw’isengesho ry’ubwirakabiri (Kusuufu), mu gihe habaye ubwirakabiri bw’izuba canke ukwezi, abantu baca birukira gusenga, babishatse bagasengera hamwe canke umuntu akisengana. Aratanga Takbiratul Ihraami, agasomba Suratul Faatihah n’iyindi Sura ndende, agaheza akaja kuri Rukuu agatebayo. Iyo avuye kuri Rukuu, arasubira agasoma Suratul Faatihah n’iyindi Sura ndende gusumba iyo yasomye ubwa mbere. Hanyuma arasubira kuri Rukuu, agatebayo gusumba ubwa mbere, gusa iyo avuye kuri iyo Rukuu aca agenda kwubama Sijida zibiri kandi ndende. Iyo avuye muri Sijida arahaguruka akagira nka kurya kwa mbere. Iyo Sunna ica iharurwa ko igizwe no kuja kuri Rukuu kane, no kuja muri Sijida kane (mw’Irakaa zibiri).

3) Iya gatatu: Ni kw’isengesho ryo gusaba imvura: Mu gihe rero isi itakironka n’ima ry’imvura, Imamu ararika abantu biwe bagasidukana n’iyonka bicishije bugufi bimwe vy’akarorero kandi basuzuguritse, agaca abasengesho Irakaa zibiri nka kurya basenga Ilaidi, hanyuma agatanga n’inyigisho za Khutba imwe gusa, akitwararikamwo cane kugasaba Imana ikigongwe no gusoma Ayat zijanye n’ico kintu, kandi abo bantu baba bahinduye impuzu zabo zo hejuru (inyuma hari imbere, n’imbere inyuma), kandi bajanye n’abatari abislamu bari musu y’amategeko y’ubwislamu nta ngorane. **WA YU’UMARUUNA AN YANFARDUU `ANIL MUSLIMIIN. ?**

Igice ca gatanu: Ukwubama kubera Ayat isomwe ivuga abantu bubame (Sujuudu Tilaawat), ahavuga Gusujudu ni ahantu cumi na hane. Muri Suratul Hajji ni ahantu habiri. Ni Sunna gusujudu k’uwuriko arasoma hamwe n’uwumviriza hatarimwo uwumvise. Kandi haragirwa Takbira igihe co gusujudu no mu gihe co gukura umutwe hasi, **THUMMA YUSALLIM.?**

الدَّرْسُ التَّاسِعُ وَالثَّلَاثُونَ
ICIGWA CA MIRONGO ITATU N'ICENDA:

بابُ السَّاعَاتِ الَّتِي تُحْيَى عَنِ الصَّلَاةِ فِيهَا
UMURYANGO UVUGA IMYANYA KIZIRA GUSENGERAKO:

Iyo myanya ni itanu: 1) Uwa mbere: Ni inyuma y'isengesho rya Alfajiri kugera izuba riseruke. 2) Igihe izuba riba ririko riraseruka, kugera rishike ku rugero rungana n'umwampi. 3) Mu gihe rihagaze hagati na hagati kugera rihengame. 4) Inyuma y'isengesho ryo ku muhingamo kugera izuba rirenge. 5) No mu gihe rero izuba ririko rirarenga kugera ricokere. Aya masaha rero, nta n'umwe arekuriwe kuyasengamwo Sunna, kiretse ari nko gusubiramwo isengesho rusangi mu gihe hageze Gukimu kandi ari mu Musigiti canke Irakaa zibiri z'uwuhejeje gukikura Alkaaba (Twawaafu), canke gusengera uwapfuye (Swalatul Janaazat), canke gutunganya Sunanu Rawaatibu naho nyene muri iyi myanya ibiri, nayo ni: 1) Inyuma y'isengesho rya Alfajiri, 2) N'inyuma y'isengesho rya Lasri. Aho worekurirwa muri iyo myanya yose, ni mu gihe woba uriko urariha amasengesho ategetswe.

الدَّرْسُ الْأَرْبَعُونَ
ICIGWA CA MIRONGO INE:

بابُ الْإِمَامَةِ
UMURYANGO UVUGA GUSENGESHA :

Vyarakiriwe kwa Ibnu Masuud Albaderiy (Imana Imwishimire), avuga ko Intumwa y'Imana (Imana Allah Imuhe amahoro n'imigisha) yavuze Iti: " Abantu basengeshwa n'uwubarusha gusoma Igitabu c'Imana Allah. Nibaba banganya naho, ni k'uwubarusha Hadith (Sunna). Nibaba banganya Sunna, hazotangura uwabatanze kwimuka. Nibaba barimukiye rimwe, hazosengeshwa uwubasumvya imyaka. Kandi ntihaze hagire umuntu azosengeshwa nyene inzu imuhira iwe canke aho agaba. Kandi ntaze yicare aho bamuteguriye atari ku ruhusha rwiwe". Kandi yabwiye Maliki mwene Alhuwairithi na Mugenziwe ati: "

Hageze gusenga, umwe muri mwebwe azohamagare (Adhana) hanyuma musengeshwe n'uwubaruta". Kandi igisomo cabo casa nk'ikingana.

Kandi nta sengesho ry'inyuma y'uw'isengesho ryiwe ryapfuye, kiretse atamenye ko ryamupfanye, canke na Mamuma ntabimenye gushika batange Isalama. Ico gihe rero uwo Imamu niwe asubiramwo wenyene. Kandi ntivyemewe gusengeshwa n'uwuretse inkingi y'isengesho, kiretse nka Imamu mukuru w'aho hantu mu gihe yosenga yicaye abitewe n'indwara kandi biboneka ko izokira, ico gihe nabo baca bamukurikira bakicara, ariko yatanguye ahagaze, hanyuma akicara, bo baca bamukurikira bahagaze.

الدَّرْسُ الْحَادِي وَالْأَرْبَعُونَ
ICIGWA CA MIRONGO INE NA RIMWE:

Nta mugore arekuriwe gusengeshwa abagabo. N'uwujejeta (nk'igisukari) ntarekuriwe. N'uwutazi gusoma neza Suratul Faatiha canke yonona n'urudome na rumwe muri yo kiretse ata wundi ahari. Kandi Uwatawajije (Udhu) arekuriwe gusengeshwa uwatayamanye. N'uwusenga iry'itegeko (Faradhi) gusengeshwa uw'Isunna. Ikindi naco, iyo Mamuma ar'umwe, ahagarara iburyo bwa Imamu. Nivyashika naho akamuhagarara ibubamfu canke imbere canke akihagararana ntiryemerwa kiretse abaye

umugore kandi nawe ahagarara inyuma ya Imamu. Iyo ari benshi (Jamaa), bahagarara inyuma ya Imamu. Bahagaze iburyo bwiwe canke impande zose zibiri rimererwa. Ariko bahagaze imbere yiwe canke canke ibubamfu rwiwe, ntiryemerwa. Iyo naho ari umugore ariko arasengesha abagore bagenziwe, ahagararana nabo hagati na hagati yabo ku murongo umwe. Ivyo navyo bisa n’Umuimamu ari gusa (atikwije mu kwambara) ahagarara hagati na hagati y’abo asengesha. Iyo naho ari ihuriro (isengesho rusangi-Jamaa) ry’abagabo, abana, abavukanye ibitsina bibiri (Abakhunstha) hamwe n’abagore, (mu gutunganya neza imirongo); batanguza abagabo, hanyuma abana, hanyuma Abakhunstha, hanyuma abagore. Uwugize Takbiratul Ihraamu (yacerewe) mugabo Imamu ataratanga Isalama, uwo yandikirwa ko yasenze Jamaa. Kandi n’uwusanze batarava kuri Rukuu, iyo Rakaa arayandikirwa, atar’uko naho ntibikunda.

ICIGWA CA MIRONGO INE NA KABIRI: **الدَّرْسُ الثَّانِي وَالْأَرْبَعُونَ**

UMURYANGO UVUGA ISENGESHO RY’UMURWAYI: **بَابُ صَلَاةِ الْمَرِيضِ**

Umurwayi nawe iyo ari uguhagarara kandi abandanya aremba, ararekuriwe gusenga yicaye. Ivyo navyo iyo atabishoboye, aryamira urubavu rwiwe, ku majambo y’Intumwa y’Imana (Imana Allah Imuhe amahoro n’imigisha) aho yabwira Imrani mwene Huswaini iti: “Usenge uhagaze, utabishoboye wicare, navyo utabishoboye usenge uhengamiye urubavu”. Rero iyo navyo vyananiranye, aca aryama agaramye, bimunaniye kuja kuri Rukuu na Sijida, akoresha ibimenyetso, kandi ategerezwa kuzoriha amasengesho yose yamurenganye mu gihe yararembye. Iyo naho abona ko gusengera isengesho ku mwanya waryo hari uburemere, arashobora kuvanga irya Dhuhuri hamwe ni rya Lasiri, irya Magharibi hamwe ni rya Laishai, ku mwanya umwe muri ayo abiri. Agira avenge kuri tangura, ashirako umuzirikanyi (Niyya) ko agira ayavange nyene. Kandi biba ngombwa ko urwo ruhusha yaronse rubandanya kugeza aho irya kabiri riza kwinjirira. Kandi ntayatandukanye kumbure atari Udhu yoba imugoye. Niyateba naho, ingorane ziwe zibandanya ziharurwa kugera umwanya w’isengesho rya kabiri ugeze. N’uko yoshirako Iniyya yo kuyavanga kun tango y’umwanya w’iritangura, imbere y’uko vyohava bimugora kuyasenga. Kandi n’ingenzi irekuriwe kugabanya Irakaa, irarekuriwe kuvanga amasengesho. Ni nk’uko kandi vyemewe kuvanga amasengesho ya Magharibi na Laishai kubera imvura yaguye.

ICIGWA CA MIRONGO INE NA GATATU: **الدَّرْسُ الثَّلَاثُ وَالْأَرْبَعُونَ**

UMURYANGO UVUGA ISENGESHO RY’UWURI KU RUGENDO: **بَابُ صَلَاةِ الْمُسَافِرِ**

Mu gihe ingenzi ifashe urugendo rungana na Farsakha cumi na zitandatu, bisigura urugendo rw’imisi ibiri kandi yazirikanye ko ajanwe n’ibirekuwe n’amategeko (Halale), ararekuriwe kugabanya Irakaa z’amasengesho afise Irakaa zine gusa. Atari uko uwuri muhira arakwiza canke uwo ntiyazirikanye kugabanya canke ugasanga yibagiye isengesho ari imuhira maze akaryibukira ku rugendo, canke isengesho ry’ingenzi akaryibukira muhira, uwo ategerezwa kuyakwiriza Irakaa. Kandi ingenzi irarekuriwe gukwiza Irakaa, ariko kandi kugabanya nivyo vyiza gusumba. Uwuzozirikana (Niyya) yo

kuzoreza amasengesho yiwe mirongo ibiri n’indwi, ategerezwa gukwiza, ariko kandi atabazirikanye arashobora kubandanya agabanya Irakaa ibihe vyose.

ICIGWA CA MIRONGO INE NA KANE: الدَّرْسُ الرَّابِعُ وَالْأَرْبَعُونَ

UMURYANGO UVUGA ISENGESHO RY’UMUNYABWOBA: بَابُ صَلَاةِ الْخَوْفِ

Birarekuwe ko umunyabwoba asenga isengesho nk’uki Intumwa y’Imana (Imana Allah Imuhe amahoro n’imigisha), ariko rero harshobora kuba guhitamwo, ko Umuimamu yogabura imigwi ibiri, umugwi umwe ucungera umutekano, n’uyundi mugwi usengana nawe Irakaa imwe, mu gihe naho ahagurutse gusengesho Irakaa ya kabiri, uwo mugwi wa mbere ushireko umuzirikanyi ko ugira uve mw’isengesho kugira ngo nawo ugende gucungera umutekano. Aho rero niho haca haza wa mugwi wundi utarasenga, ubandanirize aho uwundi warugejeje, maze Imamu awusengeshe Irakaa ya kabiri, mu gihe bageze kuri Tahiyatu, bace bahaguruka, hanyuma nawe abarindire nabo baheze Tahiyatu kugera baramukije Isalama. Mu gihe naho bobandanya batekerwa n’ubwoba, barashobora gusenga bariko baragenda canke bari kubibunguruza, batumbera Kibla canke n’ahandi. Kuja kuri Rukuu na Sijida, bakoresha ibimenyetso. Uko kandi ni k’umwe wese atekewe n’ubwoba, asabwa gusenga bivanye n’ingene amerewe, akaza arakora ibikenewe gukorwa naho yoba ariko ariruka n’ukundi.

ICIGWA CA MIRONGO INE NA GATANU: الدَّرْسُ الْخَامِسُ وَالْأَرْبَعُونَ

UMURYANGO UVUGA IVY’ISENGESHO RYO KUWA GATANU (IJUMAA): بَابُ صَلَاةِ الْجُمُعَةِ

Uwo wese arabwa n’amategeko (y’idini), n’isengesho ryo kuwa gatanu (Ijumaa) riramuraba mu gihe ari umusangwa, hagati y’imuhira iwe n’umusigiti hari akagenda n’ahandi nk’aho. Kiretse umugore, umuja, ingenzi n’uwufise ibibazo vyo kurwara canke imvura n’ubwoba. Ariko abo batarimwo, basenze Ijumaa ararekuriwe kandi riremberwa, **kiretse uwingorane mu gihe yorisenga kandi rica rimuraba**, ariko kugirango ryemerwe, n’uko yorigira ku mwanya waryo kandi muri ako karere, kandi habe haje gusenga abasangwa bo ngaho bashika ku mirongo ine mubo ritegetswe kuri bo. Ikindi naco, rigirwe na Khutuba zibiri, Ikhutuba imw’imwe ibemwo gushimagiza Imana Allah, gusabira Intumwa y’Imana (Imana Allah Imuhe amahoro n’imigisha), gusoma Ayat muri Ayat za Qoroani hamwe n’Amawaidha.

ICIGWA CA MIRONGO INE NA GATANDATU: الدَّرْسُ السَّادِسُ وَالْأَرْبَعُونَ

Kandi ni vyiza ko yotangira Khutuba muri Minbari, mu gihe yuriye agahindikira kuraba abantu akabaramutsa Isalama. Hanyuma aricara, akarindira Adhana ihere. Uyo Muimamu arahaguruka akabaha inyigisho, akaza kwicara, akongera kandi akabaha inyigisho ubugira kabiri. Haragera aho Bakimu Swala, agaca amanuka kubasengesho Irakaa zibiri, kandi imw’imwe aserura ijwi. Uwushobora gusengamwo n’Irakaa n’imwe, aca akwiza iyindi isigaye, akandikirwa ko yasenze Ijumaa, ataraka nimwe aronse (bavuye kuri Rukuu) asabwa gukwiza Irakaa za Dhuhuri. Ni nk’uko kandi bigenda, iyo igitigiri

c'abasenga Ijumaa kidakwiye, canke umwanya waryo ugahera ariko yamaze gusengamwo n'Irakaa n'imwe, arakwiza Ijumaa, bitagenze uko, akwiza Dhuhuri. Ikindi naco, ntivyemewe ko hosengwa Ijumaa irenze imwe ahantu hamwe, kiretse hari ikibitumye. Ni ikintu ciza, ko umuntu yogenda gusenga Ijumaa yabanje kwiyo akambara n'impuzu zibiri nziza hamwe no kwisiga ibimota hanyuma akazinduka. Niyashika naho Imamu yatanguye inyigisho, n'uko atarekuriwe kwicara adasenze Irakaa zibiri azinyarutsa. Ntivyemewe kandi ko hari uwogira ico avuga na kimwe kandi Imamu ariko arakhutubu, kiretse Imamu wenyene canke uwo avugishije.

ICIGWA CA MIRONGO INE N'INDWI: **الدَّرْسُ السَّابِعُ وَالْأَرْبَعُونَ**

UMURYANGO UVUGA IVY'ISENGESHO RY'IMISI MIKURU Y'ILAI ZIBIRI: **بَابُ صَلَاةِ الْعِيدَيْنِ**

Iryo sengesho, iyo bamwe barisenze, abatarisenze nta ngorane (Fardwul Kifaaya). Kuko iyo ababa aho hantu barisenze bashika mirongo ine, abasigaye barababarirwa. Umwanya w'iryo sengesho, ni mu gihe izuba rimaze guseruka gushika rirenganye gato hagati na hagati. Kandi ni Sunna kurisengera mu bugaragwa (mu kibuga), harimwo no gutanguza kare iyitiriwe imbagwa (Adweha, Ilaidi nkuru), hamwe no gutangura bateba iyitiriwe iyo Gutanguza indya mu kanwa (Alfitwri, Ilaidi ntoyi), habe no gufungura kuri iyo Laidi ntoyi imbere yuko isengesho ritangura. Kandi ni Sunna kugenda wiyoye hamwe no kwambara neza no kwisiga ibimota. Iyo umwanya w'isengesho ry'Ilaidi ugeze, Imamu aca aja imbere gusengesha ata Adhana ihamagawe canke Iqama. Kw'Irakaa ya mbere, agira Takbira indwi harimwo n'iya mbere (Takbiratul Ihraam). Kw'Irakaa ya kabiri agira Takbira zitanu iyo kuva muri Sijida itarimwo. Kandi araza araduzza amaboko kuri buri uko agize Takbira. Aho kandi niko aza arashimagiza Imana Allah hamwe no gusabira Intumwa y'Imana amahoro n'imigisha hagati na hagati ya Takbira zibiri. Hanyuma agaca asoma Suratul Fatiha n'iyindi Sura, kandi aserura ijwi kuri buri gisomwa. Iyo naho amaze kuramutsa Isalama, aca abaha Khutuba zibiri. Mu gihe c'Ilaidi ntoyi, agerageza kubahimiriza gutanga imperezwa (Swadaka) no kubasigurira amategeko ayigenga. Iyo naho ari kw'Ilaidi nkuru, arabasigurira amategeko yo kubaga, n'Amatakbira barenzako (muri iyo misi), hamwe no kuba gutanga Khutuba zibiri ari Sunna.

الدَّرْسُ الثَّامِنُ وَالْأَرْبَعُونَ ICIGWA CA MIRONGO INE N'UMUNANI:

Ikibanza basengeramwo llaidi ntakuhasengera isengesho rya Sunna haba imbere canke inyuma y'isengesho ry'llaidi. Uwosanga Imamu ataratanga Isalama, aca abandanya asenga nka kurya abandi basenze llaidi. Uwo birenganye nawe, ntavyo kuriha. Ariko abishatse yoyisenga ku gushaka kwiwe, kuko ashatse yosenga Irakaa zibiri canke zine canke kurya abandi basenze llaidi. Kandi ni vyiza ko abantu bovuga Takbira mw'ijoro ry'Amalaidi, kw'llaidi nkuru bakayigirira hamwe n'abandi batanguye isengesho rya Alfajiri ku musu wa Arafa kuzoshika Lasiri y'umusi wa nyuma mu misi y'llaidi. Ariko rero uri muri Hijja, we atangura Takbira kw'isengesho rya Dhuhuri ku musu wa utangura w'llaidi. Ingene rero bagira iyo Takbira ni kabiri kabiri: Allaahu akbar. Allaahu akbar. Laa ilaaha illa Laahu. Wallaahu akbar. Allaahu akbar. Walillaahil Hamde.

الدَّرْسُ التَّاسِعُ وَالْأَرْبَعُونَ ICIGWA CA MIRONGO INE N'ICENDA:

كِتَابُ الْجَنَائِزِ IGITABU KIVUGA IVYO GUTEGURA UWAPFUYE:

Iyo bimaze kumenyekana neza ko yapfuye, barahwamika amaso yiwe, WA SHUDDA LIHYAAHU, bakaraba ikintu bamushira kunda yiwe nk'ibuye, bamujanye kumwoza bakamunyegeza ubwambure bwiwe, hanyuma YA`ASWIRU BATWNAHU `ASWRAN RAFIIQAN, hanyuma YALUFFU ALA YADIHI KHIRQATAN FAYUNJIIHI BIHA, hanyuma agatawazwa, hanyuma bakamwoza mu mutwe wiwe no mu bwanwa bakoresheje amazi n'umusederi, hanyuma uruhande rwiwe rw'iburyo hanyuma urw'ibubamfu, bakongera bakamwoza incuro igira kabiri n'iya gatatu, uko basubiramwo, ari nako bafyonda ku nda yiwe, hari igisohotse, baramwoza kandi bagaca bahazibiza ipampa. Iryo pampa ridafashe, bakoresha ibumba HURRIN, kandi bagaca basubiramwo kumutawaza, gatatu kadahagije, barashobora kugira gatanu canke indwi. Hanyuma baramwumutsa bakoresheje impuzu, bakamushirako ibimota kuri MAGHAABINIH no kubihimba vyiwe vyashika hasi mugusujudu. Kandi bamusize ibimota umubiri wose, vyoba vyiza gusumba. WA YUJAMMIRU AKFANAHU, mu gihe kandi amasharubu yiwe n'inzara ziwe ari birebire, biragabanywa. WALA YUSARRAHU SHA`ARUH, ariko imishatsi y'umugore yo bayibohamwo amapfundo atatu, akazingirwa inyuma. Uwapfuye bamushira mu mpuzu zitatu zera, zitari ikanzu canke ikiremba. Kandi izo mpuzu imwe igerekwa hejuru y'iyindi, bishitse naho agategurirwa ikanzu canke umukenyero n'ishuka imwe nta ngorane. Ariko iyo ari umugore, ashirwa mu mpuzu zitanu; Ijipo n'ishati n'umwitwikiro hamwe n'ishuka zibiri zimukwiye hose.

الدَّرْسُ الْخَمْسُونَ ICIGWA CA MIRONGO ITANU:

Abafise ububasha bwo kwoza uwapfuye hamwe no kumusengera no kumushira mu mva, ni samuragwa wiwe (uwo yari yarabisavye), hanyuma se wiwe, sekuru wiwe, hanyuma n’abandi bahafi kurya bagenda bakurikirana mu kurutana mu miryango. Kandi uwuza imbere mu kwoza umugore, ni nyina wiwe hanyuma inakuru, abo batabonetse ni abagore nkawe ba hafi na hafi mu murungu. Hamwe n’ivyo indongozi niyo iba imbere mu kumusengera gusumba se wiwe n’abandi bose bamukurikira. Uko rero basengera uwapfuye: Avuga Takbira no guca asoma Suratul Fatiha (Alhamdu), agasubira akavuga iyindi Takbira ya kabiri agaca asabira Intumwa y’Imana (Imana Imuhe amahoro n’imigisha), hanyuma akazana iyindi Takbira igira gatatu agaca asoma iki gisabisho: (اللَّهُمَّ اغْفِرْ):

لِحَيِّتِنَا وَمَيِّتِنَا وَشَاهِدِنَا وَغَائِبِنَا وَصَغِيرِنَا وَكَبِيرِنَا وَذَكَرِنَا وَأُنْثَانَا، إِنَّكَ تَعْلَمُ مُنْقَلَبَنَا وَمَثْوَانَا، وَأَنْتَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ، اللَّهُمَّ مَنْ أَحْيَيْتَهُ مِنَّا فَأَحْيِهِ عَلَى الْإِسْلَامِ وَالسُّنَّةِ، وَمَنْ تَوَفَّيْتَهُ فَتَوَفَّهُ عَلَيْهِمَا، اللَّهُمَّ اغْفِرْ لَهُ وَارْحَمْهُ وَعَافِهِ وَاعْفُ عَنْهُ وَأَكْرِمْ نُزُلَهُ وَوَسِّعْ مُدْخَلَهُ وَاغْسِلْهُ بِالْمَاءِ وَالثَّلْجِ وَالْبَرَدِ وَنَقِّهِ مِنَ الْخَطَايَا كَمَا نَقَّيْتَ التَّوْبَ الْأَبْيَضَ مِنَ الدَّنَسِ وَأَبْدِلْهُ دَارًا خَيْرًا مِّنْ دَارِهِ وَأَهْلًا خَيْرًا مِّنْ أَهْلِهِ وَزَوْجًا خَيْرًا مِّنْ زَوْجِهِ وَأَدْخِلْهُ الْجَنَّةَ وَأَعِدْهُ مِنْ عَذَابِ الْقَبْرِ وَمِنْ عَذَابِ النَّارِ

وَأَفْسَحْ لَهُ فِي قَبْرِهِ، وَنَوِّرْ لَهُ فِيهِ) ((ALLAHUMMA GHFIR LIHAYYINAA WAMAYYITINAA, WASHAAHIDINA WA GHAA-IBINAA, WASWAGHIIRINAA WA KABIIRINAA, WADHAKARINAA WA-UNTHAANAA, INNAKA TA`ALAMU MUNQALABANAA WAMATHEWAANAA, WA-AN-TA `ALAA KULLI SHAY-IN QADIIR. ALLAHUMMA MAN AHYAYTAHU MINNAA FA-AHYIHI `ALAL-ISLAAMI WASSUNNATI, WAMAN TAWAFFAYTAHU FATAWAFFAHU `ALAYHIMAA. ALLAHUMMA GHFIR LAHU WARHAMHU, WA`AAFIHI WA`EFU `ANHU, WA-AKRIM NUZULAHU WAWASSI`I MUDEKHALAHU, WAGHSILHU BILMAA-I WASTHALJI WALBARADI, WANAQQIHI MINAL KHATWAAYAA KAMAA NAQQAYTA STHAWBAL ABEYADWA MINA DANASI, ABEDILHU DAARAN KHAYRAN MIN DAARIHI, WA-AHLAN KHAYRAN MIN AHLIHI, WAZAWJAN KHAYRAN MIN ZAWJIHI, WA-ADEKHLHUL JANNATA WA-A`IDHEHU MIN `ADHAABIL QABRI WAMIN `ADHAABI NAAR, WAFSAH LAHU FII QABRIHI WANAWWIR LAHU FIIH))).

Insiguro: ((Ewe Mana! Babarira abacu bakiriho n’abapfuye, abo tubona n’abo tutabona, abato n’abakuru, abahungu n’abakobwa, mu vy’ukuri Wewe Urazi MUNQALABANAA NA MATHEWAANAA, kandi Wewe uri Mushobora vyose. Ewe Mana! Uw’uhaye kubaho muri twebwe, muhe kubaho ari umwislamu kandi arangwa na Sunna, n’uwo watse ubuzima, ubumwake ari muri iyo nzira nyene. Ewe Mana! Mugirire ikigongwe n’impuhwe, umuhe kuroherwa no kubabarirwa, kandi uhezagire aho yururukirizwa (mu mva yiwe) wongere wagure ubwinjiriro, maze umwogeshe amazi y’ibarafu n’urubura, mu kumukuraho ibicumuro kurya kw’impuzu yera ikurwako ubucafu. Umuhindurire inzu nziza gusumba iyo yahorana, n’umuryango mwiza gusumba uwo yarafise, n’umugore (umugabo) mwiza gusumba uwo yarafise, maze umwinjize mu Bwami bw’ijuru wongere umurinde n’ibihano vyo mu mva n’ivyo mu muriro. Umwagurire imva yiwe, wongere uyimumurikire))). Iyo ahejeje ico gisabisho aca aramutsa Isalama imwe gusa ahindukirira iburyo honyene. Kandi aza araduzza amaboko kuri Takbira imw’imwe.

الدَّرْسُ الْحَادِي وَالْخَمْسُونَ
ICIGWA CA MIRONGO ITANU NA RIMWE:

Ibitegetswe muri ivyo: Ni Takbira zose, gusoma Alhamdu hamwe no gusabira Intumwa y’Imana (Imana Imana Imuhe amahoro n’imigisha), igisabisha c’uwukiriho k’uwapfuye hamwe n’indamutso y’Isalama. Uwo isengesho rirenganye, arashobora kumusengera aho bazikira (mu matongo y’abapfuye) gushika ikiringo c’ukwezi. Iyo ikiziga kiri kure y’aho hantu, arasengerwa babizirikanye (Niyya). Uwo bidakunda ko bamwoza naho, nko kubura amazi canke ubwoba bw’ingorane yahuye nazo nko kuba yahiye canke ari nk’umugore apfiriye mu bagabo gusa canke umugabo apfiriye mu bagore gusa, umuntu nk’uyo ni ukumutayammamisha. Ariko rero abubakanye, umwe yokwoza uyundi. Na nyina w’umwana yokwoza sebuja (umugabo yavyaranye n’umujakazi). Uwapfiriye ku rugamba rw’ingwano nyeranda nawe, ntavyo kumwoza, kandi ntibinakenewe ko asengerwa, YUNAHHAA `ANHUL HADIID THUMMA YAZAMMAL FII THIYAABIH, ariko bishitse akambikwa ibindi bitari ivyo ntangorane.

الدَّرْسُ الثَّانِي وَالْخَمْسُونَ
ICIGWA CA MIRONGO ITANU NA KABIRI:

Uwupfiriye muri Hijja we bamwogeshya amazi hamwe n’umukunazi, kandi ntiyambikwa impuzu iteranije (ishonwe), ntiyegerezwa ibimota, ntafunikwa umutwe, ntagabanirizwa inzara canke imishatsi yiwe. Ni vyiza ko iyo umuntu yapfuye yozikwa mu gahandage (Lahdi), WA YUNSWABU ALAYHI LABNU NASWBAN nk’uko vyagiriwe Intumwa y’Imana (Imana Imuhe amahoro n’imigisha), kandi ntakwinjiza mu mva AAJURRAN canke ivyatsi canke ico cose cakozweko n’umuriro. Ni vyiza kandi guhoza imiryango ya nyakwigendera. Kumuririra naho naco bitwaye mu gihe ata majambo akurikira ayo marira canke ngo habemwo kuboroga. Nta nico bitwaye ku bagabo bagendera imva, mu gihe naho bagendeye amatongo y’abapfuye bavuga bati: (سَلَامٌ عَلَيْكُمْ أَهْلَ دَارِ قَوْمٍ مُّؤْمِنِينَ، وَإِنَّا إِن شَاءَ اللَّهُ بِكُمْ

لَا حِقُونَ، اللَّهُمَّ لَا تَحْرِمْنَا أَجْرَهُمْ، وَلَا تَفْتِنْنَا بَعْدَهُمْ، وَاعْفِرْ لَنَا وَهُمْ، نَسْأَلُ اللَّهَ لَنَا وَلَكُمْ
الْعَافِيَةَ).

((SALAAMUN `ALAYKUM AHLA DAARI QAWMIN MUUMINIINA, WA-INNA IN SHAA-A LLAHU BIKUM LAAHIQUUNA. ALLAAHUMMA! LAA TAHRIMNAA AJERAHUM, WALAA TAFTINNA BA`ADAHUM. WAGHFIR LANAA WALAHUM. NAS-ALU LLAHA LANAA WALAKUMUL `AAFIYAT))).

Insiguro: ((Amahoro n’abe kuri mwebwe bane inzu, abantu mwemera, kandi na twebwe Imana Niyabishaka tuzobonana. Ewe Mana! Ntutuziririze ku mpera zabo, kandi Ntutugerageze inyuma yabo. Utubabarire hamwe nabo. Turasavye Imana Allah na mwebwe tubasabira kubaho neza))). Ico cose ciza yakoze kirimwo imigisha, kiragirira akamaro uwapfuye wese ari Umwislamu.

الدَّرْسُ الثَّالِثُ وَالْخَمْسُونَ
ICIGWA CA MIRONGO ITANU NA GATATU:

كِتَابُ الصِّيَامِ
IGITABU KIVUGA IVY’AMAPFUNGO:

Ukwipfunga mu kwezi kw'Iramazani: Ni itegeko ku mwislamu wese yashitse mu bigero, agise ubwenge kandi gupfunga abishoboye. N'umwana baramuhimiriza mu gihe babona ko yobishobora. Ukwipfunga, riba itegeko iyo habaye ikintu kimwe muri bitatu: 1) Ica mbere ni ugukwiza ukwezi kwa Shabani, 2) Canke kubona ukwezi kw'Iramazani, 3) No kuba hoba igipfungu muri iryo rya mirongo itatu, nta yindi irengana. Mu gihe ukwezi kwobona umwe, arapfunga. Iyo ari intungane, abantu bose nabo baca bafunga iyo abibabwiye. Kandi nta gufungura hatabonetse ivyabona bibiri kandi vy'intungane, bisigura ko atawufungura bivuzwe n'umwe gusa. Mu gihe naho bofunga vyashingiwe intahe na babiri bintungane, imisi mirongo itatu ikwiye baca bafungura. Habaye hariho igipfungu canke bigatangazwa n'umuntu umwe, aho ntagufungura kiretse bakubonye canke bagakwiza igitigiri. Nk'umuntu w'impfungwa atamenye ngo ameze ageze he, aca atangura gufunga, abitoye ni vyiza, yihenze naho inyuma yaho ntangorane, ariko asanze yarafunze hataragera ntivyemerwa.

الدَّرْسُ الرَّابِعُ وَالْخَمْسُونَ
ICIGWA CA MIRONGO ITANU NA KANE:

بَابُ أَحْكَامِ الْمُفْطِرِينَ فِي رَمَضَانَ
UMURYANGO UVUGA AMATEGEKO Y'ABAFUNGURA MW'IRAMAZANI:

Kandi birarekuriwe gufungura ku murango w'Iramazani mu bice bine: 1) Ica mbere: Ni ku murwayi ashobora guhura n'ingorane. No ku ngenzi ifise uruhusha rwo kugabanya Irakaa mw'isengesho. Abo babiri bose, gufungura kuri bo nivyo vyiza, bakazoriha mu nyuma, ariko kandi no gufunga barabirekuriwe. 2) Ica kabiri: Ni ku bari mu butinyanka no mu kiriri: Nabo nyene barafungura bakazoriha. Kandi nka hamwe bofunga, ntivyokwemerwa. 3) Ica gatatu: Ni k'uwiwungenze n'uwonsa: Iyo babona vyobateza ingorane, barafungura bakazoriha mu nyuma. Kandi babona ko bafunze umwana vyomutera ingaruka mbi, barafungura bakazoriha hamwe n'ivyo baraheza bakagaburira umukene umw'umwe ku musi. 4) Ica kane: Ni k'uwudashobora gufunga, no k'uwihebuye abona ko atazokira: Abo nabo basabwa ko umwe yoza ararisha umukene umw'umwe ku musi.

الدَّرْسُ الْخَامِسُ وَالْخَمْسُونَ
ICIGWA CA MIRONGO ITANU NA GATANU:

Kandi ni k'umw'umwe wese yafunguye ku murango w'Iramazani kuriha iyo misi nta bindi, kiretse uwaranguye amabanga y'abubatse mu bwambure, uyo araheza akariha kandi akarekuza umuja. Ivyo iyo atabishoboye, aca asabwa gufunga amezi abiri akurikirana. Iyo naho adashoboye ayo mezi abiri akurikirana, asabwa kugaburira abakene mirongo itandatu. Vyose iyo bimunaniye, arababarirwa. Mu gihe naho vyoboneka ko yabanje kurangura amabanga y'abubatse rimwe, hanyuma akayarangura ubugira kabiri atarariha n'ico gihano ca mbere, asabwa kuriha kimwe gusa. Ariko yari yamaze kuriha, akongera agasubira kurangura amabanga y'abubatse, aho asabwa kuriha kandi kurya bitondekanije. Kandi ayo makosa aragira uwo wese yayakoze azi neza ko kuri we ari itegeko gufunga. Uwatevye kuriha amadeni ku mvo zitamuvuyeko kugera naho iyindi Ramazani imusanga uko, nta kindi atari ukuriha. Iyo abiretse araheza akarisha umukene umw'umwe ku musi hamwe no kuriha. Ariko kandi, mu gihe ryoba ari ideni ryo gufunga yasezeraniye Allah (Nadhru), uyundi arashobora kumufungira, kuko n'uko bimeze ko isezerano ryose ryubahirizwa.

ICIGWA CA MIRONGO ITANU NA GATANDATU: **الدَّرْسُ السَّادِسُ وَالْخَمْسُونَ**

UMURYANGO UVUGA IVYONONA AMAPFUNGO: **بَابُ مَا يُفْسِدُ الصَّوْمَ**

Uyo wese ariye canke akanywa canke agashikana ikintu mu muhogo wiwe AWISTAQAA-A FAQAA-AN, canke akisohora intanga canke agasomana canke agakaresanya hanyuma akisohorerako canke akaraba canke kugera naho asohora canke akirasaga mu kwirumika ibigirankana kandi yanavyibutse ko afunze, abo bose amafungo yabo arapfa. Mugabo hagize uwubikora k'ukwibagira canke ahahirijwe, amafungo yiwe arabandanya. Bishitse naho isazi canke ivumbi bikamwinjira mu muhogo canke mugucuragurira amazi mu kanwa no mu mazuru agaca amushika mu muhogo canke akiyumvira kugera aho asohora canke akava amaraso makenya canke akirotera canke imise ikamubangamira, ivyo vyose ntabwo amafungo apfa. Hanyuma uwariye azi ko butaraca, agasanga ni ku murango, uwo musu azowuriha. Nayo uwariye yikeka ko umutwenzi utarabanduka, ntabwo amafungo yononekara. Ariko afunguye yikeka ko izuba ryarenze, uyo azoriha.

ICIGWA CA MIRONGO ITANU N'INDWI: **الدَّرْسُ السَّابِعُ وَالْخَمْسُونَ**

UMURYANGO UVUGA AMAPFUNGO YA SUNNA: **بَابُ صِيَامِ التَّطَوُّعِ**

Amafungo meza aruta ayandi, ni amafungo ya Dawudi (Imana Allah Imuhe amahoro), yahora afunga umusi, akongera agafungura uyundi. Kandi ayandi mafungo aruta ayandi havuyemwo iry'itegeko ry'Iramazani, ni ukwezi kw'Imana Allah yita Muharramu. Ikindi naco, nta yindi misi irangwamwo ibikorwa vyiza bishimwa ku Mana nk'imisi cumi yo mu kwezi kwa cumi na kabiri (Dhul-Hijjat). Kandi uwuzopfunga ukwezi kw'icenda (Iramazani), hanyuma agakurikizako imisi itandatu yo mu kwezi kw'icumi (Shawwali), uyo azoharurirwa ko yapfunze umwaka wose. Amafungo yo ku musu wa ('Aashuurau), abonekamwo ikigongwe c'umwaka wose. Amafungo yo k'umusi w'icenda (Arafat) mu kwezi kwa cumi na kabiri, abonekamwo ikigongwe c'imyaka ibiri, kandi si vyiza ko umuntu ari ahantu hitwa Arafat ko apfunga. Ahubwo ni vyiza gupfunga imisi y'umwakaka (Ayyamul Biidw), no kuwa mbere hamwe no kuwa kane. Uwapfunze Sunna niwe ategeka umutima wiwe, kuko ashatse yobandanya apfunga canke agafungura kandi ntagire ico abazwa. Kandi uko niko bimeze kuri buri Sunna iy'ari yo yose kiretse Hijja na Umra niho bisabwa ko bikwizwa hamwe no kuriha ivyononekayemwo. Vyongeye, Intumwa y'Imana (Imana Allah Imuhe amahoro n'imigisha) yarabujije ugupfunga muri iyi misi ibiri; Ku musu mukuri w'Ilaidi ntoyi n'Ilaidi nkuru, yongera abuzaga gupfunga imisi itatu ikurikira Ilaidi nkuru atari uko horoherejwe uwo mu mugwi w'abakoze Hijja ya Tamatuu' nawe nyene mu gihe yabuze imbagwa atanga. Kandi (ni Sunna) Lailatul Qaderi kuyironderera mu misi y'ibiharwe ya nyuma mu kwezi kw'Iramazani.

ICIGWA CA MIRONGO ITANU N'UMUNANI: **الدَّرْسُ الثَّامِنُ وَالْخَمْسُونَ**

UMURYANGO UVUGA GUCUMBIKA MU MUSIGITI (ITIKAAF): **بَابُ الْإِعْتِكَافِ**

Ni ukwigumira mu Musigiti mu kwiyegezeza Imana Allah Nyenicubahiro. Ico gikorwa (ca Itikafu) kandi ni Sunna, ntigishobora kuba itegeko atari kuwagisezeraniye Imana. Kandi birarekuriwe ku mugore mu musigiti uwo ari wo wose kiretse umusigiti w'inzu yiwe. Ikindi naco, n'uko bitemewe ku mugabo kiretse ku musigiti usengerwamwo Jamaa, mu gihe naho iyo Itikafu yoyikorera ku musigiti usengerwamwo Ijumaa nivyo vyiza gusumba. N'uwuzosezeranira Imana Allah, ko azokorera Itikafu yiwe canke isengesho mu musigiti uwo ari wo wose, ararekuriwe ico gikorwa mu yindi misigiti kiretse (yavuze) muri iyi misigiti itatu. Kuko yazirikanye umusigiti w'I Makka, ategerezwa kubikora. Ariko azirikanye kuzokorera ku musigiti w'I Madina, ararekuriwe gukorera k'uw'I Makka. Nayo azirikanye gukorera Itikafu yiwe ku Musigiti w'I Yerusalem, arashobora guhitamwo hagati y'uwo n'uw'I Makka. Birabereye cane ko uwuri kuri Itikafu yokwitwararika ibikorwa vyo kwiyegezeza Imana Allah hamwe no kwiyegeza kure n'ibitamuraba haba mu mvugo no mu ngiro. Kandi ntihagire ikimwononera Itikafu yiwe muri ivyo bintu. Kandi ntihagire ikimukura mu musigiti kiretse bibaye ngombwa, ntarekuriwe kuryamana n'umugore, bamuciyeko naho mu kumubaza ivy'umurwayi mugabo ntamuvure canke n'ibindi bomubaza, birarekuriwe.

IBISABISHO VYO KUNINAHAZA: **الأذكار**

[ICIGWA CA MBERE]: **[الدَّرْسُ الْأَوَّلُ]**

IGISABISHO C'UWUVUYE MW'ITIRO: **أَذْكَارُ الْأَسْتِيقَاطِ مِنَ النَّوْمِ:**

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَحْيَانَا بَعْدَ مَا أَمَاتَنَا وَإِلَيْهِ النُّشُورُ.

ALHAMDU LILLAHI LLADHII AHYAANAA BA`ADA MAA AMAATANAA WA-ILAIHI NUSHUUR.

Insiguro: ((Ugushimagizwa n'ukw'Imana Allah Yo Iduhaye ubuzima, inyuma y'uko Yari Yabutwatswe, kandi Niyo izozura))).

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي عَافَانِي فِي جَسَدِي وَرَدَّ عَلَيَّ رُوحِي، وَأَذِنَ لِي بِذِكْرِهِ.

((ALHAMDU LILLAHI LADHII `AAFAANII FII JASADII, WARADDA `ALAYYA RUUHII, WA-ADHINA LII BIDHIKRIH)) Insiguro: ((Ugushimagizwa gukwiye n'ukw'Imana Allah, Yo Insubije amagara mu kibiribiri canje, Ikansubiza n'umushaha wanje, ikaba kandi Inshoboje kuyininahaza))).

IGISABISHO KIVUGWA MU KWAMBARA IMPUZU NSHASHA: **دُعَاءُ لُبْسِ الثَّوْبِ الْجَدِيدِ**

اللَّهُمَّ لَكَ الْحَمْدُ أَنْتَ كَسَوْتَنِيهِ، أَسْأَلُكَ مِنْ خَيْرِهِ وَخَيْرِ مَا صُنِعَ لَهُ، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ شَرِّهِ وَشَرِّ مَا صُنِعَ لَهُ.

((ALLAHUMMA! LAKAL- HAMDU AN-TA KASAWTANIIHI, ASEALUKA MIN KHAIRIHI WAKHAIRI MAA SWUNI`A LAHU, WA-A`UUDHU BIKA MIN SHARRIHI WASHARRI MAA SWUNI`A LAHU))).

Insiguro: ((Mana! Ugushimagizwa n'ukwawe Wewe unyambitse, ndagusavye ivyiza vyayo (iyi mpuzu) hamwe n'ivyiza yahinguranwe, nongera nikinga kuri Wewe undinde ingorane zayo n'ibibi yakoranwe))).

[ICIGWA CA KABIRI]: **[الدَّرْسُ الثَّانِي]**

IGISABISHO KIVUGWA MU KWINJIRA MU KASURWUMWE: **دُعَاءُ دُخُولِ الْخَلَاءِ**

بِسْمِ اللَّهِ، اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنَ الْخُبْثِ وَالْخَبَائِثِ.

((BISMILLAAH. ALLAHAHUMMA! INNII A`UUDHU BIKA MINAL- KHUBUTHI WAL-KHABAA-ITHI))).

Insiguro: ((Kw'izina ry'Imana Allah. Mana! Mu vy'ukuri, jewe ndakwikinzeko unkingire ibibi vy'ibihume mu Majini))).

IGISABISHO KIVUGWA MU GUSOHOKA MU KASURWUMWE: **دُعَاءُ الْخُرُوجِ مِنَ الْخَلَاءِ**

((GHUFRAANAKA)) **غُفْرَانَكَ.**

Insiguro: ((Mbabarira Mana!))).

IGISABISHO KIVUGWA IYO UMUNTU AHEJEJE GUKARABIRA ISENGESHO: **الدَّكْرُ بَعْدَ الْفَرَاغِ مِنَ الْوُضُوءِ**

أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا ﷺ عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ.
اللَّهُمَّ اجْعَلْنِي مِنَ التَّوَّابِينَ وَاجْعَلْنِي مِنَ الْمُتَطَهِّرِينَ.

